№45 (19878) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

17 ноябрь 2023 с. рузман

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## ЧIикIаб хIорихъа лъим чанго шагьаралъе гIела



15 ноябралда ДРялъул бетIер Сергей Меликов щвана Буйнакск районалъул ЧIикIаб росулъе.

Гьениве унелъул, республикаялъул бетIерас вертолёталдасан балагьун халгьабуна «ЧIикIаб-МахIачхъала-Каспийск» лъим бачунеб рахъалъул. Гьеб проект гIумруялде бахъинабун хадуб республикаялъул цо-цо шагьаразде щвезе буго киналго тIалабазда рекъон бацIцIад гьабураб лъим. БацIцIадаб лъедалъун хьезавизе вуго 900 азарго чи.

ЧIикIасезул лъим цIунулеб бакIалдаса Каспийск шагьаралда бугеб «Рыбье озеро» абулеб бакIалде щвезегIан 80 километр манзилалъул ва 176 000 куб. лъел мухъ балеб буго республикаялда. Каспийскиялъе ва МахIачхъалаялъе гуребги, аскIор ругел росабазе ва Избербаш шагьаралъеги гIолин гьеб лъимилан бицана гьеб къоялъ тIобитIараб дандельиялда.

Жакъа лъим бачунеб бакIалда хIалтIулеб буго 70 техника ва 100-ялдаса цIикIкIун хIалтIухъан. «ЧIикIаб-МахIачхъала-Каспийск» лъим бачун лъугIизабизе буго 2025 соналда.

Хадув республикаялъул бетIер щвана лъим бачине байбихьулеб бугеб бакIалде, ай ЧIикIаб росулъе.

*(Хадусеб 12-13-аб. гьурмазда)*

ДАНДЧIВАЙ

## Академик ва чемпион

Хамиз къоялъ академик Шамил ГIалиевасухъ гьоболлъухъ вукIана нилъер ракьцояв, БахIрейналъул эркенаб гугариялъул рахъалъ тIасабищараб командаялда гъорлъ цеве вахъунев дагъистанияв, Азиялъул ва Дунялалъул чемпион АхIмад Тажудинов.



АхIмад ккола Хьаргаби росулъа. ГьитIинго байбихьана гьес спортивиял секциязде хьвадизе. ТIоцевесев тренер вукIана ХIусен ХIамзатов. Гугариялде гьесул бугеб рокьи-шавкъги бихьун, АхIмадил эбел-эменги тренерги МахIачхъалаялде гочана. Шагьаралда гьес байбихьана ГI. СагIадулаевасул цIаралда бугеб спортивияб школалде хьвадизе, гьенив гьесул тренер вукIана Шамил ГIумаров.

2022 соналда АхIмадица байбихьана 97 кг цIайиялда гугаризе ва Дагъистаналъул, СКФОялъул, Россиялъул чемпионазда призерлъунги вахъана.

Исанайин абуни Белградалда тIоритIарал къецазда гьес меседил медаль босана.

ЮБИЛЕЙ

## «Гъуниб» - 100 сон

### 1923 соналъул анкьабилеб ноябралда къватIибе бачIана «Гъуниб» газеталъул тIоцебесеб номер

Районалъул газета биччазе байбихьаралдаса исана 100 сон тIубаялда бан, Гъуниб тIобитIана байрам. Гьелде хIадурлъи гьабун букIана тIолалго росабазул жамагIатаз, ва байрам тIобитIулеб 10 ноябралдаго райцентралъул майданалда жидерго чадрал эхетана ЧIохъ, БацIада, Сугъралъ ва цогидалги росабазул вакилзабаз. Руччабигун бихьинал рукIана миллияб ретIелгун ва ахIулел рукIана халкъиял кучIдул.

Байрамалда гIахьаллъизе рачIана цогидал бакIазда гIумру гьабун ругел гъуниселги батIи-батIиял бакIаздаса гьалбалги. ХIатта рачIун рукIана Турциялдаса магIарулазул наслабазул ирсилаллъун кколел Шагьабудин Озден, Фахрудин Атаман, Оргьан Карадогъани гIадал чагIи. Гьел Дагъистаналде рачIунги рукIана «Гъуниб» газеталъул бетIерав редактор МухIамад Къебедовасул гьариялда рекъон.

*(Хадусеб 12-13-аб. гьурмазда)*

ЛЪУГЬА-БАХЪИН

## Дагъистаналъулаб шрифталда хъвараб Къуръан



4 гьум. >>>

# ЧIикIаб хIорихъа лъим чанго шагьаралъе гIела

### ЖамагIаталъулгун дандчIвай

Сергей Меликов дандчIвана ЧIикIаб росдал жамагIатгун, халгьабуна балеб бугеб школалъухъ. Росу цебетIеялъе гIоло тIуразе кколел масъалабиги рехсана.

Гьединго тIобитIана ЧIикIаб росу цебетIезабиялъул хIакъалъулъ бицунеб данделъиги. Гьелда гIахьаллъана жамагIаталъул вакилзаби. Росу лъедалъун ва газалдалъун хьезабиялъул, социалияб бакIал раялъул, къватIалгун нухал къачIаялъул хIакъалъулъ суалал рорхана чIикIасезулгун тIобитIараб данделъиялда.

*проектал рукIине ккола нилъерго халкъалъе пайдаяллъун. Гьеб буго дир аслияб нух»*, - ан лъазабуна Сергей Меликовас.

Данделъиялда чIикIасезул жамагIаталъул вакилзабаз суалал кьолел рукIана республикаялъул бетIерасе ва ДРялъул ралел бакIазул министр Артур Сулеймановасе.

### Лъим бачин

«2020 соналда 50 миллионалде лъим бачине хIисабалде босун букIараб проект нахъбахъун букIана нижеца. Гьеб мехалдаго, гьеб гIарцуда рекъараб хIалтIиги гьабун лъим бачун букIарабани,



гьоркьоб заман балелдего къине рес букIана. Щайгурелъул, 50 миллионалде лъим бачине гIуцIараб проекталда рекъон, лъим рогIразухъан чвахулеб букIинаан, ахир-къадги гьезда жаниб щалайги къан бацинегIан. Нижеца хIукму гьабуна ЧIикIаб росдае цогидаб, жеги лъикIал къагIидаби хIалтIизарулеб проект хIажат бугин абун.

ЦIияб проекталда рекъон, ЧIикIабе лъим бачиналъул багьа бахана 50 миллионалдаса 450 миллионалде. Гьабулеб мехалда, лъикIаб даражаялда гьабун лъикI», - ан абуна Сергей Меликовас чIикIасезулгун тIобитIараб данделъиялда.

ЧIикIаса лъим бачунеб буго республикаялъул инвестициязулаб программаялда рекъон. Гьеб гIумруялде бахъинабизе буго 2024 соналъул ахиралде щвезегIан.

ЧIикIасез республикаялъул нухмалъулесе росдае квербакъи гьабулеб букIиналъухъ баркалаги кьуна. Гьес абуна рехсарал проектал гIумруялде рахъинарулаго чIикIасезе кинабгIаги квалквал ккезе тезе гьечIин.

*«Дубкиялдаса ЧIикIабе щвезегIан бакI, Гъизилюрт ва Буйнакск туризмалъулаб бакIлъун рикIкIуна. Гьениб дагь-дагьккун туристазе бакIалги гIуцIизе руго. Дие, тIоцебесеб иргаялда, кIвар бугеблъун ккола нилъеца республика дагъистаниязе гIоло цебетIезаби, гьелдаса хадуб туристазеги. Киналго*

### Газ

ЧIикIаб росдаца газ хIалтIизабула 1993 соналда бараб газалъул мухъалдаса. Росу кIодолъиялда бан, гьеб гIолеб гьечIо, хасго квачараб заманалда. Гьениб жеги тIаде цоги рогIоро лъун яги бугеб гIатIид гьабун газ цIикIкIинабизе лъикIаблъун бихьизабуна.

Республикаялъул бетIерас хIукуматалда тIадкъана, ЧIикIаб росу газалдалъун хьезабиялъе, 2024 соналъул бюджеталдаса гIарац бихьизабеян абун.

### Социалияб бакIал рай

ЧIикIаб росулъ буго кIиго школа. Росдал гIадамазул ва республикаялъул бетIерасул рагIабазда рекъон, гьенир киналго цIалдохъабазе бакI гьечIо, къваридал руго. Гьелда бан чIикIасез цебегIанги гьарун букIана росулъ базе байбихьун букIараб 320 цIалдохъанасе гIолеб школа баялъул хIалтIаби цIигьаризе. Гьединго цIияб лъималазул ахги базе хIажат бугин абураб суал борхана данделъиялда. Жакъа къоялда, школалде иналде цебесеб ригьалъул 1500 лъимер буго ЧIикIаб росулъ, амма гьезда гьоркьоса 400 лъимадуе гурони гIураб гьечIо росулъ бугебги лъималазул ах. Сергей Меликовасул тIадкъаялда рекъон, гьел мурадазе гIоло, республикаялъул 2024 соналъул бюджеталдаса гIарац бихьизабизе буго.

«Росулъ цоги цIияб школа базе ккола. ЦебегIанго, школаялъеян абун базе байбихьун букIараб минаги цогидаб мурадалъе гIоло хIалтIизабизе бегьула. ЛъикIаб букIинаан, школаги лъималазул ахги цадахъ бугеб лъай кьеялъулаб кIудияб центр базе бакI тIаса бищун нужеца бихьизабуни. Гьелда рекъон, 2024 соналда бахъила проектги, 2026 соналда бан лъугIизабила лъай кьеялъулаб центрги», - ян абуна Сергей Меликовас.

***П. СУЛТIАНОВА***

# Канлъукъазул къоялде

13 ноябралда Дагъистаналдаги кIодо гьабуна Халкъазда гьоркьосеб канлъукъазул къо. ДРялъул ЗахIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъул гIемерисел социалияб идарабазда гьеб къоялъул хIурматалда тадбирал тIоритIана. Каспийск шагьаралъул социалияб хъулухъалъул идараялъги жидерго къайимлъиялда вугев 15 къанлъукъав чиясе гурхIел-рахIмуялъулаб тадбир тIобитIана.

Тадбиралда гIахьаллъана Каспийск шагьаралъул инвалидазул тIолгороссиялъулаб жамгIияталъул председатель ПатIимат ГьитIинамухIамадова ва канлъукъазул тIолгороссиялъулаб жамгIияталъул бакIалъулаб гIуцIиялъул председатель Къурбан Саламов.

* * *

«ИхIсан» абураб лъай кьеялъулгун реабилитациялъул центр республикаялда хIалтIулелдаса щуабилеб сон буго. Гьениб исламияб лъай кьола дагъистаниязе гурееби, улкаялъул батIи-батIияб регионаздасаги къанлъукъал лъималазе.

Халкъазда гьоркьосеб канлъукъазул къо кIодо гьабун «ИхIсан» централда цIалулезе байрам тIобитIана. Централъул цIалдохъабазухъе щвезе рачIана ДРялъул муфтиясул гIакълучIужу ГIайнаъ ХIамзатова, Халкъияб Собраниялъул депутат ХIажимурад МухIамадов, жамгIиял хIаракатчагIи.

Канлъукъал гIадамазда Къуръан цIализе малъулеб ва светияб лъай кьолеб центр рагьана Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-афандил хIаракаталдалъун. «ИхIсан» беццазе ва канлъукъазе цIалулгун реабилитациялъулаб централъул директор ПатIимат ХIамзатовалъ бицухъе, республикаялда гьединазда Къуръан цIализе малъулеб бакI ва тIахьал гьечIин абун, кумек гьарун рачIунаан гIадамал диниял идарабазде. Жакъа централда цIалулев вуго 25 чи. Гьенире цIализе рачIине бокьаразул къадар цIикIкIараб бугониги, «ИхIсаналъул» директоралъ бицухъе, киназего гуро рес щолеб буго бакI къваридаб букIиналъ.

## Лъугьа-бахъунелда хадуб халкквей

АрбагI къоялъ ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана Дагъистаналъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул советалъул данделъи.

Гьенир рорхана гIемертIалаял минаби ва цогидалги бакIал раялда хадуб регионалияб пачалихъияб халкквей букIиналъул ва информациялъулаб бутIаялда хIинкъи кьеялда хадуб хъаравуллъи ккеялъул хIакъалъулъ суалал.

Данделъи рагьулаго, С. Меликовас абуна батIи-батIиял данделъабазда цо нухалда гурин нилъеца бутIадулаб (долевое) бакIал раялъул суалал рорхулел ругелилан. Ихтиярал цIуниялъул гIуцIабазулги бакIалъулаб нухмалъиялъулги цоцалъ рекъон, дандбараб хIалтIи букIине кколин абуна гьес. Гьеб рахъалъ ДРялъул БакIал раялъул министерствоялъ кIудияб хIалтIиги гьабулебги бугин.

БакIал ралеб министерствоялъул нухмалъулев Артур Сулеймановас абуна 2019 соналде щвезегIан минаби раялъул кооператив букIанин бутIадулаб бакIал раялъулъ официалияб формалъун. Амма №214 ФЗялда («Об участии в долевом строительстве многоквартирных домов и иных объектов недвижимости и о внесении изменений в некоторые законодательные акты Российской Федерации») тIадежураял гьарун хадуб бакIал раялъул гьеб формаялъул къимат хванин ва цо-цо застройщиказ гьеб законалда гьарурал хиса-басиязул хIисабго гьабуларин абун.

ХIукуматалъул данделъиялда нилъеца гIемераб бицуна налог кьеялъул рахъ рагIдукь хутIулеб бугин абун. Гьеб законалъ квербакъула гьабулеб ишалъулъ тIаде бачIараб ва тIаса араб гIарац кигIан бугебали лъазеян абуна министрас.

«Законалда нахъги рильъун бакIал разе байбихьаразе, ихтиярал щваразе яги судалъ изну къуразе нижеца кIвараб кумек гьабизе буго. Амма изну гьечIого, ихтиярлги хвезарун бакIал ралел ругезе тамихI гьабизе буго», - ян абуна А. Сулеймановас.

ДРялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул советалъул секретарь МухIамад БагIачиловас абуна аэропорталда ккарал лъугьа-бахъиназдаса хадуб социалияб гьиназде лъикIал гурел баянал рехиялда хадуб халкколеб бугин.

ДРялъул бетIерасул пресс-хъулухъалъул ва информациялъулаб политикаялъул управлениялъул нухмалъулев Александр Кургеняница бицана социалияб гьиназда хадуб сордо-къоялъ халкколеб ва хIалтIи гьабулеб тартиб чIезабун бугилан.

ДРялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министр Энрик Муслимовас бицана жидерго гIуцIиялъ тIоритIарал тадбиразул.

«ТIадегIанал цIалул идарабазда гIолилазулгун хIалтIи гьабулеб буго. Гьелъ рес кьола гьезул гIамал-хасият лъаялъе ва хадубккун гьезулгун хIалтIи гьабиялъе», - ян абуна ДРялъул лъай кьеялъул министр ЯхIя Бучаевас.

Спорталъул министр Сажид Сажидовасул пикруялда рекъон, спортивиял школазда гIолилалгун, спортсменалгун дандчIваял тIоритIула ва гьезул лъикIал хIасилалги ккола.

***ДРялъул бетIерасул пресс-хъулухъ***

# «Север-Юг» транспорталъул бухьен ва цифровизация

## Каспиялда сверухъ ругел пачалихъазул экономикаялъе кӀвар бугеб проекталъул бицана «Москваялда»

**16 ноябралда Каспийскиялда, «Москва» кинотеатралда тӀобитӀана халкъазда гьоркьосеб «Цифровой форум - 2023» абураб тадбир. Россиялъул регионаздаса гӀемерал гьалбалги гӀахьаллъараб кӀудияб данделъи букӀана гьеб.**

**Форумалда гӀахьаллъи гьабуна гьединго Иранаалъул бухьеназулгун информациялъулал технологиязул цебетӀеялъул рахъалъ министрасул заместитель Мейсам Абедицаги, СКФОялда вугев президентасул вакил Юрий Чайкал заместитель Владимир Недыктоцаги, Евразиялъул халкъазул ассамблеялъул генералияв секретарь Андрей Бельяниновасги.**




Нилъер республикаялда тӀоцебесеб нухалда тӀобитӀулеб буго гьединаб тадбир.

Федералияб даражаялъул проект – «Север-Юг» абураб транспорталъулаб коридоралда гьоркьоб кӀудияб бутӀа ккола гьеб дандерусиналъ. Гьедин бицана форумалда кӀалъалаго республикаялъул нухмалъулев Сергей Меликовасги. Гьеб ритӀухъ гьабуна тӀаде рачӀарал гьалбадерицаги.

Официалияб бутӀа лъугӀун хадуб Сергей Меликовасги, «Key Point Group» ОООялъул генералияв директор Евгений Вирцерицагун ва «Неорос» ОООялъул генералив директор МухӀамад ГӀалихановасги къотӀи-къай гьабуна нилъер республикаялда баянал данде ракӀарулеб ва гьезул хӀалтӀи гьабулеб центр рагьизе. Гьеб центр бан лъугӀизабизе ракӀалда буго 2027 соналда.

Каспийскиялда тӀобитӀулеб гьеб форум халатбахъине буго кӀиго къоялъ. Гьелъул хӀакъалъулъ нижеца бицина газеталъул хадусеб номералдаги.

*Ашахан ЮСУПОВ*

# МГУялъул ректорасулгун дандчӀвай

**Дагъалъ цеве гӀалимчи, торпедабазул яргъил рахъалъ академик Шамил ГӀалиев дандчӀвана Михаил Ломоносовасул цӀаралда бугеб Москваялъул пачалихъияб университеталъул ректор Виктор Садовничийгун. Гьез бицана гьаб заманалда кӀвар бугел жамгӀиялгун политикиял масъалабазул хӀакъалъулъ.**



В. Садовничийги Ш. ГӀалиевги дандчӀвана университеталъул цӀияб интеллектуалияб централда.

Ш. ГӀалиевасулги МГУялъулги бухьен буго 40 соналъ: рагъулабгун промышленнияб комиссиялъул ихтиаралда рекъон, гӀалимзабазе (гьезда гьоркьоб Ш. ГӀалиевасеги) ихтияр къун букӀана цебечӀараб масъала тӀубазабулаго, МГУялъул гӀалимзабазулгун гӀакълу дандбазе. Гьединаб дандчӀвай букӀана, масала, Дагъистаналда букӀараб РАНалъул филиалалъул президентлъун вукӀарав ХӀабибуллагь ГӀамирхановасулги академик Яков Зельдовичасулги. «Гьесухъа бажарулаан бокьараб масъала тӀубазабиялъе нух батун. Зельдович вукӀана тӀадегӀанаб лъай щвечӀев академик, амма лъай букӀана къанагӀатаб. ГӀолохъанаб заманалдаго гьес хъвараб «Теория ударных волн и введение в газовую динамику» абураб гӀелмияб хӀалтӀи жеги рикӀкӀуна бищун лъикӀаб тӀехьлъун», - ан ракӀалде щвезабуна Шамил ГӀалиевас.

Гьев гӀемер дандчӀвалаан МГУялъул гидромеханикаялъулгун механикиябгун математикаялъул факультеталъул кафедраялъул нухмалъулев, академик Леонид Седовгун, дифференциалияб геометриялъул ва топологиялъул кафедраялъул нухмалъулев, академик Петр Рашевскийгун ва цогидал гӀалимзабигун.

ГӀалимзабазулгун тӀобитӀараб дандчӀваялъул хӀасилалда хӀукму гьабуна гӀолохъанал гӀалимзабазул гӀахьаллъигун гӀелмияб дандеруссин тӀобитӀизе.

*МадихӀат ХӀАЖИЕВА*

# Расул ХӀамзатовасул тӀадегӀанал цӀваби

**Гьединаб цӀаралда гьоркь 15 ноябралда МахӀачхъалаялда тӀобитӀана Расул ХӀамзатов ракӀалде щвезабиялъул тадбир. Гьеб хӀадурана ва нухда бачана Миллияб библиотекаялъул гӀагараб ракь лъазабиялъулгун миллияб адабияталъул отделалъул нухмалъулей ПатӀимат МуртазагӀалиеваль.**



«Расул ХӀамзатовасул поэзиялъ бицунеб буго гӀакъилльиялъул ва бахӀарчилъиялъул, божилъиялъул ва лъикӀлъиялъул хӀакъалъулъ. Гьелъ инсан тӀамула гӀумру бокьизе, букӀинеселде хьул лъезе. ГӀумруялъул берцинлъи бергьуна бецӀлъиялда тӀад – гьеб буго шагӀирасул творчествоялъул аслияб пикрабазул цояблъунги.

Нилъеда лъала Расул ХӀамзатовасул прозаги, поэзияги, публицистикаги. ШагӀирасул асаразулъ загьирлъулеб буго гӀадамазде рокьиги, гӀумру гьабулеб бакӀалъе ритӀухълъиги, умумузул гӀадатазул адаб гьабиги, некӀсияб тарихалъул къучӀалда метерисеб къоялъул пикру гьабиги», - ян бицана тадбир рагьулаго, П. МуртазагӀалиеваль.

Миллияб библиотекаялъул директорасул заместитель Сарат ЖабрагӀиловалъ бицана, Расулил юбилей кӀодо гьабиялда бан, 2023 соналда библиотекаялда гӀуцӀун рукӀарал тадбиразул хӀакъалъулъ. Гьезда жигараб гӀахьаллъи гьабурал лъималазеги чӀахӀиязеги баркалаялъул кагъталги къуна гьелъ. ЦӀунтӀа, ГъарабудагъкентӀ, Гьзизилюрт ва Казбек районазул библиотеказе гьелъ къуна РФялъул Культураялъул хӀалтӀухъабазул профсоюзазул рахъалдаса рачӀарал ХӀурматалъул грамотаби.

ШагӀир ракӀалде щвезабиялъул тадбиралда цӀалана гьесул асаралги. Тадбиралъул гӀахьалчагӀазе кӀудияб асар гьабуна ИбрагӀим МухӀамаднабиевас ва ЖабрагӀил Дахтуевас цӀаларал кучӀдузги Расул ХӀамзатовасулгун рукӀарал дандчӀваязул хӀакъалъулъ бицараб хабаральги.

Дагъистаналъул халкъияй шагӀир Сабигат МухӀамадовалъ цӀалана Расулиде гьабураб жиндирго кечӀ. Библиотекаялъул хӀалтӀухъан ПатӀимат ХӀажиевальги цӀалана шагӀирасул асар. Гьоркьо-гьоркьоб биччалеб букӀана, архивалъул баяналги видеохъвай-хъвагӀаялги хӀалтӀизарун, краеведениялъул отделалъ хӀадурараб видеоролик. Гьелдаги бицунеб букӀана шагӀирасул гӀумруялъулги, творчествоялъулги, цӀалдолезулгун рукӀарал дандчӀваязулги хӀакъалъулъ.

Тадбиралъул гӀахьалчагӀазда рагӀана шагӀирасул чӀагояб гьаракьги.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Дагъистаналъулаб шрифталда хъвараб Къуръан

**14 ноябралда «Гьудуллъиялъул рокъоб» тIобитIана квералъ хъвараб Къуръаналъул цебелъей. Тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-афанди, ДРялъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министр Энрик Муслимов, Гъарабудагъкент районалъул бетIер МахIмуд ГIамиргIалиев, «Президентасул курсалъул рахъкквей» абураб жамгIияб гIуцIиялъул председатель Шамсудин Асламханов, «Муслимат» абураб руччабазул жамгIияб гIуцIиялъул вакилзаби, гIалимзаби, диниялгун жамгIиял хIаракатчагIи ва гIолилал.**

**Цебегоялдаса нахъе Дагъистаналда загьирлъун букIинчIо квералъ Къуръан хъваялъул хIужа. Гьале гьанже гьеб баракатаб ва захIматаб хIалтIи гьабуна Гъарабудагъкент районалъул Параул росулъа художник-каллиграф Сулейман ГIаширгIалиевас. Гьевги гьесул хIалтIиги кIодо гьабизе «Гьудуллъиялъул рокъове» вачIун вукIана азаргоялдаса цIикIкIун чи.**



## Азарго чияс гIахьал гьабураб байрам

*«Азаргоялдаса цIикIкIун чи вачIун вуго жакъа гьаниве гьаб къанагIатаб, хIикматаб хIалтIи гьабурав Сулейман-хIажиясул хIурматги гьабун.*

*Баркала буго республикаялъул муфти, шайих АхIмад-афандиеги. Кинаб хIал бугониги, захIмалъи-къварилъи бугеб бакIалда, халкъалъул хIалкъараб мехалда бищун цеве эхетула гьев. Гьедин ккана аэропорталда ккарал лъугьа-бахъиназул заманалдаги.*

*Баркала буго гьаб цебелъей хIадурараб гIуцIиялъул комитеталъе, гьелъул нухмалъулев Шамсудин Асламхановасе. Аллагьас киназего алжаналъул нигIматал къачIан ратаги, нилъер дунялалдаго рекъелги даимлъаги»*, - ян абуна **Энрик Муслимовас**.

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, Миллияб политикаялъулги, жамгIиялгун диниял гIуцIабазулги ва парламентазда гьоркьосел бухьеназулги комитеталъул председатель Фирудин Ражабовас абуна: *«Къуръаналъул кьучIалда лъималазе тарбия кьолаан нилъер умумуз. Гьединлъидалин цIунун хутIун ругел хъизамалъулги, лъикIлъи-квешлъиялъулги ва гIаданлъигун яхI-намусалъулги къанунал. Нилъеца адаб гьабула нилъер гIадатазулги диналъулги. Дагьалъ цебе нилъеда бихьана батIи-батIиял улкабазда Къуръан хIакъир гьаби – гьел ккола нилъер ватIаналде ва нилъер диналде рокьукълъи бугел улкаби. Амма дун хагазавуна Россиялъул регионалдаги гьединаб хIужа такрарлъиялъ. РакIчIун лъала: гьеб хIужа кколаро халкъалъулго пикру загьир гьаби. Гьединлъидал нилъ рукIине ккола сабуралда, гIалимзабазги муфтиясги малъарабги гьабун»*, - ан.

## Наибзабазул наслуялъул вакил

Къуръан хъварав Сулейман-хIажил гIумруялъул хIакъалъулъ бицана гьесул гьудул, захIматалъул ветеран Жанбег Жамалдиновас. *«Сулейман-хIажил тухум ккола Шамил имамасул наибзабазул наслуялдаса. Гьезул рукIана машгьурал цIулал устарзаби, гьабулаан гьез ярагъги. Сулейманил гьитIинго рокьи бижана сурат бахъиялде. Инсуца гьесда малъана цIулал устарлъиги, махх къачIазеги, гамачI бекIкIизеги. 1980 соналда, росдал школаги лъугIизабун, Сулейман цIалана ДГПУялъул художествиябгун графикияб факультеталда. 1985 соналдаса нахъе хIалтIана росдал школалда рисованиялъул, черчениялъул ва захIматалъул дарсазул учительлъун. Ячана лъади, гьавуна лъабго вас. КIудияв вас вуго хIафиз, кIиабилев – инсул нухккурав ва лъабабилевги – пагьмуяв чи.*

*32 соналда жаниб Сулейманица хIадурана ва гIумруялде бахъинабуна заназда хъвай-хъвагIай гьабиялъул нусгоялдаса цIикIкIун проект. Гьебги – каллиграфияги цIунун. Гьесда кутакалда лъикI лъала Къуръанги гIараб мацIги. Квералъ Къуръан хъвазе гьесда ракIалде ккана ГIумарасхIабасул Къуръан бихьун хадуб»*, - ан бицана гьес.

Квералъ хъвараб Къуръаналъул роцен буго **150х75** см, гьелъул цIайи бахуна **38** килоялде. Гьеб хъван буго цIакъ къанагIат гурони щолареб кагътида ва берцинго къачIараб хасаб шрифталъ. С. ГIаширлаевас Къуръан хъванаункъогун бащдаб моцIида жаниб. Гьес бицана, Къуръан хъвалаго дандчIварал масъалабазулги, гьел тIуразариялъе кумекалъе ратарал гIадамазулги хIакъалъулъ. *«Берцинго хъвазе ккола Аллагьасул калам, Къуръан. Каллиграфиялъе кивниги цIаларав чи гуро дун. Аллагьас кьураб гьунар буго гьеб. Дунялалда тIадго буго каллиграфиялъул анлъго тайпа. Бищунго берцинаблъун рикIкIуна куфиязул шрифт. Берцинал шрифтал сулюсги насхIги кьочIое росун, дица хъвана Къуръан ва гьелда бокьун буго «Дагъистаналъул шрифт» абураб цIар лъезе.*

*ГьитIинго бокьун букIана дие Къуръан хъвазе. Амма хIинкъун вукIана: дагьабниги мухъ халалъизабуни, кколареб бакIалда тIанкI лъуницин гьеб ккола кIудияб гъалатI. Каллиграфазул къецаздаги гIахьаллъун, гьезул хIалтIи бихьун хадуб гурони, дихъа гьеб иш*



*бажаризе букIиналда ракI чIечIо дир. Бухараялда рукIана ниж – МухIаммад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб къоялда гьениб тIобитIараб тадбиралда. Гьеб сордоялъ цоясда макьилъ МухIаммад аварагас абун буго: «Сулейманида абе, байбихьеян. Гьесие кумек гьабила нилъеца», - ян. Амма дов гIалимас дида щибго абичIо. Хадубккун ккараб харбилъ дицаго абуна Къуръан хъвазе бокьун бугилан.*

*Гьелдаса хадуб дие тIоцебе кумек гьабуна Макка-МухIамад-хIажияс – кагъат балагьизе. Хадуб балагьана чурун бацIцIунареб щакъи. Гьеб батана Стамбулалда. ХIадурана къаламги. Щибаб жоялъе квербакъана Аллагьас. Дица рехун тана телефонги, хвел-гIелги, кинабгоги кIочон тун, къалъилелде хъвалаан ункъо гьумер, как базе гурони лъалхъулароан. Къалъудаса хадувги хIалтIулаан. АлхIамдулиЛлагь, гьедин ана ункъо моцIги 19 къоги ва Къуръанги хъван бахъана. Рагьараб мехалда гьелда буго цо метр, цIайи - 38 кило»*, - ян бицана **Сулейман-хIажияс.**

## АхIи-хIур бахъинабичIого, гьабе кумек

Данделъиялъул хIасил гьабулаго, муфти, шайих АхIмад-хIажияс дугIа гьабуна Сулейман-хIажиясеги, гьесул хъизамалъеги, тIолго дагъистаниязеги ва Палестинаялда ругел бусурбабазеги. *«ГIемерал масъалабигун дандчIвала нилъ гIумруялда. Бажарараб кумекалъе рахъине хIадурал руго дагъистаниял. АхIи-хIур бахъинабичIого, хIакъикъиял ишаздалъун къварилъи ккаразе кумек гьабизе хIаракат бахъила нилъеца. Аллагьас киназего сабру кьеги, шагьидлъаразе алжан насиб гьабеги. Украинаялда кьалда ругел гIолохъабиги чIаго тIадруссаги. Сонги дица нухарегIана гIагарав чи Украинаялде. МоцIалъ цеве гьенивего ана дир вацасул васги. Нилъеца нухарегIула, тIадруссун рачIинадай абураб пикруялъ кIвекIула ракIал. Нилъее камуна вацал, васал, росал. Киназего дугIа гьабула, Аллагьасде гьардола дун, гьел чIаго тIадруссагиян абун»*, - ан бицана муфтияс.

Тадбиралъул ахиралда Энрик Муслимовас шапакъаталги сайгъаталги кьуна Сулейман-хIажиясеги гIуцIиялъул комитеталъул хIаракатчагIазеги.



***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# «Кинидахъ кочIоца кверги ккун вачун, ВачIунев вуго дун дирго Гьоноде»



**МагIарухъ хутIараб дир инсул мина,**
**Мун макьилъ бихьула, рокьулъ кунчIула:**
**Дун духъе кидаго гIедегIун вуго,**
**ГIедегIанагIан дун кватIулев вуго.**
**Минаялда цебе гьитIинаб азбар,**
**Аза-азар нухаз вачуна духье.**
**Чу бухьун букIараб бакI хутIун буго,**
**РакI тIуркIулеб буго, гьеб бихьарабго.**
**Дир Дагъистаналъул гъансито гIадин,**
**ГIадада кьечIо дий Гьонода росу.**
**Гьелъул цIумазда гьорлъ гьаракь буго дир,**
**Гьелъул цIаргун цадахъ цIарги буго дир.**
**ГIемерал шагьарал рихьана дида,**
**Дир рекIел тахшагьар буго Гьонода.**

Дагъистаналъул халкъияв шагIир АхIмадов МухIамадил гьал рагIаби цIалидал, цIидасанги цебе тIамуна инсул ватIан, дирго лъимерлъи. Цебе тIамуна нахъехун гирарал гIумрудул сонал. Узухъда, щивав чиясда кидании кIочон тезе рес гьечIо жиндирго инсухълъи, гьавураб росу, умумузул свери.

13 ноябралда МухIамадица тIубалаан 68 сон. Араб итни къоялъ, МахIачхъалаялда бугеб Поэзиялъул театралъул минаялъуб ракIалде щвезавуна шагIир. АхIмадов МухIамадил творчестволъул къимат гьабулел гIадамаз цIун букIана зал.

Тадбир нухда бачана гьесул вас, «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналазул бетIерав редактор Мурад АхIмадовас.

ЛъикIаб кIалъай гьабуна шагIир ва хъвадарухъан МухIамад ХIамзаевас. АхIмадов хун хадуб гьесде гьабураб кечIги рикIкIана гьес.

Гьеб сордоялъ кIалъазе рахъана АхIмадов МухIамадгун цадахъ ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалда гIемерал соназ хIалтIарал Шейитханум ГIалишева, Сувайнат Кюверьекова, Аминат ГIабдулманапова ва цогидалги.

КIалъана гьенив Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул доктор МухIамад МухIамадовги.



АхIмадов МухIамадил рагIабазда кучIдул ахIана республикаялъул халкъияв артист ГIабдула МухIамадмирзоевас, Авар театаралъул хIалтIухъан, композитор, республикаялъул мустахIикъав артист Абакар ГIумархIажиевас, Дагъфилармониялъул артист Даку ХIажиевас, «КочIолаб ЧIарада» бихьиназул хоралъ.

АхIмадовасул кучIдул рикIкIана школлъималаз.

Расул ХIамзатовасул яс СалихIат ХIамзатовалъ ракIалде щвезавуна эменгун цадахъ тIоцеве АхIмадил МухIамад жидехъего гьоболлъухъ вачIараб къо. Инсуца цIакъ адаб гьабулев чи вукIанин гьевиланги бицана.

ШагIир, публицист, «Гумбет РИОялъул» нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновги кIалъана рехсараб тадбиралда.



Гьеб сордоялъ Поэзиялъул театралда замa-заманалдасан рагIулеб букIана шагIирасул гьаракь: батIи-батIиял тадбиразда гьес гьарурал кIалъаял, цIаларал кучIдул.

**Щибго кIочаниги, кIочон толаро,**
**Чадил махI, эбелалъ рокъоб бежараб.**
**Хулжиниса бахъун инсуца кьураб**
**Кьварун бакъвараб хинкI, цо гьелъул тIагIам!**
**Иццул цIорораб лъим…Гьелъул бацIцIалъи**
**БацIцIинчIого тана дица кIутIбузда.**
**КIудияб, гьитIинаб букIинчIо ватIан, -**
**КIиябго цолъараб цо росу буго.**
**Дир лъимерлъиялде хъахIилаб юргъан**
**ХъахIилал зобаца тIаде рехана.**
**Рохалил сухъмахъаз кьурди гьабулеб**
**Кьури гьечIеб буго дир росулъе нух.**
**Росдада даимго вухьун вуго дун,**
**Бихьизе рес гьечIеб цо балъголъиялъ.**

Чанго соналъ цебе гIумруялъулги кочIолги гьудул ГIумархIажи Шахтаманов ракIалде щведал хъвараб кочIол ахиралда АхIмадовас гьадин абулеб буго:

**Каранда кIалъана кIудияб бухIи,**
**АхIана лахIзаталъ дун Москваялде.**
**Киевалъул вокзал…Гьенив эхетун**
**Шахтаманов вуго хасалил бакьулъ.**
**Дун аскIове щвана, дица абуна**
**Анин, ГIумархIажи, талихIал къоял.**
**Кього сон барав дун мунгун вукIанин,**
**КIикього балелде мун къаникь лъунин.**
**Тахшагьар сасана юношайилан,**
**Шахтаманов дида кIалъалеб мехалъ:**
**- КIикього баниги, кього баниги,**
**ШагIирасул гIумру гIадада инчIин.**
**Шахтаманов ана, гьаниб кечIги тун,**
**Дун араб мехалда хутIиладай гьеб?**
**ГIенеккун чIун буго дир авар шигIру,**
**АвараглъиялЪул бакъанги рагIун.**

ХутIана, МухIамад, дур кечI нахъе. Дуца шигIрудулъ гIемер рехсараб КьилимегIерги жеги лъобаго буго. Дуе кидаго хирияб букIараб НикIикь нохъоги бихьула росулъе рачIунезда. Махил гьутIбузги пашманаб сарин буго ахIулеб. Хаслихълъиялъул бечIараб хер буго дур зани сверун бижун. Доб дуца хъван букIахъе:

**Дий памятник буго цо мун – Дагъистан,**
**Гъунибе балеб цIад, Гьонода - гIазу.**
**Гьездаса кIудияб букIинчIо талихI,**
**БукIина дир гIумру магIарул кочIолъ**
**ЦIороларо дир цIва, свинаро дир цIа,**
**Гьонода зонода хутIила дир цIар…**

*Ашахан ЮСУПОВ*

# ГIагараб ракьалде ракI цIала, амма…

**Заман арабгIан щивав чиясда лъала сахлъиялъул къимат. Хасго ахираб заманалда унтаби-гIузраби гIемерлъун руго. Сахлъи хашлъидал, тIоцебесеб иргаялда, нилъ уна тохтурасухъе. Гьесул хIеренаб каламалъги битIараб малъа-хъваялъги чанги чиясул чорхол хIал лъикIлъула.**

**Дагьал рукIунаро редакциялдеги рачIунел кагътал, тохтурзабаз жидеего гьабураб лъикIаб бербалагьиялъухъ, баркала кьурал. Гьединал кагъталги тохтурзабиги рихьидал, ракI бохизеги бачIуна.**

**Жидерго ишалъе ритIухъал, тIаде босараб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубалел гIадамал дагьал гьечIо нилъеда гьоркьор. Цого-цо квеш ккараб жо буго махщел бугел хIалтIухъаби республика бахун къватIире унел рукIин. Гьедин, къисматалъ къватIие ячун йиго ПатIимат ГIабдулхIалимоваги.**




ПатIимат гьаюна Хьаргаби районалъул Хьаргаби росулъ.

2009 соналда Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул академиялде цIализе лъугьана. 2015 соналда ДГМАялъул педиатрияб факультетги, хадубго интернатураги лъугIизабун гьале анкьго-микьго соналъ Нижнекамск шагьаралда хIалтIулей ПатIиматица сах гьарулел руго гIисинал лъимал. Цадахъго тIубалеб буго гIуцIарухъанлъиялъул хIалтIиги. Гьелъул квербакъиялдалъун тIобитIараб Халкъазул цолъиялъул къоялъ Нижнекамск шагьаралда тIобитIараб данделъиялдаса лахIзатал щвана нижехъеги. Дагъистанги гьелъул рукIа-рахъинги республика бахун къватIиб берцинго бихьизабурай ПатIиматилгун бухьен ккуна нижеца.

**- Исана тIоцебесеб нухалдайищ Нижнекамск шагьаралда гьединаб тадбир тIобитIараб?**

- Тохтур-педиатр йикIин гурейги, дун ккола Нижнекамск шагьаралъул лъималазул больницаялъул гIолохъанал специалистазул председательги. Данделъаби, тадбирал гIезегIан тIоритIула нижеца.

Гьадин гIатIидго гьабулеб данделъи исана тIоцебесеб нухалда букIанин абизе бегьула. Гьадинаб тайпаялъул данделъи гьабизе бокьун букIана дие чанго соналъ цебеги. ГIатIидго гьабичIониги, гьитIинабго залалда гьабунги данделъи тIобитIизе гьира букIана. Миллияб квен-тIехги гьабун, щивас жиде-жидер республикаялъул, ракьалъул бицунеб гьитIинабго фильмги бихьизабун, цоцазул рукIа-рахъинги, республикабиги лъаялъул мурадалда данделъи гIуцIилин йикIана.

Нижее гьединаб данделъи гьабизе бокьун букIин лъан буго сахлъи цIуниялъул нухмалъиялда, шагьаралъул мэрасда. Гьедин гьезги квербакъиги гьабун, гIатIидго, берцинго, ракIалда букIаралдаса цIакъго лъикI кIодо гьабуна исана Халкъазул цолъиялъул къо.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабулеб букIана шагьаралда ругел киналго тохтурзабаз. ГIахьалчагIи рикьана батIи-батIиял командабазде. Киналго дагъистаниял тохтурзаби - магIарулал, даргиял ва Дагъистаналдаса чачанал рукIана нижер командаялда. Нижеца хIаракат бахъана миллияб ретIел ретIине, миллияб квен-тIех гьабизе. Лъабго яс йикIана нижер, лъабазго гьаруна жиде-жидерго миллаталъул хинкIал, бана мугь, гьабуна бахъухъ, бакъвараб гьан, цIурачадал, урба - нижеда хIалкIварабщинаб лъуна столазда. Бицана нилъерго миллияб кванил хIакъалъулъ. Яс абизе унаго бахъухъ, натIухI гьабизе кколин, лъимадул цаби раккулаго мугь балин, магIарул хинкIалги гьанги гьечIеб тепси гьеб халкъалъ рикIкIунарин абун бицана дица магIарулазул кванил хIакъалъулъ. Гьеб кинабго кечI-бакъаналда гъоркь гьабизе ракIалда букIана. Амма кочIое гьунар гьечIо - ниж тохтурзабилъидал, гьединлъидал нижеца киналъулго нижедаго лъавухъе бицана.



**Халкъал цолъиялъул къоялъул байрам. Дагъистаниялги бакьулъ Нижнекамск шагьаралъул мэрги.**

**- Кидаялдаса нахъе мун гьеб шагьаралда йигей?**

- Татарстаналде хIалтIизе аралдаса микьабилеб сон буго. 2016 соналда, цIали лъугIун хадуй, ана дун Нижнекамск шагьаралде. Дие бокьун букIана Дагъистаналдаса рикIкIаде ине, амма гьебго заманалда бусурбаби ругеб бакIги балагьулеб букIана. ГIемер кIудиял шагьаралги дие рокьуларо, гьединлъидал динги бугеб, дагьабниги гIадат-гIамалги рукIа-рахъинги нилъералда релълъараб бакI бокьун букIана.

Татарал ратана рукIа-рахъиналъул рахъалъ нилъедаса гIезегIанго батIиял. Амма аскIор бусурбаби рукIин лъикI буго. Дун цIалун лъугIидал, Нижнекамск шагьаралда тохтурзаби хIажат рукIана (гьеб мехалдаго гIадин жакъаги буго гьезул хIажалъи), гьедин ккана дун гьание хIалтIизе.

**- Районалда, республикаялда чIечIого, гьедин рикIкIад иналъе гIилла цохIо шагьар бокьи батиларо. Гьанибги щвелаан дуе лъикIаб бакIалда хIалтIи?**

- ХIалтIиги щолаан, гьанжеги щвелаан. Гьанже дун гьаний ругьунлъана. Школалде васги уна, гьаб шагьарги дие гIагараблъун лъугьана. ВатIаналдаса хирияб жо букIинаро, гьение ячIине дица хIаракатги бахъула. Исана ункъо нухалда щвана Дагъистаналде. Цониги руссен-свери бугони, гьеб гьоркьоб биччазеги бокьуларо. Цо-кIиго анкьалъ цееги щвана дун гьение берталъе, цадахъ гьаниса ясалгицин рукIана. Нижерго районалде, росулъе, магIарухъе щвезе цIакъ бокьула. Авар театралде, магIарулал ругеб кинаб батаниги данделъиялде ине бокьула.

Дагъистаналда гьечIониги, нилъерго республикаялъул, гIадатазул, тарихалъул хIакъалъулъ васасдаги бицуна, бицинеги бокьула. ЦохIого-цо квеш бугеб жо буго дунгун магIарулалъ гаргадизе чи гьанив гьечIо, васасдаги ватIаналдаса рикIкIад мацI лъазабизе захIмат буго. Дие бокьухъе гьеб малъизе заман гIоларого буго. Амма кигIан рикIкIад йикIаниги, магIарул махI, яхI рекIелъ цIунизе хIаракат бахъула, бахъизеги буго.

**- Нижнекамск шагьаралда дагъистаниял ругищ? Кинаб бугеб гьениб дагъистаниздехун бербалагьи?**

- Руго гIезегIан дагъистаниял. Советияб заманалдаго гьанире аралги руго, гьанже рачIунелги руго. Аслияб къагIидаялда Дагъистаналда гурел, Астраханалда, Волгоградалда цIаларал студентазе хIалтIизеги бокьула республика бахун къватIир. Гьедин хIалтIизе рачIаралги руго гьанир гIезегIан.

Дагъистаниздехун гьаниб лъикIаб бербалагьи буго. Жалго дагъистаниялги гьаб шагьаралда гIамал берцинал, рукIа-рахъине лъалел руго. Жеги цониги нухалда къваригIел гьечIеб жо гьабун бугин дагъистаниясин абулеб рагIичIо.

**- «Земский тохтур» абун федералияб программаялда гъорлъе лъугьине бегьулей йикIинчIищ мун?**

- Гьеб программаялда гъорлъе ккола росабалъе хIалтIизе унел тохтурзаби.

Дун шагьаралде хIалтIизе аралъул, дие гьеб щвезе рес букIинчIо. Амма гьанирги нижее лъикIал шартIал чIезарун рукIана. Байбихьуда гIумру гьабиялъе чIобого рукъ кьун букIана, васасе - ясли-ахалда бакI кьуна. Татарстан республикаялда буго гьанире рачIарал тохтурзабазе кьолеб президентасул грант - 500 азарго гъурущ (квартира босиялъе кумекалъе кьолеб). Гьанже цIикIкIунгицин кьолин ккола.

Гьеб программаялъе яги гьеб гIарцуе гIологи гуро дун хIалтIизе ун йикIарай, дагъистаниял ругеб бакIин ун йикIана. Гьанив чIахIиязул больницаялъул бетIерав тохтур вукIана даргияв, гьанисан ахIун ккана дун Нижнекамск шагьаралде.

Гьеб программа Дагъистаналда щолеб, бикьулеб куцалъул бицинчIого лъикI. Гьаний йигониги, республикаялда ругел пишацоязулгунги бухьен тIезе толаро дица, гьединлъидал нилъер гьениб гьеб программаялда рекъон кьолеб гIарцуда сверунгицин гьабулебщинаб лъала.

Дагъистаналдаса дун иналъе аслияб гIиллаги букIана гIемерисел суалал гIарцул кумекалдалъун гурони тIуралел рукIинчIолъи. ТIегьан гурони, гьеб жеги нахъеккун гьечIо нилъер гьениб. Щибаб нухалда ватIаналде ячIараб мехалда дида ккола гьанжениги гьеб рахъалъ иш роцIун батилин, амма...

Татарстаналдайин абуни, МФЦялде, поликлиникаялде, больницаялде - кирениги гIарацгун ине кколаро. Иргаялдаги чIун, жиндир заманалда тIубала кинабго къваригIел.

**- Дагъистаналдаги Татарстаналдаги тохтурасе щолеб харж цого бугищ?**

- Дагъистаналде дандеккун, гьаниб харж цIикIкIун щола. Кинал хIалтIухъаби ратаниги, киназдехунго лъикIаб бербалагьиги букIуна.

**- Заманалдасан Дагъистаналде, гIагараб ватIаналде тIадюссине бокьилин кколарищ дуда?**

- Зама-заманалда рачIуна ботIролъе гьединал пикраби. РакI цIала ватIаналде, мугIрузухъ, магIарулазухъ ракI щвараб заманалда рекIекълъула. Хадуб цебе бачIуна Дагъистаналда кинабго бича-хисулеб куцги, гIарцуца бокьараб иш тIубалеб къагIидаги, цинги дагьаб мехалдаги гьанибго лъикIин ккола.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# Дагъистаналъул ва Казахстаналъул бухьенал

**9 ноябралда Россиялъул президент В. В. Путин официалияб сапаргун щвана Казахстаналде. Казахстаналъул бетIер Къасым-Жомарт Токаевас аэропорталда дандчIвай гьабуна тIадегIанав гьоболасда.**

**Астанаялда В. Путиница гIахьаллъи гьабуна Россиялъул ва Казахстаналъул регионазда гьоркьосеб цадахъ рекъон иш гьабиялъул XIX форумалда. Гьелдаго цадахъ кIиябго улкаялъул бутIруз гьоркьор лъун халгьабуна пачалихъазда гьоркьор ругел бухьенал дагьалги гIатIид гьариялъул суалазул. Россиялъул президент гьаб сонална щугониги нухалда щвана Казахстаналде. Гьес жиндирго кIалъаялда абуна «нилъ ругила гIагарал гурел, цIакъго цоцазе гIагарал улкабиян». Гьаб нухалда дандчIваялда цебелъураб аслияб суал букIана росдал магIишаталъул бутIаялда пачалихъазда гьоркьор ругел бухьенал гIатIид гьаризе ккеялъул хIакъалъулъ.**



## Экономикиял бухьеназе - гIатIидаб нух

КIиябго улкаялъул кIудиял ресал руго хадубккунги экономикаялъул гьеб бутIаялда цадахъ рекъон иш гьабизе. «Гьелъие хIажат буго нигIматазул хIинкъи гьечIолъи щула гьаби мурадалда кванил нигIматал, рань беэн гьабулел алатал, хьонал халкъазда гьоркьосел санкцияздаса тархъан гьаризе», - ян абуна Къ. Токаевас.

Пачалихъазда гьоркьор ругел бича-хисиялъул бухьенал соналдаса соналде гIатIилъулел руго. 2022 соналда къайиялъул хиса-баси гьаби цIикIкIун буго 10 проценталь ва бахун буго 28,2 млрд гъурщиде. ГIамм гьабун абуни, рехсараб дандельиялда Казахстаналда пачалихъазул вакилзабаз гъулбасал гьаруна Россиялъулгун хIалтIи гIуцIиялъул, спорталдасан байбихьун энергетикаялде щвезегIан анкьго батIияб къотIи-къаялда.

Россиялда гIумру гьабулеб буго 800 азаргогIанасев казах миллаталъул чияс.

Дагьал церегIан соназдацин республикабазул экономикиял гьоркьорлъаби лъикIаб даражаялда рукIинчIо. 2000-абилел соназда Россиялъул Транспорталъул министерстволда дандбан букIана Астрахань–МахIачхъала–Актау портазда гьоркьоб бурамазда машинаби лъун хьвади чIезабиялъул суалги. Амма гьеб кIиябго республикаялда ккарал кадровиял ва цогидалги хиса-басиязул хIасилазда гьеб иш гIумруялде бахъинабизе рес ккечIо. 2020-2021 соназда гIодоре ккана республикабазда гьоркьор рукIарал экономикиял бухьеналги.

ГIумруялъ бихьизабуна Астанаялъе Москвагун цадахъ рекъон хIалтIи цIакъго пайдаяб букIин, щайгурелъул мурадцоял ишал гIемер ругелъул. Казахстаналъул нарт Красноdаралде щвезегIан уна Каспиялъул рогIраздасан. Гьенисан танкеразда гьеб баччула батIи-батIиял улкабазде.

ХIадур гьабулеб буго Россиялъул газ Узбекистаналде Казахстаналъул ракьалдасан бачиналъул проектги. Узухъда, гьелдаса кIудияб пайда буго Казахстаналъеги.

## Казахстан - Дагъистаналъул мадугьал

Казахстан ккола Дагъистаналъулгун гIорхъаби цогояб щуго къватIисел пачалихъазул цояб. Гьелъул 14 областалда гIумру гьабун вуго 60 азаргогIан дагъистанияв. Гьединлъидал Россиялъулгун Казахстаналъул экономикиял бухьенал ва политикияб парахалъи нилъееги цIакъго кIвар бугеллъун ккола. Гьенир жиндир заманалда гIуцIун рукIана Дагъистаналъул культуриял централ, кружоказда лъазарулаан рахьдал мацIал.

Гьединлъидал Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул 1995 соналъул 24 ноябралда бахъараб хIукмуялда рекъон, Украинаялда цадахъго Казахстаналдаги рагьун букIана нилъер республикаялъул вакиллъи. Нилъер республикаялъул тIоцевесев вакиллъун гьенив вукIана Н. Ш. ГIалиев.

Дагъистаналъул ва Казахстаналъул хIукуматазда гьоркьоб 1996 соналъул 14 августалда гьабун букIана бича-хисиялъулгун экономикияб, мгIелмиябгун техникияб ва культурияб рахъалъ цадахъ рекъон иш гьабиялъул къотIи-къай. Гьединабго къотIи-къай букIана Казахстаналъул Атырауск областалъулгун.

> Къабул гьабизе хIадурун, Казахстаналде битIун буго Дагъистаналъул хIукуматалда ва Казахстан республикаялъул Мангистауст областалда гьоркьоб цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIиялъул хIакъалъулъ къотIи-къай (меморандум). КватIичIого гIумруялде бахъине батила цоцазде бугеб гьеб цIияб божильиги.

Дагъистаналъ Казахстаналъе кьолаан гьан, гьекъолеб жо, ччугIа, минералияб лъим, рахь бахъулел машинаби, тIомал, цIер ва цIорол тIагIел, батIи-батIияб промышленнияб къайи.

Экономикиял бухьенал щула гьари мурадалда Алма-Атаялда рагьун букIана «Каз-Даг» абураб банк ва гьелъул филиал букIана МахIачхъалаялдаги. Гьединго нилъер гьаниса къватIибе унаан Казахстаналъул нартги.

Казахстаналдасайин абуни нилъехъе рачIуна эфиралъул нахал, косметикаялъул тIагIелал, чIегIераб махх, машинаби, цIулал къайи-цIа, цемент, батIи-батIияб промышленнияб къайи, щагIил тIагIел.

Амма 1980-абилел сонazул ахиралде нилъергун гьезул гьоркьорлъаби дагь-дагьккун хьадарлъизе лъугьана. Гьелъие цо рахъалъан гIиллалъунги ккана 1989 соналъул июналда ЦIияб Узень шагьаралда нилъер гIолохъабазул лъикIаб гуреб хьвада-чIвадиялъул хIасилалда казахазулгун тунка-гIуси ккей. Гьелъул хIасилалда ункъазарго дагъистанияв (аслияб куцалда лезгиял) гьениса нахъе къотIун Дагъистаналде тIадруссине ккана. Сонал ана, нухмалъулезгун цадахъ заманалъ кинабго рукIалиде ккезабуна.

ГьабсагIаталда Дагъистаналъул Казахстаналъулгун гьоркьорлъаби квешаб даражаялда гьечIо. 2023 соналъул анлъго моцIалда жаниб кIиябго республикаялда гьоркьоб бича-хисиялъул даража борхана 5 проценталь.

Къабул гьабизе хIадурун, Казахстаналде битIун буго Дагъистаналъул хIукуматалда ва Казахстан республикаялъул Мангистауст областалда гьоркьоб цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIиялъул хIакъалъулъ къотIи-къай (меморандум). КватIичIого гIумруялде бахъине батила цоцазде бугеб гьеб цIияб божильиги.

Казахстаналъулгун букIа, цогидал республикабазулгун букIа къватIисел бухьенал чIезаризе хIаракат бахъулаго, нилъеда лъазе ккола дозие нилъ гурел, нилъее дол хIажат рукIин. Щайгурелъул, нилъер гьел республикабазда, краязда ва областазда гIумру гьабун вуго нусаза-азар дагъистанияв. Гьел гIадамазухъа кинаб бугониги квешаб жо ккун, гьениса гьел рокьоре тIадруссани, цебеккун бихьухъе, нилъее захIмалъизе буго гьезие жанир чIезе рукъзалги, хIалтIизе бакIалги, гIумру гьабизе шартIалги чIезаризе. Дагъистаналдайин абуни, 2021 соналъул баяназда рекъон, гIумру гьабулеб буго гIицIго 560 казахас. Гьединлъидал дагъистаниязеги хIажат буго ругеб бакIалда сверухъ бугеб миллаталъул гIадлунизамалъул ва гьезул маданияталъул, гIадатазул адаб-хъатирги гьабун, цадахъаб гIумру гIуцIизе.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*



# Бортана цоги цIва гIагараб росдал

**Цоги ругъел щвана Дагъистаналде бахIарчияв васас берал къан-щанин. РекIкIаб гуллица борлъун рехана цоги чIужугIаданалъул васасде букIараб рокьи. Васасда щвараб гуллица чIван лъуна эбелалъул анищ. Солдатасул эбел! Дур сабруялъул тIадегIанлъиги борхалъиги. Дур хъахIаб кIазалъги хисулеб буго кьер. ЧIегIераб кьер. Улбузулги, лъудбузулги, лъималазулги магIуялъ бакъвазего толеб гьечIеб. Урхъун ралагьун чIун рукIана ГIумарил гIагарлъиги гьев тIадвуссун вачIиналъухъ. Амма къисматалъул кечI батIияб букIун буго.**

**ГIагараб ВатIаналъ Украинаялда тIобитIулеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе Шамил районалъул Могъохъ росулъа ГIумар ана 2022 соналъул 29 сентябралда.**

**Ва 2023 соналъул 29 сентябралда сержант, БМП-3 рагъулаб машинаялъул командирасул заместитель ГIумар Малаевас абадиялъе къанщана берал Вербовое пункталъе гIоло гъабураб рагъулъ.**



Гъудулалъухъ угьдун,
лъималахъ гIодун,
ГIумру унеб бугев
кагътий чучилин.
Ургъел бикьун тела,
кьварилъи рехсон, -
Бортана цоги цIва гIагараб росдал.

ВатIаналъул ахIи тIубазабизе,
Борчана дуцаги черхалда ярагъ.
Гуллие керен кьун,
ватIан цIунарав,
ЦIар дур машгьурлъана
халкъалда гьоркьоб.

Дур гьаракь къотIанин
хабар рагIидал,
Чвахун магIу тIечIев чиго хутIичIо.
БитIун тIогьол гIужалъ
гIужий восидал,
Зобалги гIодана, ГIумарин ахIун.

Чан гIадандай йигей улкаялдаго,
Гъудуланги бачун, чвахун гIодулей,
Чан эбелдай йигей дир районалда
Нацистаз васал чIван,
керен хачалей.

Кидадай бакъвала беразул магIу,
Берзул нур гIадинав,
мунги ракьулъ лъун.
РакIал цIилъиларо гIолохъабазул,
ГIамал берцин,
дуда мусрал жемидал.

Васасул зонода къвал базе ккарай
Сабру эбелалъе киса бахъилеб?
КIоларо божизе мун гьечIин абун,
Алжан насиблъаги дуе, шагьидав.

Канаб дунялалъухъ
урхъи буссинчIев,
РахIаталда кьижа
чIегIер гвандинив.
Аллагьасул къадар
къабулги гьабун,
Сабру гьабун йикIа,
ракIалъул гьудул.

Лъиде дагIба балеб,
БетIергьан Аллагь,
Дуца кьеха сабру рухIел ккаразе.
Лъиде гIарзалъ ине, инагьдилаго,
Дуца хьвараб гуреб
хIукму гьечIелъул.

Бусурбанчиясда бихьугеги гьаб,
Хириял лъималин хачадулеб кьо.
Чучанин кагътиде
кьваридаб керен,
Кьо-лъикI дуе, ГIумар,
тIабигIат берцин.

***МухIамадрасул ГIУМАРАСХIАБОВ***

## САХАВАТЛЪИ

# Инвалидалъе цIияб коляска

Казбек районалъул Дилим росулъа «МархIаба» абураб ралел бакIазул компаниялъул нухмалъулев Ильяс Садикъаевас сакъатай СагIидат МухIидиновалъе сайгъат гьабуна инвалидазул коляска.

Гьеб сайгъат гьабиялъе ккана цо гIажаибаб гIилла. Гьениб, хъил тIелалде цебе къватI къачIазе хIалтIаби гьарулеб мехалъ, Ильяс Садикъаевасда йихьана басриябго гьакидаги рекIун рокъоса къватIие ячIуней яс. Гьеб мехалда ракIалде ккун буго Ильясида гьелъие цIияб коляска босизеги, гьелъ гIумру гьабулеб къотIнобе хьил тIезеги.

Имам ГьазимухIамадил цIаралда бугеб къотIноб гIумру гьабун ругел гIадамазги, СагIидатил гIагарлъиялъги баркала кьолеб буго нух къачIаразе ва шартIал чIезаруразе. СагIидатил эбел Наида МухIидиновалъ гьединго баркала



загьир гьабулеб буго райадминистрациялъе, мадугьал ХIажибег Мансуровасе жидее гьабулеб кидагосеб кумекалъухъ.

***Р. ГIАЛИСУЛТIАНОВА***

# СВОялъул тIалабазда

**Араб анкьалда Гъизляр шагьаралда тIобитIараб данделъиялда рорхана церечIарал масъалаби, бицана гьел тIуразе бегьулел нухазул хIакъалъулъ. Данделъиялда бицана СВОялда ругел гIолохъабазул, гьенир къадаралде щваразул гIага-божаразул бугеб кьварилъиялъул хIакъалъулъ. Гьебин абуни букIана ДРялъул ЖамгIияб Палатаялъул цIияб проект хIисабалда тIобитIулеб, гьелъул нухмалъулесул кумекчи ГIалибег ГIалиевасул хIаракаталдалъун гIуцIараб дандеруссин. Гьелда гIахьаллъана рехсараб палатаялъул нухмалъулев ГIазизбек Черкесов, миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимов, сахлъи цIуниялъул министрасул тIоцевесев заместитель, Социалияб рахъалъ цIуниялъул ва захIматалъул министерствоялъул отделалъул начальник, «Защитники Отечества» ва «Мы вместе» фондазул нухмалъулел, Халкъияб Собраниялъул цоцо депутатал, Гъизляр шагьаралъул ва районалъул администрациязул хIалтIухъаби, военкоматалъул вакилзаби. Данделъиялде ахIун рукIана СВОялда гIахьаллъулел ва гIахьаллъун рукIун лъукъакъотIарал, чIварал гIолохъабазул гIагарлъиги.**

Тадбир рагьана ва нухда бачана ГIазизбек Черкесовас. Гьес ва хадуб рагIи кьурал гьалбадерица гIаммаб куцалда бицана СВОялда ва гьелда сверухъ лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъул, гьениб дагъистанияз бихьизабулеб бугеб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ. Хадуб, церечIарал суалазул, къойил дандчIвалел масъалабазул бицун кIалъана СВОялъул гIахьалчагIазул гIага-божарал. Гьез рорхарал суалазул гIемерисел рукIана социалияб гIумруялда, сахлъи цIуниялда ва цогидалги масъалабазда хурхарал.

хIакъалъулъ. Рехсарал суалал мухIкан гьаризе, гьел тIуразе ресал ралагьизе тIаде босана министрасул тIоцевесев заместителас. Чанго чIужугIаданалъ рехсана ясли-ахазде гьитIичал кьезе кIвечIолъиялъул хIужаби. Гьел хIисабалде росана администрациялъул хIалтIухъабаз. ГIезегIан рукIана СВОялда чIварал васазул жаназаби росабалъе росизе кIоларого (гьел кодоре щоларого), гьезул документал ратуларого рукIиналъул, рагъул гIахьалчагIазе ветераназул статус кьоларого букIиналъул суалал. Гьел роцIинаризе рагIи кьуна «За-



щитники Отечества» фондалъул нухмалъулес ва военкоматалъул вакилас. ЦIакъго магIнаяб кIалъай гьабуна СВОялда захIматго лъукъун 8 моцI рокъобги бан, гIагараб заманалда нахъеги дове ине хIадурго вугев Большая Орешевка росулъа гIолохъанчияс.

- Нижнее, СВОялда гIахьаллъулел дагъистаниязе, бокьула ВатIан, лъидасаго нахъе ккечIого тIадаб налъи тIубалелги руго. ХIажалъани, хIадур руго гьелъие гIоло гIумру кьезеги. Амма гьаниб нижер росу-ракьалдехун, хьизамаздехун бугеб бербалагьи бихьидал, щаклъи бачIуна пачалихъалъул идарабазе гьел, гьезул гIадатиял тIалабал, масъалаби кьваригIунго ругодай абураб. ЦIакъ бокьилароан гьедин букIине. Бокьилаан абизе - ричIчIа ниж ва нижехъ балагьун ругел рокъосел, - ан.

Рехсела цо чанго рахъ. КIиго вас СВОялда йигей гIаданалъ бицухъе, гьелъ гIумру гьабулеб минаялда аскIоб буго минаялъе хIинкъи бугеб кIиго гьветI. Гьелъ гьарана гьел къотIизе, нахъе росизе кумек гьабейилан. Цогидай гIаданалъул гьари букIана берцинаб хIалалда хьвадизе рес гьечIеб къагIидаялда бугеб нух къачIазе рес балагьеян абураб. Гьел суалал къалмикье росана райадминистрациялъул бетIерасул заместителас.

Дида ракIалдего ккун букIинчIо Гъизляр районалда тIабигIияб газ щвечIел росабиги ратилин абун. Гьениб гьеб загьирлъана, цо-цо росабалъа руччабаз, гьеб гьечIолъиялда бан цIул ва тIурччи босизе ва босараб гьелъул 50 процентаялъулаб компенсация щвезе ругел захIмалъабазул бициндал. ГIемерал гIадамазе гIаммаб гьеб масъалаялъе баянал кьуна Социалияб рахъалъ цIуниялъул ва захIматалъул министертвоялъул вакилалъ, администрациялъул хIалтIухъабаз. ЧIванкъотIарал мисалаздалъун гIемераз бицана больницабаздегун поликлиникабазде гIемер хьвадизе ккеялъул, гьениб бихьулеб гIакъубаялъул

Хасаб баркалаялъе мустахIикъав вуго ГIалибег ГIалиев. Бугеб хIалалда абуни, гьесул жигарчилъи гуребани, кIвезе букIинчIо гIахьалчагIи цоцазда ричIчIараб, рагъун ва эркенго киналъулго хIакъалъулъ бицун бажарулеб хIалалда гьаб тадбир тIобитIизе.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

## ХIАЖАТАБ КАЛАМ

# Илбисалъ гуккизе чIоге

**Гьал къоязда ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевас иргадулаб хитIаб гьабуна цIалдохъабазде, гьезул эбел-инсуде ва школазул тIолго хIалтIухъабазде. Гьелъул мурад буго такъсириял ишаздаса гIолеб гIел рикIкIад гьаби ва улкаялъул тушбабазул ахIиязе жаваб гьабунгутIиялде кантIизари.**

**МагIарулаз абухъе, киназул унго мацIалда къан буго МахIачхъалаялъул аэропорталда ккараб иш. Палестинаялда къварид гьарулел ругел бусурбабазе кумекалъе рахъаян социалиял гьиназдасан ахIи балаго, законалде дандекколарел ишал гьаризе тIамуна дагъистаниял. Гьа, теха цоцIул мекъи кканин, гъалатI борчIанин абун. Гьанжеги камулел гьечIо «аэропорталда рукIарал эркен гьариялъе гIоло рахъаян» ахIи баялъул хIужаби.**

Щивасда бичIчIизе ккола: нилъеца Палестинаялда гуреб, Россиялда гIумру гьабулеб буго. Ва нилъ хьвадизе ккола Россиялъул законазда рекъон. 2004 соналъул ункъабилеб июналда РФялъул Пачалихъияб Думаялъ къабул гьабуна ва гьебго соналъул ичIабилеб июналда Федерациялъул Советалъ тасдикъ гьабуна «Собраниязул, митингазул, демонстрациязул, шествиязул ва пикетазул хIакъалъулъ» абураб №54 федералияб закон ва 19 июналда улкаялъул президент Владимир Путиница гьелда гъоркь гъулбасана.

Гьеб законалъул кIиабилеб статьялъул ункъабилеб пункталда рекъонккола аэропорталда букIараб тадбир, ай гьеб букIана «транспортги, плакаталги, транспаранталги ва цогидал берзул алаталги хIалтIизарун, къватIибе бахъараб гражданазул пуланаб къокъаялъ жамгIияб пикру загьир гьаби». Амма гьеб иш лъугIичIо гIицIго пикру загьир гьабиялдалъун. Социалиял гьиназдаса тIиритIизарурал видеороликазда бихьулеб буго рехсараб къокъаялъул гIахьалчагIаз, аэропорталъул мулк талавур гьаби гуребги, самолетазда рачIарал гIадамазул, гьезда гьоркьор лъималазулцин, рахIат хвезабурабльи. Гьебин абуни, я диналъ, я законалъ къабул гьабуларо.

Лъугьа-бахъиналдаса хадуб гIемерав чияс абулеб буго, Палестинаялъул бусурбабазул рахъкколеблъи загьир гьабиялъул мурадалда, республикаялъул нухмалъиялъго гIуцIизе кколаанин митингалги жамгIиял тадбиралгиян. Бегьилаан, гьеб битIараб буго. Дида ракIалда буго, советияб заманалда, туснахъалдаса Нельсон Мандела ва цогидал политикиялгун жамгIиял церехъаби эркен гьареян абурал акциял тIоритIулаан тIолабго улкаялда. Щайха «аэропорталъулазул» цонигиясул гIакълу гIечIеб гьединаб тадбир гIуцIеян бакIалъул яги республикаялъул нухмалъиялде хитIаб гьабизе? РакIалде ккола, унго-унгоял мурадалги загьир гьарун, кинабго бичIчIизабун букIарабани, гьеб гьукъилароанин.

Бусурбаби гъурулел ругин абун, нилъеца пашманлъи загьир гьабуна Сириялда рагъ ккедалги, Палестинаялъул рахъккунги. Риидал Дагъистаналде рещтIараб балагь киназдаго ракIалда батила. Заправкаялда аскIоб бахъараб кьвагьиялъул хIасилалда абадияб рокъове тIовитIана лъебергоялдаса цIикIкIун чи. Республикаялда лъазабуна пашманлъиялъул къо. ТIолабго улкаялда яги цогIаги къватIисеб пачалихъалда хъинтIарабищ нилъер къварилъи? Лъицаниги кумек гьабунищ нилъер гIадамазе? Нилъги бусурбабилъидал кколел. Рес буго, Украинаялдаги Палестинаялдаги унел рагъазул бицунеб мехалда Америкаялъулги бакътIерхьул улкабазулги вакилзабаз гIадин, «гьеб батIияб жо бугоян» абизе. Кинаб батIалъи букIунеб, дораги гьанирги гIадамал чIвалел ругелъул.

Бусурбаби гурищ кколел Палестинаялда сверухъ ругел гIараб улкабазда гIумру гьабулел гIадамал? Нилъедасаги гIагарда ругел ва, дир пикруялда рекъон, доба бугеб ахIвал-хIалги нилъедасаги лъикI, якъинго бихьулел. Гьел щайха хIалае рахъунарел? Нилъераздаса гIемерго цIикIкIарал ресалги руго дозул. Лъималазул пособиязухъ гIумру гьабулел, хIалтIизе бакI щоларел, хъизам хьихьизеян абун, республика тун къватIире хIалтIизе хьвадулел дагъистаниязищ тIолабго цIаха жидедего тIаде цIазе кколеб?

Дунявияб пачалихъ бугониги, динияб батаниги, нилъеда тIадаб буго жидерго нухмалъиялъ малъухъе гIумру гьабизе. Улкаялъул президентасги, республикаялъул бетIерасги, бусурбабазул цевехъанлъун кколев муфтиясги абулеб буго нилъеца нилъерго гIузрабазул тIалаб гьабизе кколин абун. Нилъехъа бажарараб кумек гьабизеги рази руго гьел. Амма гьебги сан гьабичIого, цо-цоязе хIажалъун буго халкъ къватIибе бахъинабизе.

ХIасил кинабха ккараб? Законалда рекъон тамихIалде цIазе кколин абураб ргIи бегьулеб гьечIо гьанже. Митингаздеги аэропорталдеги халкъ ах1арал балъгоял тушбабаз абун букIарабани, къватIире рахъа, амма хадубккун законалъ кьуризе ругеблъи кIочонгеян абун, цониги чи инаандай гьениве? МагIарулазул аби буго, малъарасул кIал гуребила, кIанцIарасул бох бекулилан абураб. КIанцIичIеланиха. Цоги абула: кьурса гъоркье кIанцIеян абуни, гьебгийищ гьабилебан. Чидаца малъараб гьабулеб мехалда жиндирго гIакълуялъухъги гIенеккизе ккола чи. ГIенеккичIелъул, хIасилги ккана Черномырдиница абухъего: «ЛъикIалъеян рахъун рукIана, амма хIасил добго ккана».

Ахиралдаги бокьун буго ТIадегIанав Аллагьасул калам рехсезе (магIна): «БитIараб нухдасан къосинаризе рес кьоге илбисалъе. ХIакълъунго, гьеб буго нужее (гIадамазе) унго-унгояб тушман» (сура «Аз-Зухруф», аят 62).

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## Рищиял

**УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ № 0304**

13 ноября 2023 года № 13

**РЕШЕНИЕ**
**О назначении повторного голосования на повторных выборах главы муниципального образования «село Бухты» Гунибского района**

Участковая избирательная комиссия № 0304, на которую Постановлением Избирательной комиссии Республики Дагестан от 16.12.2022 г. № 22/169-7 возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению выборов в органы местного самоуправления муниципального образования «село Бухты», получив из УИК № 0304 и УИК № 0305 первые экземпляры протоколов об итогах голосования, по повторным выборам главы муниципального образования «село Бухты» Гунибского района, прошедших 12 ноября 2023 года, установила следующее.

В выборах приняли участие кандидаты Абдулаев У.Ю., Газилов О.М. и Ражабов Ю.С., получившие соответственно 3 (1,11%), 129 (47,78%) и 134 (49,63%) голосов избирателей, принявших участие в голосовании.

В соответствии с частью 6 статьи 82 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 г. № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» на выборах главы муниципального образования избранным признается кандидат, получивший более половины голосов избирателей, принявших участие в голосовании.

При этом ни один из кандидатов необходимое для избрания число голосов избирателей не получил.

В соответствии с частью 1 статьи 83 Закона Республики Дагестан «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» если в бюллетень было включено более двух кандидатов на должность главы муниципального образования и ни один из них не получил необходимое для избрания число голосов избирателей, организующая выборы избирательная комиссия назначает повторное голосование по двум или более кандидатам, набравшим наибольшее число голосов избирателей.

С учетом вышеизложенного и руководствуясь частями 6 и 8 статьи 82, частями 1, 2 статьи 83 Закона Республики Дагестан «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» участковая избирательная комиссия № 0304, решает:

1. Назначить на повторных выборах главы муниципального образования «село Бухты» Гунибского района повторное голосование на 26 ноября 2023 года, по кандидатам Газилову Омарасхабу Магомедовичу и Ражабову Юсупу Султановичу, набравшим наибольшее число голосов избирателей.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете Гуниб.

3. Направить настоящее решение в Собрание депутатов муниципального образования «село Бухты» Гунибского района и в Территориальную избирательную комиссию Гунибского района.

Председатель комиссии П.О. Омарова

Секретарь комиссии З.А. Нурова

## ЦIОДОРГО РУКIА

РФялъул МЧСалъул Дагъистаналда бугеб БетIераб управлениялъул Халгьабиялъулги такъсирал риччангутIиялъул мурадалда гьабулеб хIаракаталъулги управлениялъул (УНД ва ПР) тадбирал гIуцIиялъул планалда рекъон, 2023 соналъул сентябрь-октябрь моцIазда республикаялда тIобитIана «Сахлъи цIуни ва социалияб хIинкъи гьечIолъи» абураб тадбир. Гьеб рахъалъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго УНД ва ПР ГУялъул бутIалъун кколеб МахIачхъалаялъул №1 отделалъги.




Рехсараб тадбиралъул аслияб мурад букIана сахлъи цIуниялъул ва социалиял идарабаздаги гьенире хьвадулел гIадамазул гIумруялъеги хIинкъи гьечIолъи чIезаби. Тадбиралъул заманалда кIвар кьезе буго цIа ккеялдаса цIуниялъе квербакъулел ишазде.

Социалияб ва сахлъи цIуниялъул идарабазухъ халгьабулаго, хIисабалде росизе руго гьал хадусел далилал:

- нагагь цIа рекIани, минаялъуса гIадамал нахъе рачунел нухазул санагIалъи бугищали;

- цIа ккараб минаялда аскIобе цIа свинабулезул машинабазе нухги гьел рещтIиналъе санагIатги бугищали, гьединго цIа свинабулеб техникаялъул кумекалдалъун гIадамал хвасар гьаризе рес бугищали;

- хъорщол рарал ва цогидал минабазда гьел цIуниялъе квербакъулел алатал ругищали (сигнализация, телефон, хъаравуллъи ва гь.ц.);

- цIа свинабулел алатал ругищали ва гьезул ахIвал-хIал;

- гIадамал хвасар гьариялъул план;

- цIа ккеялдаса цIуниялъул мурадалда хъварал документал (буюрухъал, малъа-хъваял).

Сахлъи цIуниялъулги социалияб хIинкъи гьечIолъиялъулги идарабазул нухмалъулезда гьарула: киналго минаби рукIине кколеб къагIидаялда хIажатал алатаздалъун хьезареян.

***Р. КЕРИМОВ,***
***МахIачхъала шагьаралъул №1 ОНДалъул ва ПРялъул кIудияв инспектор,***
***жанисеб хъулухъалъул майор***

# ЦIалдохъабазе бакълъунги гвангъун…

**Педагог-насихIатчияв абураб мехалда, ракIалде щола магIарул районазул школазда гIемерал соназ хIалтIарал ва гьабулеб хIалтIудехун унго-унголъунги ракIунтараб бербалагьи букIарал учительзаби. Гьелгун дандчIвазеги цо-цоязулгун гьудуллъи кквезеги квербакъана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул педагогикаялъул гIелмиял цIех-рехазул институталда хIалтIиялъ.**

**Гьединал педагогазда гьоркьоб цIар рехсезе мустахIикъай йикIана Агъвали росдал школалда байбихьул классазул завучлъун хIалтIарай Салтанат Иманшапиеваги. Гьей кколаан педагогазул наслуялъул вакил. Гьелъул лъабабго лъимералъги тIаса бищана учителасул хIалтIи.**



Салтанатилгун лъай-хъвай ккана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда цIалулеб мехалда. Гьей ккола дир курсцояй ва гIумруялъго яцлъун лъугьарай Заира ГIалиевалъул эбел. Доб заманалда Салтанатги йикIана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб институталъул студентка. Лъабго лъимадул эбеллъунги школалъул завучлъунги йигей гьей заочно цIалулей йикIана байбихьул классазул факультеталда. Риидалил сессиялъул заманалда рогьалилъго щолаан гьей нижехье –квенги босун, экзамен бугеб кьоялъ ниж цудунго тIаде рахьинаризе. Цадахъ рукIарал ясазе гьей йикIана унго-унгояй эбеллъун. Гьелъул гIадлуги гьабулаан, рес рекъараб мехалда рецц-бакъги гьабун, рохизеги гьарулаан. Кьогоялдаса цIикIкIун сон ана, тохлъукьего унтарай гьей гIумруялдаса ятIалъаралдаса. Амма рекIелъ цIунун хутIана гьелъул лъикIлъиги, хинлъиги, гIакъилаб малъа-хъвайги.

*«Цо кьоялъ дун, гIолохъанай учительница, ана эбелалъул дарсиде. «Предметияб цIар» абураб тема малъулей йигоан гьей. Лъималазда бихьизабизе рокьоса халичацин босун бугоан гьелъ. ГIолохъанай учительлъун йигей дие гьеб дарс хутIана даим кIочонареблъун ва дилъ бижана, эбелго гIадин, цIалдохъабазе хIажатайлъун, лъаялъул канлъи гьезие кунчIизабулейлъун йикIине гьира. Щибаб сордойил халгьабулел цIалдохъабазул тетрадалги лъугьана даимаб хIалкIолъи бессараб хIикматлъун: дуца лъураб кьматалда бараб бугелъулха цIалдохъанасул рекIел хIал, гьесул цIалуде гьира базаби»*, - ян ракIалде щвезабула **Зайраца.**

1963 соналда, микьго классги лъугIизабун, С. Иманшапиева цIализе ана Буйнакскиялъул педучилищеялде. Гьелда цадахъ цIаларав МухIамад ХIайбулаевас абуна, Салтанат йикIанила курсалъул старосталъун ва жигарай студенткалъун. Кинаб иш тIадкъаниги, ракIбацIцIадго ва заманалда тIубазабулаанила гьелъ.

1967 соналда, кодоб багIараб дипломгун, Салтанат ячIана Агъвали росдал школалде хIалтIизе. 19 сон барай гIолохъанай педагогалъ хIаракат бахъана бищун лъикIай учительлъун яхъине. Гьей хьвадана хIалбихьи бугел ищцоязул дарсазде ва лъазаруна «педагогасул бальгольаби». Гьелъул бажариги хIаракатги хIисабалде босун, школалъул дирекциялъ гьелда тIадкъана жавабчилъи цIикIкIараб завучасул хIалтIиги.

Дол соназда Дагъистаналъул лъай кьеялъул министрлъун вукIарав Бадави ХIажиев цо-цо щолаан Салтанатил дарсазде. Гьес гIолохъанай педагогалда гьарана республикаялъул учительзабазе математикаялъул дарс кьеян абун. Гьелъие сабаблъун кквана улкаялдаго машгьурлъулев вукIарав педагог-новатор Л. Занковасул къагIида Салтанатицаги хIалтIизабулеб букIин. Гьеб къагIидаялда рекъон, цIалдохъабазда цебе лъолаан пуланаб масъала ва лъимал жалго тIамулаан гьеб тIубазабулел нухал ратизе. Учителас гIицIго кумек гьабулаан, нагагь хIажалъани, малъулаан. ЦIалдохъабазда гьоркьор бахIсал рукIунаан, гьедин цIубалаан гьезул пикрияб рахъ ва камиллъулаан лъай.

30 сон байбихьул школалда хIалтIарай, гьезда гьоркьоса 27 соналъ завучлъунги йикIарай С. Иманшапиевалъул пайдаяб хIаракаталъе кьимат кьуна ДАССРалъул Лъай кьеялъул министерствоялъ. Гьелъие кьуна «Учитель-методист», «РСФСРалъул мустахIикъай учитель», «Халкъияб лъай кьеялъул отличник», «СССРалъул лъай кьеялъул отличник» абурал хIурматиял цIарал.

## Даим кIоченаро дур рекIел хинлъи

Салтанат Иманшапиевалъул щибаб дарс букIана цогидала рельлъинчIеб. ГIемер хIалтIи-зарулаан гьелъ жинцаго хъварал кучIдулги. Гьелъул цIалдохъан, Агъвали росдал школалъул директорлъун хIалтIарав ва гьабсагIаталда ЦОДОУ ЗОЖалъул директорлъун вугев **Шапи ЖахIпаровас** ракIалде щвезабуна:



*«КIвахI лъаларей захIматчIужу, хIаталдаса ун лъимал рокьулей, ракI ргьарай ва пагьмуяй нухмалъулей йикIана Салтанат. Районалда тIобитIулеб щибаб тадбиралда гIахьаллъулаан гьелъул цIалдохъаби. Гьез рикIкIунаан Салтанатил кучIдул. Бищунго ракIбухIана, гьел кучIдул, дандеги гьарун, тIехь бахьичIолъиялда.*



С. Иманшапиева цIалдохъабигун

*С. Иманшапиевалъул хIаракаталдалъун тIоцебесеб апрелалда байбихьулаан сентябралда школалде рачине ругел лъималазе дарсал кьезе, ай гьел школалде хIадуризе. Щибаб кьоялда кьолаан кIиго дарс. Гьелъул лъикIаб хIасилги ккола-ан. М. СайидахIмадов ракIалдещвезавиялъул мурадалда, нижеца санайил тIобитIулаан волейболалъул турнир. Гьебги байбихьулаан Салтанатил кучIдул рикIкIиналдаса. ХIикматай гIаданги пагьмуяй гIуцIарухъанги йикIана гьей»*, - ан.

*«1975 соналда Салтанат Иманшапиевалъ къабул гьабуна цIияб класс – «цIар хъвазе лъалареб» 20 лъимер. Макьилъ гIадин цебечIола гьеб заман. РакIалда гьечIо, кин дида хIарпал хъвазеги, мисалал гьаризеги малъарабали. Амма кутакалда гьира букIунаан школалде ине, дарсида гIахьаллъизе. Гьелъухъа бажарана нижелъ школалдеги цIалудеги рокьи бижизабун, хадубккун гIелму лъазабиялде гьира базабун. Дир гIумруялъул битIккейщин Салтанатил хIалтIул хIасиллъун рикIкIуна дица»*, - ян бицана 1986 соналда школа лъугIарав ва жакъа отставкаялда вугев полициялъул майор **Манап ГIабдулмажидовас.**



Салтанатица дарсал кьуна «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул жавабияй секретарьлъун йикIарай **Хадижат Залимхановалъул** васасе. Гьелъ загьир гьабуна гьадинаб пикру: *«ГIисинал цIалдохъабазе тIоцевесев учитель лъугьуна кIиабилей эбеллъунги. Гьединайлъун дир вас МухIамадие йикIана Салтанат Иманшапиева. ГIемерал лъугьабахьиналги тадбиралги рукIана нижер. Амма тохлъукьего гьей хвалил квачIикье ккейгIан захIматаб жо щибниги букIун батиларо…*

*РакIалда букIана чанги тадбир гIуцIизе – гьезулъ гьураялда гIахьаллъулаан С. Иманшапиеваги гьелъул цIалдохъабазул эбел-эменги.*



*Лъабабилеб классалда вукIарав дир васасеги гьесул классцоязеги учительница ками букIана унго-унгояб пашманаб ва кIудияб ургъеллъун. Жакъаги ракIалдаса унаро гьей нижеда»*, - ян.

Ахиралда бокьун буго Салтанат Иманшапиевалъул цIалдохъан, ДРялъул спорталъулгун физкультураялъул министр **Сажид Сажидовасул** пикру рехсезе: *«Учитель*



*вукIине ккола жиндир цIалдохъабазе кенчIолеб бакълъун. Гьелъ киназего бащадго бикьула жиндир канлъиги хинлъиги. Гьединаб бакълъун йикIана дие Салтанат Иманшапиева. Жакъа гIадин, ракIалда буго дунги яцги гьелъул классалде эбелалъ рачараб заман. ГIемерал улбул рукIана гьенир, жидерги лъимал дур классалде рачеян гьелда гьарулел. Доб заманалда дида гьелъул магIна щибха бичIчIилеб. Хадуб бичIчIана, кигIан хIалимайги хIикматайги гIадан гьей йигебали. Гьей йокьулаан киназего – цIалдохъабазе, гьезул эбел-инсуе ва ищцоязе. Щивав цIалдохъанасулъ лъикIлъиялъул мугь батулаан гьелда ва жиндирго рокьи гьарзаго бикьулаан нижее. Инсан хIисабалда гьелъ кучана дилъ бищун лъикIал хасияталъ, ва ракIчIун лъала: цIалдохъабазул цебетIеялдаса кутакалда йохилаан гьей».*

**Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА**

# Гьандихъеги газ бачІана

**Дагъал церегІан къоязда Шамил районалъул Гьандихъ росулъе газ бачиналъул мурадалда гьарулел рукІарал хІалтІаби рагІалде рахъанин абизе бегьула. Росулъе газ бачана 200 метр борхалъи бугеб кьурулъа гъоркье. Картаялда гьеб кьурул мухъалда ЗоногохІ абун хъван буго, ай Богосалъул хребеталъул гІаркьел гІадин. Гьеб кьурул сирталъ батІа гьабула росдал ракь Хунзахъ районалъул Гъонохъ, Гъоркькоколо, ГІобода росабазул ракьалдаса.**

Абизе ккола, гьеб кьурул сирт районалъул гІор бахун доб цояб рахъалда ругел росабалъанги бихьула. Амма аскІосан халгьабидал, гьенире рахине бокьарав чиясда кІоларо. Кин бугониги, гьанхъадерица гьеб кьурул рачел боцІи хьихьизе хІалтІизабичІого течІо. Умумузул заманалдаго цо-цоязул гьенир парсазухъ бокьал, гІи-цІцІаназе квегІенал нохъал рукІана. Росдал ракьалдасан хъвараб харил нахърател лъугІидал, гьенире рахунаан пархонарел руччаби магъал цІезе. Гьеб мурадалда кьурулъан гьабун букІана хІалихъе рахунеб болъо-мажи. Ккана чанги талихІкъарал ишалги.



Амма киданиги ракІалде ккун букІинчІо, гьеб кьурулъа гъоркье Гьандихъе турбабиги лъун, газ бачІинин абун. Гьеб букІана маргьабалъцин божулареб иш.

Газалде бугеб анищ росуцоязул бижана мадугьалихъ бугеб районалде газ бачине байбихьаралдаса нахъе. Амма гІадатияб нухалъ, шагьраккун, бачиналде хьулги букІана. Гьеб анищ рагІалде бахьине батилин абураб хьулги букІана жамагІаталъул. Щайин абуни, Гьандихъ буго цІулакьаб бакІ. Росдал ракьалда гьечІо гІалхул гъутІби. ГІицІго жиндирго хуриб яги ахикь бижараб гъотІол гІаркьел бакъвани, гьеб букІана нахъе хъухъан, цІа бакизе хІалтІизабизе бегьулеб жо. Гурони, цоги бакІалдаса, бетІергьанчи вугеб бакъвараб гъветІалъул хІалаллъи тІалаб гьабун гурони лъицаниги Гьандихъа чияс квер хъвалароан. Цого-цо умумузул букІараб гІадат - хІайваназул рак магІарде щвезегІан ун ялъуни ихдал гІор щведал, ХъазаралтІа абулеб бакІалде цІул ккезе ун, бетІербахъи гьабулаан.

Гьеб ресукълъиялъги, магІишат гьабизе бугеб захІмалъиялда цадахъ, росулъа гІадамал къватІире иналъе цо гІилла гьебги букІанин абизе бегьула.

Кин бугониги, 1965 соналда нилъер гьанибе бачІараб токалъ вохизавичІев чи вукІун ватиларо. Нилъ дагь-дагьккун гьелде ругьунлъана ва букІине кколеб жолъун бихьана.

Амма газалъулъе бахунеб нигІмат гьечІин абулаан цо-цояз. Гьеб тІокІлъиялъухъ урхьун рукІиналъ, цебе абухъе, гІедегІарал гІадамал гІатІиракьалде ва шагьаразде ана. ГьабсагІаталъ халкъалъул лъабил бутІа гурони гьечІо росулъ. Ригьзал руго - гІадамал гьечІо. Амма Аллагьас нилъ рехун толел гьечІолъи бихьана. Гьеб кьурде халгьабидал, имамас гьабун букІараб васигат ракІалде щвана: «Рехун тоге умумузул ракь, дагь гурони пайда щвечІеб нужее гьелдасан, амма гьеб буго нужер ракь, нуж рижараб ракь, нужер ватІан, цІуне гьеб». Лъалеб букІун батиларищха лъикІал чагІазда нахъа нилъее ккезе бугеб бигьалъи.

БицинчІого ракІ букІунеб гьечІо гьеб иш рагІалде бахъинабулаго гьабураб жигарчилъиялъулги. Росдал кІалалдаса байбихьун лъун руго трубаби. Бахъана цІияб нух кьурул ракьанде, гьел трубаби лъолеб бакІалде щвезегІан. Гьениса цІакъго захІматаб бакІалде кверальт раччана кІиголъабгояз ккун. Росулъа хІалтІи гьабизе чи гІолел рукІинчІелъул, щибаб гІодобкъоялъ рачІана шагьараздаса гІолохъаби. Баркала буго гьезие. Хунздерил магІардаса, кьурулъа гъоркье риччазе кколел рукІана гьел. Гьеб букІана унго-унгояб альпинистазулаб хІалтІи. Жибго гьеб ишалъул нухмалъулев субподрядчик Кванхидалъа АхІмадкамилица абун буго, жив гьадинаб хІалтІуда дандчІвачІин гьалгощинал соназ ва рагІи кьун буго, гьаб иш рагІалде бахъани, росдада базе течІого, садакъа гьабилин абун.



Гьеб кинабго ишалъе кьучІ лъурав чийин абуни вукІана Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вукІарав, мунагьал чураяв ГІалиев ГІарип. Гьеб букІана гьесул росдада аскІоб гьабулеб кІиабилеб кІудияб хІалтІи. ТІоцебесеб ккола Гьандихъе гьесул нухмалъиялда гъоркь бахъараб цІияб нух. Амма гьелдалъун ГІарипил хІаракатчилъи лъугІичІо. Гьес кІудияб бутІа лъуна росулъе рачІунеб бакІалда, Гьанхъадерил лъаралда тІасан лъураб кьо балаго, Гьандихъ бараб цІияб мажгиталда. Гьаб иргадулаб хІалтІиги, анкьго-микьго соналдаса гурони планалда букІинчІониги, гьесул бажариялдалъун цебе бачана. Абунги буго гьев мунагьал чураяс, ковидалъ унтун вугев чияс, гьеб трубаялъул кІал магІардаса рагІалде баккани, хваниги кІваричІилан. Гьединаб тІалабалъ ва росдаде бугеб рокьиялъ цо чияс гьабураб хІалтІиялъ кинабго жамагІаталда гьира базе гьабуна, хасго гІолохъабаз гъуждул гурана. Ва хехал тадбирал гьарун, росулъа кьурул ракьанде раччана къваригІанщинал трубаби. ТІасахун, магІардасан кьурулъ пархонарел гІолохъаби МухІамадов Амин, Шамсудинил МухІамад, МухІамадхІажиев ГІабдулкъадир, Асадулаев СагІит эхере трубаби риччазе хІалтІана. Цоцазда сваркаялъ рекІинарун, Кьохъа ТІагьирхІажияс, цояб рахъ машинаялда рухьун, риччалел рукІана гъоркье. Гьебин абуни букІана унго-унгоги кино бахъизе бегьулеб хІалтІи.





Гьедин лъугІана гьеб бахІарчияб хІалтІул эпопея. Ва 11 октябралда гьанхъадерил мажгиталда тІолабго росдал гІадамаз кІодо гьабуна рохалилаб лъугьа-бахьин – росдае анищ букІараб нигІмат щвей. НигІмат, амма цІакъ цІодорго ва мухІканго жиб хІалтІизабизе кколеб.

Гьелъул пайдаялъулги, мекьи ккани, гьелъул балагьалъулги ва жидецаго гьабураб хІалтІулги бицун кІалъана росуцоял Думалаев ХІумайд, МутагІилов МагьдихІажияв, Думалаев МахІмуд, ГІалихІажиев ДибирасулмухІамад, ХІайбулаев ГІабдулмуъмин, рехсана гьабсагІаталъ унтун вугев, росдае хІажатав ГІабдулвагьабов МухІамадги ва цогидалги.

Районалъул бетІер МухІамад ХІасановас гьанхъадерида баркана кІудияб лъугьа-бахьин ва лъикІаб къимат кьуна жамагІаталъ гьабураб хІалтІуе, цогидал росабалъеги гьединаб рохел тІаде щвезе букІиналъул пикру щулаги гьабуна.

***МухІамад ГЪАЗАЛИЕВ***

# «Гъуниб» - 100 сон

## 1923 соналъул анкьабилеб ноябралда къватІибе бачІана «Гъуниб» газеталъул тІоцебесеб номер

*(Байбихьи 1-себ. гьумералда)*

МахIачхъалаялъул аэропорталда гьезда дандчIвай гьабуна ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МахIмуддибир Каримовас, имам Шамилил цIаралда бугеб фондалъул председатель ГIалиасхIаб Хархачаевас ва цогидазги.

Байрамалда гIахьаллъи гьабуна РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат **Сайгидпаша ГIумахановасги.** Данделъиялда кIалъазе вахъарав гьес абуна:

- Гъуниве щведал, цоги нухалдаги чIухIизе бачIана дунго магIарулав вукIиналдаса. Дун чIухIаравги вуго нилъерго миллаталдаса. БитIараб бицани, ракIалде кколаан нилъер мацIги гIадатги кIочонеб бугин, миллатги тарихги балагъулел чагIи гьечIин абун. Амма гьаниб бугеб культураги, фонограмма гьечIого ахIулел магIарул кучIдулги, миллияб ретIелгун кьурдулел кьурдухъабиги, рахьдал мацIалда гьарулел тадбиралги рихьидал, чIухIизе бачIана. Гьаб районги, районалда жанир ругел нужги, нужер аваданлъиги, районалъул бутIрулги, гьениса депутаталги рихьидал, цIидасанги рокьи ккана магIарулазухъ. Гъуниб ккола машгьураб район. Гьаб районалдаса вукIана республикаялъул кIиго нухмалъулев, 12 БахIарчи, хIатта цо росулъа вахъана ункъо БахIарчи. Гъуниб район ккола ГIали ГIалиев, ГIабдурахIман Даниялов гIадал машгьурал чагIазул ватIан.

Жакъа районалъул 100-сонилаб юбилеялде вачIине рес ккеялдаса вохаравги вуго. Газеталъул бетIерав редактор МухIамад Къебедов дида цевегоялдаса нахъе лъалев журналист вуго. Турциялда тIоритIарал фестиваласдаги цадахъ гIахьаллъи гьабуна нижеца. Гьенир ругел магIарулазул гIумру-яшавги лъазабун, гьезул хIакъалъулъ «Апаргазаби» абураб цIаралда хасаб тIехьги хъвана гьес.

Цоги, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, дир гьудул МухIамад КIудиямухIамадов ккола халкъалъул тIалабал тIуралев чи. Гьев нужеца вищана ва нуж мекъиги ккечIо. Спортсменасул букIуна Олимпиялъул чемпион абураб цIар, журналистасул - «ДРялъул мустахIикъав журналист» абураб. Жакъа гьеб шапакъат щун буго Къебедов МухIамадие, гьебги КIудиямухIамадовасул хIаракаталдалъун. Гьес дир хIурматги гьабун, дихъе кьун буго шапакъат МухIамадие сайгъат гьабизе. Баркула, МухIамад, тIадегIанаб цIар ва хадур гIемерлъаги», - ян.

Байрам тIобитIизе квербакъарав районалъул нухмалъулев **Расул ХIусеновас** абуна:

- Нилъер газеталъ нахъа тараб 100 сон, гьеб буго кIудияб тарих ва гьелдаго цадахъ жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубайги. 1923 соналдаса нахъе гIемераб лъим чваххана ралъдахъе, амма жакъаги газета хIалтIулеб буго. Республикаялда цониги районалъул гьечIо гьединаб тарих бугеб газета. Газеталъул юбилей кIодо гьабулеб тадбиралда гIахьаллъизе нилъехъе рачIун руго батIи-батIиял бакIаздаса гьалбал.





Гъуниб районалъул бетIер Расул ХIусенов ва Шигьабудин Озден




ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал МахIмуддибир Каримов ва МухIамад КIудиямухIамадов

Баркала буго гьезиеги, нилъги кIодо гьарун, нилъеда цадахъ байрам баркизе рачIаралъухъ. Нижер хIукму ккана Шигьабудин Оздение «Дагъистаналъул халкъияв БахIарчи» абураб цIаргун цIва кьезеги, - ян.

Цевеги ахIун Озденил каранда гьес бана Меседил цIваги.

Жиндир хIурмат гьабиялдаса разилъарав **Шигьабудиница** абуна:

- ТIоцеве дун гьаниве вачIун вукIана 30 соналъ цеве, Яловаялъул ансамблгун. Ниж киса-кирего щвана, амма Гъуниб гIадаб берцинаб бакI кибго батичIо. Нуж рихьиялдаса цIакъ рохаралги руго ниж. Киназего баркала. Салам нужеде Турциялда ругел магIарулазул рахъалдасанги».

Тадбиралда кIалъана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал **МахIмуддибир Каримов** ва **МухIамад КIудиямухIамадов:**

**МухIамад КIудиямухIамадов:**

- Дун цIакъ вохаравги чIухIаравги вуго гьадинаб кIудияб данделъи нилъер районалда тIобитIиялдаса. ХIакъикъаталдаги гьеб ккола, Гъуниб районалъе гуреб, тIолабго Дагъистаналъего кьучI лъураб тIоцебе магIарухъ къватIибе биччазе байбихьараб газета. Гьелда жаниб буго нилъер умумузул къисмат, гьеб кIочон тезе бегьуларо. Нилъеца нилъерго тарихияб, бечедаб газета жеги цебетIезабизе ккола. Гьелъие кумекалъе нижги руго кидаго хIадурал. Баркала буго Къебедов МухIамадие, гьесда хьолбохъ чIун, гьаб тадбир гьабизеги, щиб къваригIаниги квербакъаразеги. Хасаб баркала буго районалъул нухмалъулев Расул ХIусеновасеги. Нилъехъе вачIине кколаан РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Хизри Абакаровги. Амма гьесул вачIине рес рекъечIо. Гьесиеги баркала буго районалъе гьабулеб кумекалъухъ. Баркала буго Турциялдаса рачIарал гьалбадерие. Баркала буго Сайгидпаша ГIумахановасе. Гьев вуго щиб къварильи кканиги аскIове ине бегьулев инсан.

**МахIмуддибир Каримов:**

- Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго районалъул газеталдаго цадахъ Расул ХIамзатовасулги юбилей. Расулил хIакъалъулъ гIемерал тадбирал гьаруна нилъеца, амма кигIан гьаруниги, гьелъие мустахIикъавги

вуго гьев. Расулие цIакъ хирияб район букIана Гъуниб.

Дида лъала мунагьал чураяв МухIамад Баширов газеталъул редакторлъун вугеб заман. Гьес хъвалаан унго-унгояб хIакъикъат ва хIинкъуляроан я райкомалъукьа, я хIакимзабакьа. Дие бокьилаан МухIамадица газеталъул къиматги, къадруги, къуватги жеги борхизабизе. Нилъеца бицине ккола нилъерго тарихалъул, (нилъер бугелъулха гIезегIан бечедаб тарих), цере рукIарал хIакимзабазул хIакъалъулъ. Нилъер гIун бачIунеб гIелалда гьеб лъалеб гьечIо. ЦIакъго кIвар кьезе бокьилаан школазул директорзабаз магIарул мацIалъул дарсазде. Ункъабилеб классалде щвезегIан дарсал магIарул мацIалда кьолел ругони, лъикIаб букIинаан. Дица гьеб чанго бакIалда цIехана, гьеб рахъалъ нужеда гIайиб чIвалев чиги вукIине гьечIо. Дун дагьав цевегIан, Расулил юбилей гьабулеб мехалда щун вукIана Турциялде, Ялова шагьаралда бугеб гьесие бараб памятникги бихьана. Щвана магIарулал ругеб росабалъе. Гьениб гьез бицунеб мацI бихьидал, дие цо батIияб асар гьабуна. РакIалде бачIана умумузул заманги, тарихги, баракатги.

Райгазеталда юбилей баркана «МагIарулай» журналалъул бетIерай редактор ва Авар мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул нухмалъулей **Баху МухIидиновалъги:**

- Авар мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъ ва «МагIарулай» журналалъул хIалтIухъабаз ракI-ракIалъ баркула газеталъул редактор МухIамад Къебедовасда, коллективалда, типографиялъул хIалтIухъабазда, газета цIалулезда ва тIолабго Гъуниб районалъул жамагIаталда юбилей. Бищунго захIматал соназ бахъизе байбихьараб газеталъ гIадамал ахIулел рукIана ракълилаб, берцинаб гIумруялде, маданиятгун магIишат цебетIеялъе гьабулеб букIана кумек, цIикIкIинабулеб букIана лъай, кьолеб букIана тарбия. Бищунго пагьму-гьунар бугел гIадамалги хIалае рачун, «Гъуниб» газета лъугьана гIадамазул ургъел бикьулеб, анищал тIуралеб, лъикIаб, эркенаб, бечедаб гIумруялде гIадамал ахIулеб бакIлъун. «Гъуниб» газета кидаго букIана халкъияб кIалзул гьунаралъул гъамаслъун, халкъалъе литературияб авар мацIалъул иццлъун, гIемерал хъвадарухъабазул, шагIирзабазул, гIалимзабазул, жамгIиял хIаракатчагIазул махщел цIубазабулеб мактаблъун. Нахъа тараб нусабго соналъ, Гъуниб районалъул захIматчагIазул гIумруялъул ва гьеб гIумру гьарзаяб, авада-наб букIиналъе гIоло къеркьеялъул нухлул тарих хъвана газеталъ. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалъго гIадин, жакъаги газеталдасан ВатIан цIунизелъун бараб ахIиялъ бахIарчилъи бихьизабулеб буго нилъер гIолилаз. Газеталъ кумек гьабулеб буго гIадамазе захIмалъаби къезаризе, магIишат цебетIезабизе, цоцазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъизабизе ва Дагъистанго вацлъиялда букIине.

Щибаб гIасруялъ церелъола масъалаби ва гьел тIуразарулаго цебетIола инсаниятги. ТIубараб гIасруялъ жинда церелъурал масъалаби тIуралеб, халкъалъе гIагараб авар мацIалда рухIияб хазина бикьулеб, гIадамал берцинаб гIумруялде ахIулеб, церехъабазул ахIи гIадамазухъе щвезабулеб, жамагIатазул гIумру цогидазе мисалалъе бачунеб букIана «Гъуниб» газета. Авар миллаталда жанибги кидаго жидерго рагIиги жидерго пикруги букIана гъунисезул. Гьебги «Гъуниб» газеталъул гьурмазда загьир гьабулеб букIана.

Хадурккунги церелъурал масъалаби тIуразе рухIги, жанги, къуватги, квакIиги, гIакълуги, гIелмуги, гIумрудул хIалбихьиги кьейги «Гъуниб» газеталъул хIалтIухъабазе.

КIалъазе рахъана гьалбалги, къаламцоялги, гьудулзабиги.

Щивас загьир гьабуна жиде-жидер пикру. Масала, «ХIакъикъат» газеталъул мухбир, магIарул мацIалъул мугIалим **Шамай Хъазанбиевалъ** абуна:

- Гъуниб районалъ Дагъистаналъул тарихалъул тIахьазда хъварал тIанчал ккола бищунго гвангъаразул цояллъун. Гьенисан рагIана нилъеда тIоцебе Расулил къункърабазул кечI. Дида цебе бачIана Халилбег Мусаясул сипат. МагIарул мацIалде хъвараб дирго цо кочIолъ рехсон букIана дица:

**Гьеб мацIалъ гIодана**
**магIарул пандур**
**Угьдана суратал дов**
**Халилбегил.**
**Гьеб мацIалъ бицана**
**дуниялалъе,**
**КIудияв шагIирас**
**Дагъистаналъул…**

> Газеталъул тIоцевесев редактор вукIана ЧIохъа Мадиев ХIажимухIамад, гьесдаса хадув машгьурлъана Залов ХIажи, ГIабдулмажид Хачалов ва цогидалги. Гъуниса журналистал рукIана «ХIакъикъат» газеталда гIемерисел хIалтIулел чагIи.

Гьале жакъаги Гъуниб – дунялалда машгьурлъарав кIиго магIаруласул дандчIвай. Гъуниб росдал майданалда данделъун буго гьитIинаб Аваристан – киса-кибего рагIулеб магIарул кечIалъги, гьелдаго цадахъ гьалбадерие салам кьолеб магIарул кванил нигIматалъул гьуинаб тIагIамалъги, лъикI щварайилан ахIулеб букIана. Гьанибго ракIалде щвана дида умумузул кициги: БогIол рокьиялъ гIадин, гIадамал гьуин гьаруларин абураб.

Щибаб росдал гIадатазе тарихалъе, рохалил тепсидае сайгъат гьарурал чадразухъе щолел рукIана гьалбал ва щибаб росдаца салам кьолеб букIана кьурди-хъаталдалъун, кечI-бакъаналдалъун. Чанго кьурдул свери бахъизеги рес щвана зурмил бакъаналда гъоркь. Дидагоги лъачIого кочIол сверулъеги ккун ятана. Ихтилат-кепалда гъорлъги цо-цо пашманлъиги камулеб букIинчIо. Гьеб къоялъ Гъуниб росдал культураялъул кIалгIаялъуб рагIулеб букIинчIо Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул гьаракь.

КIудияб рохалил асаргун тIадюссана дун Гъуниса. НухарегIана гъуниселги хирияв, гъунисезеги хирияв ХIамзатил Расулил къункърабазул сариназ. Гьездаго цадахъ дида рагIулеб букIана АхIмад ЦIурмиловасул ахирисеб пашманаб бакъанги.

ГIемерлъаги магIаруллъиялда гьадинал берцинал, гIадамаз цоцазе рокьи, гьими кьезе рес бугел дандерусинал.

Ахиралда **МухIамад Къебедовас** бицана жинцаго нухмалъи гьабулеб газеталъул хIакъалъулъги:

- Нилъ цолъизарун руго, гьитIинабин абуниги, «Гъуниб» газеталъ. Нилъеда бихьулеб буго газеталъул гьунар. Цебего, 1923 соналъ, жеги газетаго букIинчIеб заманалда, мунагьал чураяв ЧIохъа МухIамадмирза Мавраевас, гьакидаги лъун тIоцебе бачIана гьанибе «Хамер» машина. Гьелдаса нахъе Гъуниб округалда, чанго районалъул газеталги гьенир рахъулаан. Гьедин дагь-дагьккун, жакъа къоялде щвезегIан цIунана газета. Газеталъул тIоцевесев редактор вукIана ЧIохъа Мадиев ХIажимухIамад, гьесдаса хадув машгьурлъана Залов ХIажи, ГIабдулмажид Хачалов ва цогидалги. Гъуниса журналистал рукIана «ХIакъикъат» газеталда гIемерисел хIалтIулел чагIи. Гьединлъидал, журналистазул хIакъалъулъ абуни, Гъуниб район буго гьезул рахъалъан бищун машгьураб. Бокьун буго гьанир ракIалде щвезаризе мунагьал чураял Баширов МухIамад, Халитов МухIамад, ГIумаржан ХIажигIалиев ва цогидалги. Баркала буго гьанире рачIаразе. Баркала буго журналистасул хIалтIул къимат гьабун, шапакъат кьолаго, Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановас гьабураб каламалъухъ. Дир цIаралда абунщинал рагIаби, гьел руго кинабго жамагIаталъул адаб гьабун, гьабураб Сайгидпашал калам. Дагъистаналъул бетIер С. Меликовасул амруялда рекъон бачIана «Дагъистаналъул мустахIикъав журналист» абураб хIурматияб шапакъат. Бокьун буго тIоцебе Гъуниб районалъул депутатазул собраниялда гьеб суал борхарав районалъул депутат ХIажиев Арсение, гьесул рахъккурал тIолалго депутатазе, гьеб къабул гьабурав Гъуниб районалъул бетIер Расул ХIусеновасе баркала кьезе. Хасаб баркала буго Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад КIудиямухIамадовасе. Гьайгьай, гьеб пачалихъияб шапакъат дихъе кьезеги, районалъул газеталъул нусгосонилаб юбилей кIодо гьабизеги, кинабго рехун тун, халкъазда гьоркьосел гугариялъул къецаздаса вахъун, Гъуниве щвезегIан вачIарав Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасе баркала кьун, дир гIумруялъ лъугIиларо.

«ХIакъикъат» газеталъул тIолалго хIалтIухъабазги баркула МухIамад Къебедовасда ва коллективалда районалъул газеталъ 100 сон тIубаялъул байрам. Гьарула бергьенлъаби ва жеги нус-нус соназ чIаго хутIаги «Гъуниб».

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***





ИСКУССТВО

## Махщалилазул выставка

14 ноябралда Дагъистаналъул Художниказул союзалъул выставкабазул залалда рагьана юбилярал-художниказул хIалтIабазул халгьаби.

Данделъи рагьулаго, Россиялъул Художниказул союзалъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул председатель, художник-ювелир, Россиялъул художествабазул академиялъул член-корреспондент КъурбангIали МухIамадовас абуна: *«Художниказул союзалъул бергьенлъаби - гьеб ккола щивав художникасул бажари ва махщел. Нилъеда бихьулеб буго кинаб хатI, лъалкI художниказ толеб бугебали суратал рахъиялъул, рукIа-рахъиналъул тIагIалаби гьариялъул искусствоялъулъ, халкъияб творчество цебетIезабиялъулъ.*



ГI. МухIамадовас жиндирго хIалтIабазул бицунеб буго

*Дагъистаналъул Художниказул союзалда гьабсагIаталда вуго 165 чи. Гьезда гьорлъ руго академикалги, член-корреспонденталги, Россиялъулги Дагъистаналъулги халкъиял ва мустахIикъал художникалги. Гьездасан 65-ясул хIурматияб цIарги буго»,* - ян.

Выставкабазул залалда ругел хIалтIабазулъ хасаб бакI ккун буго РФялъул мустахIикъав художник, ДРялъул халкъияв художник, Художниказул союзалъул член, скульптор, Дагъистаналъул пачалихъияб премиялъул лауреат МухIамадов ГIалица рахъарал суратаз, гьес гьарурал скульптурабазул, памятниказул макетаз.

ГIалил хIакъалъулъ газеталда гIемераб хъвана, кигIан хъваниги Дагъистаналъул маданияталъулъгун тарихалъулъ жиндирго хатI тарав гьев мустахIикъавлъун вихьула цоги нухалдаги цIалдолезда ракIалде щвезавизе.

Исана ГIалил тIубана 70 сон. Гьев ккола ЦIумада районалъул Гьигьалъ росулъа.

ГIалил хIалтIаби рихьизе рес буго Дагъистаналъул къватIаздагун, къиматал бакIазда гурелги, республика бахун къватIирги.

ЧIохъа ГIали ГIалиевасе, КIикIуниса ГIабдурахIман ГIусмановасе, ЦIада росулъ «ХъахIал къункърабазе» ва гIемерал цогидалги скульпторасул хIалтIаби рихьидал, гIажаиблъизе бачIуна, БетIергьанас гIадамил лъимадуе кьун бугеб махщелгун гьунаралда. Скульптураби, памятникал гьаризе гуребги, суратал рахъизеги гьунар бугоан ГIалил. Выставкаялда ругел гьесул хIалтIабазухъ балагьидал, бихьулеб букIана гIагараб росу, район, хурухъанлъиялъул хIалтIаби – гIадатияб магIарухълъиялъул гIумру.

Гьебго выставкаялда рукIана Агъамирзаев Агъамирзаца цIулада рикIун гьарурал шахматал, гIучIалтIам ва цогидалги батIи-батIияб тIагIалаби. Художниказул союзалъул член Ажу Качаевасул, ДРялъул мустахIикъай художник Асият ХIажимирзаевалъул, Евгения Мурзаевалъул ва цогидалги художниказул суратал рихьизе бокьарал ине бегьула выставкабазул залалде. Гьеб хIалтIизе буго гьаб моцIрол ахиралде щвезегIан.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# Цевесев гьудул гIадин, гьимана дие шагIир

### ГIумархIажи Шахтамановас 90 сон тIубаялде



**Шахтамановасги Дагановасги**
**Дагъабищ беццараб къаралазул мухъ?!**
**Абакарицаги гьевго Шагьасги**
**БиччачIо чияхъе кечIалъул байрахъ.**
**НурмухIамадовги Насрулаевги**
**Наслабазе сарин цIунулел цадахъ…**
**Хъвадарухъабиги кочIохъабиги**
**Камилго куцалеб фабрикищ Къарахъ?!**

Къо багIарун букIана. Кинаб бугониги, цIорораб лъамалъи гьекъонниги къеч хьвазе «Дагестан» гьалбадерил рукъалъул рестораналъул роол жанахIалъуве лъугьана дун. ВачIинахъего халлъана къададаса даларaб гIурччинлъиялъул рагIдукь столалда нахъа вугев чи. Дида ккана гьев кивалиго вихьаравилан. ЛъикI ургъидал, казиятазулги тIахьазулги гьурмазда гIемер вихьарав ГIумархIажи Шахтаманов вукIине кколилан цойиде бачIана пикру. Таваккалго гьесде тIаде ана, саламги кьун, аскIов гIодов чIезе бегьилищан гьикъана. Гьес, эхеде ворхунги вачIун, квер бачана ва жив ГIумархIажиян абуна.

> КIигоялдасаниги цIикIкIун сагIаталъ халалъана нижер накъит. Бицана адабияталъулги маданияталъулги. КIудияб чIухIигун рехсана Расул ХIамзатовасул, Муса МухIамадовасул, Фазу ГIалиевалъул ва цогидазулги цIарал. ГIабасил МахIамадил кочIол мацI хIикматаб бугилан абуна.

- Нилъ цереккун дандчIван рукIанадай? - ин гьикъана гьес.

- Дургун лъай-хъвай дур шагIирлъиялдасан ккана, амма бадиса бадире рихьун рукIинчIо, - ин гьикъана дица.

- Бице дурго хIакъалъулъ, - ан дихъ балагьана, ГIумархIажи.

Гьеб балагьиялъулъ бихьана гIадан тIаде цIалеб, пахрулъи гьечIеб гIадатлъи, гIатIидго рагьараб рекIел кунчIи. ЦинтIаго нижеда сверухълъи цIуна магIарул годекIаниса хасаб гIакъиллъиялъги, кьуркьи лъалареб къуватальги, сабрулъиги. ГIумруялъул гIемерал суалазе жавабал кьолел асараз тIуванго рагьун вукIинчIев Шахтаманов, жаниб хIабургьин гьечIеб цохIо балагьиялъ рагьана.

Дица бицана шагIирлъиялъул болъодул гьоркьияб хIокIида хIетIе лъун бугилан. Гьеб мехалъ гьев, анцIила анкьго соналъ кIудияв, дунгун гIел бащадав гIадин кIалъана. КIигоялдасаниги цIикIкIун сагIаталъ халалъана нижер накъит. Бицана адабияталъулги маданияталъулги. КIудияб чIухIигун рехсана Расул ХIамзатовасул, Муса МухIамадовасул, Фазу ГIалиевалъул ва цогидазулги цIарал. ГIабасил МахIамадил кочIол мацI хIикматаб бугилан абуна. Имам Шамилил цIаралда сверухъ гьабураб кIалъайги Москваялъул БагIараб майданалде битIараб кагътатги жакъаги ракIалда буго.

Ахиралда шагIирас чвантиниса бахъун бачIана «ДАНДЧIВАЙ» абураб гьитIинабго тIехь. Гьелъул жанисеб рахъалда хъвана:

**«Рогьалил какил гIужлъун**
**Гьудуллъи цIуне дуца»**
ГI.-ХI. Шахтаманов *(граф)*

Хадуб дица хъвана «ДАНДЧIВАЙ» абураб асар. Гьелдаса нахъе ана лъебергоялдасаги цIикIкIун сон. РакIалда буго иргадулаб тIехьалда къачIан гьеб лъезе. Гьелдаса цо-цо лахIзат гьадинаб буго:

## ДандчIвай

«Дагъистан» гьалбадерил
Рукъалъул жанахIалъув
Гьалараб рицIцIилгъотIокь
Лъалев цо чи халлъана.

Дир саламалде данде
ТIаде ворхун вачIана.
ГIумархIажиявилан
Бачун квер кIобокIана.

ТIохьол гьурмада гурев,
Вихьун вукIинчIев цоги,
Цевесев гьудул гIадин,
Гьимана дие шагIир.

Асаразулъ тIуванго
Рагьизе щвечIев къайис,
Гьудуллъиялъул гьиналъ
Дангъва лъурав ватана.

КъаралгIоралъул хъуди
РагIана дир гIундузда,
ГIагараб тIалъиялъул
ТIокIгьабун бицунелъул.

Хурдузулги тIогьолги
Гьайбатаб махIги чIвана,
Харабиги гIумруги
МацIалъ гIемер рехседал.

КIигьумерчилъиялъул
Гьулак вукIинчIо шагIир –
Щула рагIи кколезул
Руккалилъ чIана мудир.

ГIаламалда махIчIвалеб
Мекъльи малакье бана.
ГIумруялъе нух кьолеб
Къанун щулаго ккуна.

РакIщвараб гьудуллъигIан
Щулияб сангар гьечIин,
ЧIанкIалги МахIмудилги
Мисалги гьоркьоб лъуна.

ТIубачIеб рокьуцагIан
Рагьалъцин лъукъуларин,
Лъелаб анищгун МахIмуд
Муица тей бицана.

Имамасул цIар цIунун,
ЦIадай кIанцIарав наиб –
БагIараб майданалде
Кагъат битIарав катиб.

Къокъабго дандчIвай ккана
Дирги шагIирасулги.
РекIахъе чирахъ тана
Чилъиялъги яхIалъги.

***МухIамад РАМАЗАНОВ,***
***Гъизилюрт шагьар***

# ЛъикIлъиялъул кучIдузухъе сапар

## МахсутI ЗайналгIабидов гьавуралдаса – 85 сон

**Жакъа 85 сон бана магIарул шагIир ва хъвадарухъан, Хьаргаби районалъул Тунзиса МахсутI ЗайнулгIабидовас. Бокьун буго берцинал рагIабаздалъун гьесда юбилеялъулаб байрам баркизе. Дунялалда ругелщинал лъикIал ва берцинал рагIабазул цIурал хулжал щун ругин абизе бегьула МахсутIихъе - щивасе рикьизе, щивасда абизе гьединал рагIаби ратула шагIирасда. Ва щивасеги – батIи-батIиял. АнцIго соналъ уней йиго дун хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул дандеруссиназде. АнцIабго соналъ гIенеккун йиго гьел тадбиразда гьарулел МахсутIил кIалъаязухъги. Унго-унгоги, гьезулъ букIунебщинаб хинлъиги рокьиги. Кисадай гьасие гьалгощинал берцинал рагIабиян ккелеб хIалалда реццула гьес гIадамал.**



*- МахсутI, щай дуца гьеб хIалалда гIадамал реццулел? Унго-унголъунги, цо дагьабниги къатIра гьалатIазулищха гьезул букIунареб?* - илан абидалги, гьимула гьев.

*- ГьалатIалги рукIуна. ГIунгутIабиги нилъер киназулго рукIуна. Дица реццулеб мехалдаги, гьезда жидедагоги ричIчIулел ратила жидерго гьалатIал. Амма дир реццбакъалдаса хадубгIаги рес гьечIоха гьев лъикIаб рахъалдехун хисичIого. Биччанте гIадамаздаги гьев гIицIго лъикIаб рахъалдасан лъазе. Квешлъи гьадингоги гIураб къадаралда буго ракьалда,* - йилан абула гьес.

МахсутIил лъикIлъиялъул даража цIакъго тIадегIанго буго. Гьелгощинал сонал ранги, цогидазул хIакъалъулъ цониги квешаб яги гьезул ракI лъукъулеб рагIи абичIого чIезе кIвейги буго гьунар.

ШагIирасул рекIел бацIцIалъиялъеги гIадамаздехун гьесул бугеб рокьиялъеги нугIлъи гьабулеб буго гьаб кечIалъги:

**- Дир хIакъалъулъ абураб**
**Квешаб бицунге дида, -**
**РекIелъ илбис кьинлъизе**
**Бокьун гьечIин чиясде.**

**Дир хIакъалъулъ абураб**
**ЛъикIаб жо бице дида, -**
**Тушманав чиясулъги**
**Вацасулъ гIадин чIезе.**

**ГьечIищ щибго сахаб жо,**
**Дир хIакъалъулъ абураб -**
**Абе гьев чиясул цIар**
**Гьадинго дида цебе.**

**Дица гьесул цIаралъул**
**Гьабураб адабалъул**
**БукIунеб лъикIаб бачIин**
**Бихьила дунялалда.**
**(«ЛъикIаб жо бице дида»)**

Гьалеха нилъер МахсутI, гIадамазулъ гIицIго лъикIлъи гурони бихьуларев. Ва гьеб цогидазулъги кузе тIаде босарав инсан.

Цоцаздехун бугеб божиялъги гIумру берцин гьабиялда ракIчIарав шагIирас гьадин хъвалеб буго:

**- Бищунго аслияб жо -**
**Божи букIин чиясулъ:**
**Божи - халкъалъул хьулал**
**ТIуразе рукIиналда.**

**Божи – битIараб нух кквей,**
**Инсаният рекIелъ кквей,**
**Инсаниятилан ккун,**
**Руккелахъе ккунгутIи.**

**Божи – жамагIаталъе**
**Жавабиявлъун вукIин;**
**ВатIаналде къо ккани,**
**Къулуларевлъун вукIин.**

**Бищунго аслияб жо -**
**Божи буго чиясе:**
**Чилъиялъе хIажатаб**
**Живго жиндаго божи.**
**(«Аслияб жо»)**

ШагIир, МахсутIил пикруялда, вукIине ккола живгоги вацIцIадав, пикрабиги рацIцIадав, миллаталъулги ватIаналъулги ургъалида вукIине кколев чилъун. Миллаталъул вакиллъунги гьелъул микрофонлъунги. Гьел МахсутIие ккола гIадатал гуреллъун, ТIадегIанас хIикматаб гьунарги кьун, ракьалда гIицIго лъикIлъи бекьизе ритIарал гIадамаллъун. Гьединлъидал гьесул рекIее захIмалъулеб буго шагIирзабазда гьоркьобе зама-заманалдасан илбис лъугьин:

**- Поэтал, гьудулзаби,**
**Гьалмагъзаби ва гьалбал,**
**Нуж цоцалъ рагIи гIадаб**
**ГIазаб гьечIо ракIалъе.**

**Нужер тушманлъиялъе**
**ЩибгогIан гIилла гьечIо,**
**ГьитIинаб лъимадулаб**
**ГIамал цIуни гурони.**

**Жиндирго тIалаялъуб**
**Найгун най багъуларо,**
**БацIазул руккалилъцин**
**Цо ккураб сабру лъала.**

**Барщаравгун барщуге,**
**Щибго хIал лъазе тоге,**
**ШагIирги гIасилъани,**
**ГIадамаз щцин кин кквелеб?**

**Цин цеве мунго рекъон,**
**Квал бай барщун чIараcда,**
**Бодул цевехъан кьижун,**
**Кьалде аскар унарин.**

**Аллагьас тIокIлъи кьураб**
**Кьерда ругин нуж рещтIун.**
**Халкъалъ аварагалин**
**Абула поэтазде.**

**Щцидае лагълъиялда**
**Церехъаби бегьилищ!?**
**Илбисалъул амругун**
**Аварагълъи бегьилищ!?**
**(«Рагъ те, шагIирзаби»)**

ГIажаибал берални кьун руго ТIадегIанас МахсутIие, цохIо лъикIлъи гурони бихьизе бокьуларел, лъаларел. Гьединал берал къарзалъе росизе бегьулеб, бажарулеб букIарабани, гIумру дагьабги берцинаб букIинаан ракьалда, рокьиялъ рокьукълъиялда тIад бергьенлъи босараб. ШагIирасул гьаб хадусеб кечIалъги талихIалъул бакъ рещтIинабула нилъер щивасухъе:

**- Дун къватIиве вахъана**
**Июналъул рогьалилъ –**
**РорчIами, гьутIби, хIанчIи,**
**ГIурччинал мугIрул, кIкIалал!**

**БорчIами, хьахIилаб зоб,**
**Бакъуе къачIадулеб!**
**РорчIами, магIарулал,**
**Радал рахъун ругьунал.**

**БорчIами, щуб тIад ккараб**
**Беричаб, бечедаб ракь,**
**Гьаб кинабго берцинлъи**
**Буго дуда тIад бижун.**

**БорчIами, дир дуниял,**
**Дуниял цIураб гIалам.**
**Квербакъи кьеги нужей**
**Гьабулеб лъикIлъиялъе.**
**(«БорчIами, дуниял»)**

*- МахсутIил буго цIакъго гьайбатаб, лъикIаб хасият – ракI-ракIалъго гьесул рокьи ккун буго нилъер гучал мугIрузухъ, гIагараб Дагъистаналъул гьайбатаб тIабигIаталъухъ, нилъер гIадамазул бахIарчияб захIматалъухъ. Гьелдалъун гьес хьван руго зодиса чIегIерал накIкIал лъахъвалеб цIилищIалъул хIакъалъулъ гIадаб рекIее асар гьабулел кучIдул. Гьел кучIдуздасан бихьулеб буго, поэзиялда жиндир тIолабго нух халкъалъе хьулухъ гьабулаго, нахъа тезе поэтас жигар бахъулеб букIин,* – гьадин хьван букIана МахсутIил поэзиялъ асар гьабурав ХIамзатил Расулица.

...гун дандчIвазе ячIуна гьесул лъади Майсарат-адаги. Адайилан абидал, дагьайги йохула гьей. МахсутIиеги гьабула махсара, цин дацийилан, цин кIудийилан абун.

Гьезул цоцаздехун бугеб гьуинаб гьоркьоблъиялдаги бахиллъизе бачIуна…

КIиго шагIирасул рекIелъан бурун бачIунеб талихIалъул цIадул хинлъиялъ цIидасанги ахIулей йиго гьезул гъасде:

**- Лъималазулъ гьимиялъ**
**Гьимизе гьарула нилъ.**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**Гьеб гьимиялъулъ бугеб!**

**Баккун бачIунеб бакъул**
**Къиралаб цо гьайбатлъи.**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**Баккулеб бакъулъ бугеб!**

**Боржун уна гьинал ракI**
**Гьал чIирчIилел хIанчIалъе.**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**ХIанчIазул кочIолъ бугеб!**

**ЦIвабзазул зобалазулъ**
**Бугеб гъваридаб гIакълу.**
**Огь, Аллагьасул лъикIлъи**
**Гьадаб зобалъулъ бугеб!**

**БетIергьанасул цIарги**
**ЦIадул бакьулъе рехун,**
**ЦIорон хутIизарулеб**
**Квешлъи щайзе ургъулеб?**
**(«Аллагь, Мун тIаса лъугьа»)**

ШагIирасул творчествоялъе сайгъат гьабураб гьаб гьитIинабго макъалаялъул ахиралдаги лъолеб буго гьесул багIар бакъул чIораз цIалдолесегицин рохел кьолеб кечI:

**- Дун макьидаса ворчIун**
**Берал рагьараб мехалъ,**
**Мун ячIана рекIелъе! –**
**ЙорчIами, дир хирияй.**

**Хардаса щуб гьекъезе,**
**Баккун гьечIо жеги бакъ.**
**Буго цудунаб рогьел!-**
**ЙорчIами, дир хирияй.**

ГIажаибал берални кьун руго ТIадегIанас МахсутIие, цохIо лъикIлъи гурони бихьизе бокьуларел, лъаларел. Гьединал берал къарзалъе росизе бегьулеб, бажарулеб букIарабани, гIумру дагьабги берцинаб букIинаан ракьалда, рокьиялъ рокьукълъиялда тIад бергьенлъи босараб.

Гьеб битIарабги буго. Кинаб кечI цIаланиги, гьелъ гIадамазе рикьула лъикIлъиялъул къатIраби.

Расулил хIакъалъулъ цогидаз хъварал макъалабиги данде гьарун, МахсутIица къватIибе биччана ичIго тIехь. Гьеб буго кIудияв шагIирасул бечедаб ирс нилъееги нилъеда хадусел гIелазеги цIунун хутIиялъе гьабураб цIакъго кIудияб хIалтIи.

Амма Расул гьавуралдаса нусго сон тIубаялъул тадбиразда щаялиго нилъеда рагIичIо МахсутIил гьаракь…

ТубхIат Зургьаловагун цадахъ зама-заманалдасан щола МахсутIихъе гьоболлъухъ. Нижер гьаракь рагIидал, рохалил цIураб гьумер-

**Дуца гордал рагьана,**
**Рогьел ьжаниб биччана.**
**Огь, дуда чIвараб гьогьен!-**
**ЙорчIами, дир хирияй.**

**Яккана мун къватIие,**
**Баккана багIараб бакъ,**
**Гвангъана тIолго дунял!-**
**ЙорчIами, дир хирияй.**

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# ГIали, дур къурдабазул мацIалъул берцинлъи щиб?

**ГIали, дур къурдабазул мацIалъул берцинлъи щиб – хIайранлъизе гьарула «ВатIаналъул» лъималаз. МоцIрол сипаталда – мун, цIвабзазул сипат – гьезухъ, унго, нужер берцинлъи ВатIаналъул горсверулъ. Нужер гьунар кIалъана къватIисел улкабазда, гьудуллъи-вацлъиялъул бицана гьелъ гьезие. Дагъистанин ахIана, Кавказилан щурана, гIагараб улкаялъул каранда кенчIана гьеб. ГIали, дур «ВатIаналъулъ» бугеб берцинлъиго щиб, бакълъун – мун, чIораллъун – гьеб, гьеле гвангъараб сурат. ЧIорогоял къураб тарбия кьураб наслу, наслабазе мисаллъун гIасрабаз хутIила мун. Къисматалъул болъодул лъебералда щуго хIокI, талихIалъул бакъалъул лъебералда щуго чIор, «ВатIаналда» бараб нур, нижер Халкъияв артист, гIагараб миллаталъул зодихъ кунчIараб цо цIва.**



## Цо рохел, цохIо талихI

Цо рохел, цо гьими, цо пикру, цо анищ, цохIо къисмат – гьединаб буго ГIалилги «ВатIаналъулги» къиса. Гьеб кинабго дагъистаниязеги тIаде рачIарал гьалбадериеги бицине, иргадулаб нухалдаги дандельун рукIана МахIачхъалаялда, ГIурус театралда. Гьениб кIодо гьабулеб букIана лъималазул къурдул ансамбль «ВатIан» гIуцIаралдаса 35 сон тIубай. Тадбир байбихьилалде цебе бихьизабуна ансамблялъул тарихалъул бицунеб видеофильм.

Дагъистаналъул ва Чачан Республикаялъул халкъияв артист, Ингушетиялъул мустахIикъав артист, Россиялъул ва Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи ГIали МухIамадгIалиевасдаги «ВатIаналдаги» юбилей баркизе рачIун Северияб Кавказалъул республикабаздаса, Адыгеялдаса, Москваялдаса, Пятигорскиялдаса, Ставрополалдаса, Грузиялдаса, Казахстаналдаса вакилзаби - къурдабазул ансамблязул нухмалъулел ва искусствоялъул хIаракатчагIи. Гьадинго «ВатIаналда» юбилей баркана Дагъистаналъул Лъай кьелъул министерствоялъул рахъалдасан министрасул тIоцеесей заместитель Аида ТIалхIатовалъ, республикаялъул хIукуматалъул рахъалдасан - председателасул заместитель Муслим Телякаковас, Дагъистаналъул


«ВатIаналда» байрам баркулеб буго

Халкъияб Собраниялъул рахъалдасан - председателасул заместитель Камил Давдиевас. Ансамблялъул хIалтIухъабазе кьуна шапакъатал, сайгъатал ва хIурматиял цIарал.

Ва гьале байбихьана «ВатIаналъул» цебебахъин – гьелъул къурдабазул букIана азар батIияб мацI - рекъелги, гьудуллъиги, цолъиги, вацлъиги, миллатазде рокьиги, тушманасе жаваб кьезе хIадур ругел мугIрузул васазул гьаги.

Гьединго дандеруссиналда бихьизабуна, театралияб цебебахъин хIисабалда ГIали МухIамадовичас лъураб цIияб къурдиги. ЩIидасанги гвангъана сценаялда умумузул бахIарчияб цIарги тарихги…

Рахъун чIун хъатги кьабулаго, къабул гьарулел ва нуха регIулел рукIана тадбиралде рачIараз «ВатIаналъул» гьунарчагIи. Щибаб къурдиялъулъ бихьулеб букIана, гIицIго гьунар гуребги, гьез щивав къурдухъанасулъ куцалеб букIана миллияб гIамал-хасияталде, гIадатазде, маданиятазде рокьи.



Ва гьале сценаялда къурдабазда «рухI» лъурав ГIали МухIамадгIалиев. АнцIила микьилъ вугев гIолиласул гIадаб жан-жигаралда гьев цеве вачIиндал, гIадамал паналъун хутIана…

«РакIалдещвеял» - гьадинаб букIана къурдиялда цIар. Гьел лахIзатаз машгъурав къурдухъанасда цебе бачIунеб букIуниялда батила гIум-руялъул хIурулгIинлъун жиндие абадиялъе хутIизе йигей хирияй Мадинал сипат. Гьеб къурд ГIалица лъун бугоан жиндирго рухIги жанги.

ГIагараб халкъалъул халатбахъараб хъатил сасалдаго цадахъ бихьулеб букIана ГIалидеги ГIалил «ВатIаналдеги» бугеб рокьуеги адабалъеги гIорхъи гьечIеблъи. Гьелъие цоги нухалда нугIлъи гьабуна «ВатIаналъул» ветеранazги. Гьале сценаялда «ВатIаналъул» анкьабго гIелалъул къудухъабазул церерахъин – гьеб букIана гьез жидер къисматалда лъалкIал тарав вокьулев учителас гьабураб бищунго къиматаб сайгъат…

## «ВатIаналъул» тарихалдаса

Ансамблялъул творческияб гIумру байбихьана 1988 соналда МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул Пионеразул ва школьниказул рукъалъуб. Гьеб букIана къурдухъабазул гьитIинабго коллектив. Долдаса нахъе ана 35 сон. Къисматалъул – 35 хIокI, щибалъул жиндирго тарих бугеб. Гьелгощинал соназ коллективалъул художественнияв нухмалъулев ккола ГIали МухIамадгIалиев.

Регулел руго нахъехун «ВатIаналъул» тарихалъул тIанчал:

Лъималазул къурдул ансамбль «ВатIан» ккола Халкъазда гьоркьосел конкурсазул дипломант, лауреат. Гьал хадур рехсарал пачалихъаздаса ва республикабаздаса къурдухъаби тIадруссана, Гран-при премияги щун:

- Великобритания (1993 с.), Ялова - Турция (1993с.), Анталья - Турция (2011 с.), ОАЭ (1996 с.), Греция (2000с.), Испания (2002 с.), Польша (2007 с.), Южная Осетия (2007 с.), Грузия (2015 с.), Кабардино-Балкария (2017, 2022 сс.), Азербайжан (2017 с.), Абхазия (2019 с.), Георгиевск шагьар (2020 с.).

Гьаб буго «ВатIаналъул» тарихалдаса гIицIго цо-цо тIанчал.

Гьезул рукIана рикIкIен гIемерал сапарал Россиялъул шагьараздеги Кавказалъул ва Северияб Кавказалъул республикабаздеги. Ва аслияб къагIидаялда гьел тIадруссуна Гран-при босун.

2022 соналда ансамбль гIахьаллъана Россиялъул телевидениялъул НТВ каналалда тIобитIараб «Страна талантов» абураб передачаялда. Гьенибги ансамблялъул гIахьалчагIазе щван Гран-при.

2021 соналда «ВатIан» гIахьаллъана Россиялъул тевидениялъул ТIоцебесеб каналда «Лучше всех» передачаялдаги.

«ВатIаналда» абизе бегьула дунялалдаго боржунеб бугеб гьудуллъиялъул ва ракълил хIинчIилан. Бугизеги гьединаб буго гьелъул къисаги. ГьабсагIаталда ансамблялда вуго 600 къурдухъан. Гьаб ккола «ВатIаналъул» микьабилеб гIел.

Жеги чанго гIел куцазе ТIадегIанас сахлъиги, сахаватлъиги, жан-жигарги гьарза гьабеги нилъер ГIалие.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# ЦIикIкIун хIалтIе, дагь кванай

**Северияб Кавказ ва хасго Дагъистан кидаго рикIкIунаан гIумру халатал гIадамазул ватIанлъун. Гьелъие гIиллаги букIун батила нилъер гьаниб, хасго мугIрузда букIараб бацIцIадаб гьаваги, цIорораб лъимги, ракI лъикIал, аваданал гIадамалги. Умумузул заманалда букIунароан жакъа гIадинал ракIбакъваялги, стрессалги, нервабазде хIал ккейги, гьанжесеб гIел гIадин умумул рукIинчIо бечелъиялъе лагълъи гьабулеллъунги. Бугелда гIей гьабунги рукIунаан, бажарараб кумек цогидазеги гьабулаан. АхIулаго, абулаго цадахъ рахъун жамгIиял хIалтIабиги тIуралаан. Гьайгьай, букIун батила доб заманалдаги тIад рекъезе кинго бегьуларел рахъал, амма гIамм гьабун босани, аваданаб, ургъалаби дагьаб заман букIана, магIишаталъул рахъалъ кинавго чиги цоцада бащад вукIана. Бищунго аслияб жо, метерисеб къоялъ хIалтIи гьечIого, чед-хинкI щвечIого чи хутIулареблъи лъалеб букIана.**




## Жакъа кинха бугеб?

РФялъул Социалияб фондалъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул пенсиял чIезариялъул отделалъул начальник ПатIимат ГIабдурахIмановалъ бицухъе, жакъа нилъер республикаялда гIумру гьабун вуго **100** ва жеги цIикIкIун сон назул ригьалде вахарав **101** чи – **91** чIужугIадан ва **10** бихьинчи.

Гьезда гьоркьоса бищун цIикIкIарай гIаданалъул рагIула **113** сон ва бищун цIикIкIарав бихьинчиясул - **108** сон. Амма гIумру халатал руччабазул къадар цIикIкIун букIинги гIажаибльи гьабизе ккараб жо гуро. Гьедин кидаго букIана ва букIинеги батила. Щайгурелъул руччабазе дандеккун бихьинчияс цIикIкIун гьабизе ккола бакIаб хIалтIи, хьизан хьихьиялъул ургъел ва цIунуларо кванил низам.

ГIалимзабаз чIезабун буго, тIоцебесеб иргаялда, инсанасул гIумру къокъ гьабулеб жо бугин ургъелал гьари, нервабазде хIал ккезаби. КIиабилеб иргаялда, гIумру халалъиялъе сабаблъун ккола батун буго бацIцIадаб лъим ва хадуб - кваналеб квен. Гьеб рахъалъги жакъа расги лъикIаб хIал гьечIеблъи хIакъаб буго. Кинавго чи вуго гъурщида хадув лъугьун, ургъалабалъ кьан, гьечIо цебе гIадин бацIцIадаб я лъим, я квен. Кинабго буго химиялда буцараб, киса бачIарабали ва лъица гьабурабали лъалареб? ТIабигIаталъулги гIамал хисизабун буго инсанас. Гьединаб хIалалда гIумру гьабиялъул даражаги буго нахъеккун ва 70-80 сон базегIан хутIулел къанагIат гурони гьечIо.

Статистикиял баяназда рекъон, жакъа гIумру гьабиялъул гьоркьохъеб ригь Дагъистаналда бащалъун буго **76** соналда. Лъаларо, батизеги бегьула. Амма бокьараб росдал, шагьаралъул хабзалахъе щведал ва зонода гьарурал хьвай-хьвагIаял цIалидал, гьеб ригьалдеги рахун къадаралде щваразул хIакъалъуль баянал цIакъ дагь гурони ратуларо.

## Кванил низам цIунани…

Дагьабго къадаралда ругониги, руго Дагъистаналдаги Аллагьас халатаб гIумру кьурал гIадамал. Масала, **137** сонги бан 2003 соналда хвана Алмахъалдаса **Гьайирхан Ирисханов, 131** сон барайлъун рикIкIунаан 2007 соналда къадаралде щварай, Дербенталдаса гIемер рикIкIад гьечIеб Зидьян росулъа **Сархат Рашидова.** ЦIумада районалъул Гьадириса **МухIамад Лабазанов** къадаралде щвана 2012 соналда, **123** сонил ригьалда. Ригьалде рахарал цогидазго гIадин, гьевги вукIана гIезегIан захIмалъиги баччизе ккарав, гIемераб гIакъубаги бихьарав, гIорцIизегIан кванaзе квенцин щвечIого гIолохъанлъиги тIамурав инсан. ГIумру халалъиялъе щиб сабаб букIунебин цIехедал, МухIамадица бицунаан гIумруялда жаниб я хъалиян бухIичIин, я гьекъолеб жо гьекъечIин, жиндирго квераз гIезабураб гурони нигIматги кваначIин абун. Кваналеб квенги букIанин рухI хвасарлъиялъе гIураб, ай гIорцIизегIан киданиги кваначIилан абун.

Гьай-гьай, дунялалда тIад гIезегIан руго гIумру халатал гIадамал. Масала, Индиялъул северияб рахъалда ругел Джамму ва Кашмир штатазде гъорлъе унел мугIрузда гIумру гьабун ругел хунзакIутIалин жидеда абулел чагIи. Гьез гIумру гьабулеб бакIалда аскIосан чвахулеб буго Хунз абун цIар бугеб гIор. Гьелъул хIурматалда, гьеб къавмалъ жидедагоги абула хунзакIутIалилан.

1963 соналда хунзакIутIазухъе щун рукIана парангазул медицинаялъулаб экспедиция, ва гьез хьвай-хьвагIай гьабун буго щивав хунзакIутIасул. Гьел цIехрехазул кьучIалда баянлъун буго хунзакIутIазул гьоркьохъеб гIумру **120** сон букIин. ХунзакIутIазда гьоркьор ратун руго **160** сон баралцин.

ГIемерал соназ гьарурал цIехрехазул хIасилги гьабун, гIалимзабаз абулеб букIана гьезул гIумру халалъиялъе гIилла бугин ирсалъе кьураб «унти». Амма хадурги гьарурал цIех-рехаз бихьизабуна гIумру халалъи, аслияб куцалда, бараб букIин кванда. Гьез кваналеб буго жидецаго гIезабураб нигIмат, хасго бакъвараб пихь, цIулакьо ва могьолал культураби. Рахь гьекъолеб буго дагьабго къадаралда, гьан кваналеб буго лъагIалида жаниб цо яги кIиго нухалда. Гьел кваналел руго къойида жаниб кIиго нухалда, хIалтIизабулеб батун гьечIо цIам. Кваналеб мехалда богIоллъи чIамулила лъамалъун инегIан. Кваналеб буго ролъ, пурчIина, гречка. Пихьазул - ахбазан, гIеч, гени, микьир, жага, цIибил. Хасго гIемер кваналеб буго бакъвазабураб ва гIатIгояб ахбазан. Ахбазаналъул пурчIуналъул гьабулеб буго нах ва гьеб кваналеб буго салатазде тIадеги тIун. Гьединго гьеб нах бахунеб буго гьурмада ва расуда. ХунзакIутIаз хIалтIизабулеб гьечIо тIабигIияб гурони чакарги. КIалккун моцIалъго гIадин, щибаб ихдал цо моцIалъги кколеб буго кIал. ХIалтIизеги цIакъал ратун руго хунзакIутIал. Гьел киданиги рукIунел гьечIо цин бахъун, лъикIабги квешабги къабул гьабулила роха-хинлъун.

ГIумру халатал гIадамазул цIехрех гьабидал, баянлъун буго гьединаз кидаго сахаб гIумру гьабулеб букIараблъи, гьел хIалтIукьа хIинкъулел рукIинчIеблъи ва кваналеб кванил низам цIунулеб букIараблъи. Амма нилъер заманалда битIахъе харицелалъ хер гIадин рецун ралел руго гIадамал батIибатIиял унтабаз ва хасго ракалъ. Ракалдаса цIуниялъе бищун лъикIаб къагIидалъунин абуни ккола буго кванил низам цIуни ва рагъа-рачари. Гьедин рикIкIунеб буго Германиялъул Гейдельбергалда бугеб гIелмиябгун цIех-рех гьабулеб онкологиялъул централъул нухмалъулев, профессор Михаэль Бауманница.

*«РекъовутIа кваналелги хьвадачIвадулелги ругони, нужехъа бажаризе буго рак унтиялде дандечIун. Хъалиян бухIулеб гьечIони – гьеб букIинаан ракIчIараб къагIидаги. Щайгурелъул рак унтул тайпабазул 30 процент хъалиян бухIулезда ккола букIун»,* - ан рикIкIунеб буго профессорас.

ЦIех-рехаз бихьизабулеб буго 50-60 сонил ригьалда ругел ва зама-заманалда спортивияб рагъа-рачари гьабулел гIадамазул гIумру халалъулин 8 соналъ.

## Лъелго хьвадиялъул пайда

Гьанжесел гIалимзабазгун тохтурзабаз абулеб жо буго рекъовутIа гьабулеб спорталъ квербакъулин сахлъи цIунизе, гIумру халат гьабизе. Гьайгьай, гьеб лъалеб жоги буго. Щайгурелъул гIемерисел гIумру халатал чагIазул цIех-рех гьабидал баянлъун бугелъул гьел кидаго хIалтIулел рукIарабльи. Гьанже шагьаразда, рахIаталда, ай черхалде дагьабниги хIал кколеб хIалтIиги гьечIого рега-рахьун ругел чагIазе чара гьечIого хIажалъулеб буго спорт, хасго хьвада-чIвади.

Лъелго хьвадулелъул лъикIлъула бидул свери. РекIел къаби цIикIкIиналъ гIодобе ккезабула бидул тIадецуй. ГIелмиял цIех-рехазда рекъон, щибаб къойил 30 минуталъ хьвадулев чиясда инсульт ккеялъе хIинкъи 20 проценталъ дагьлъула. Хьвадулаго хехлъи цIикIкIинабуни, гьеб хIинкъи жеги дагьлъула 40 проценталъ.

Лъелго хьвадиялъ квербакъула остеопороз бугел чагIазул рукьби щула гьариялъе. Ригь арал руччаби щибаб къойил 30 минуталъ хьвадулел ругони, гьезул мачIчIазул ракьа бекиялъул хIинкъи дагьлъула 40 проценталъ.

ЦIех-рехаз бихьизабулеб буго 50-60 сонил ригьалда ругел ва зама-заманалда спортивияб рагъа-рачари гьабулел гIадамазул гIумру халалъулин 8 соналъ, гьединаб жигарчилъи гьабуларел чагIазде дандеккун.

Тира-свериялъ рекIел хIал лъикIлъизабула. Хьвадиялъ квербакъула рохалилал гормонал гIемер гьариялъе. Гьелдаго цадахъ танкизабула унтиги.

Лъелго хьвадиялъ къвакIизарула бохдузул ва чехьалъул ччорбал. Хехаб хьвадиялъ 30 минуталда жаниб 200 килокалорий бухIула, гьебги черхалъул цIайи цIикIкIунгутIиялъе рес кьолеб жо буго. Хехаб ва гIодобе биччараб хьвади, цоялъ цояб хисун, иргадал гьабулеб бугони, хIалтIизарулел калориязул къадар жеги цIикIкIараб букIуна.

ГIалимзабаз чIезабуна, 50-75 сонил ригьалда ругел руччаби рада-радал бищун дагь цо сагIаталъ лъелго тира-сверулел ругони, макъущунгутIи гьедин хьвадуларездаса лъалаго дагьаб букIунин.

65 ва жеги цIикIкIун ригьалде рахарал руччабазул гьарурал цIехрехаз бихьизабуна, гIемер хьвадулел руччабазда хехго ракIалда жо чIолин абун.

Хьвадиялъул цо чIезабураб къадар гьечIо. СанагIатаб куцалда ва роценалда рекъон хьвадизе бегьула. Щивасул жинди-жиндир гIурхьи букIинеги бегьула. Спортсменазе, масала, 10000 гали рекъолеб батани, халатбахъарал, даимал унтаби ругезе рекъараб буго гьелдаса дагьаб къадар.

ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул гIуцIиялъул баяналда рекъон, щибаб къоялъ анлъго километр нахъа тезе лъикIаб буго. Гьайгьай, унтаби ругезда гьебщинаб манзил тезе кIоларо ва гьез хIаракат бахъила жидерго чорхол сахлъиялъухъги гIенеккун хьвадизе.

Тириялллъун, чIанкI бугелллъун рукIине ккани, цIакъго цIикIкIинабизе лъикIаб гьечIо хьвадиялъул хехлъи, хасго тренировкабазул байбихьуда. Гьедин гьабуни, галул манзил халалъула, черх хехго свакала. Гьелдаго цадахъ, цIакъго гIодоре риччан хьвадизеги лъикIаб гьечIо. Бищун рекъолеб, рухI-хIалги кьолеб, хьвадиялдаса разилъиги бачIинабулеб хехлъи буго сагIаталда жаниб ункъо-щуго километр нахъа толеб къагIида.

***ХIабиб МАХIАТIОВ***

# КАМАЗ

Шагьараздаса шагьаразде хьвадулел чIахIиял автобусаздаги рекIун сапаралъ вахъараб заман, кигIан ургъаниги, ракIалда гьечIо. Рокьуларо дие гьел автобусал – сапаралъ рахъарал гIадамаз килькадул банка гIадин цIурал, гали бахъа-бахъаралъур чIезарулел, нухда гIемераб заман балел, ва тIадежоялъе, сордо-къо нухда балелъул регизе санагIалъи гьечIел. Амма гьаб нухалда рес букIинчIо. Вахине ккана Ставрополалъул ракьалде унеб цо гьединаб автобусалде. Ва нуж бицун божа, дица тIадехун додинал пикраби загьир гьариялдаса ракIцин бухIана. Автобус бугоан цIакъ рахIатаб, гьитIинал машинабаздаса къечIеб хехлъиялда унеб, рекIарал чагIи дагьал рукIиналъ рега-рахъиналъеги щибго квалквал гьечIеб. Хасго ракI гIатIидал, махсара-хочI гIемерал пассажирал цадахъ ккеялъги батила, нухцин нахъа тана кин тарабалицин лъачIого. Гьединал автобусазда рекIун сапаралъ унезда ракI хъублъизецин бачIана. ПалхIасил, цIакъал жал рукIун руго автобусал.



МахIачхъалаялдаса къватIибе бахъараб автобус, нухда гIемер лъалхъизабизе ккечIого, ГИБДДялъулаз «гIакъуба» кьечIого щвана Ставрополь краялде. КъваригIелги тIубан, нахъисеб къоялъул къаденахъе вахана гьебго автобусалде, МахIачил цIар кьураб шагьаралде нахъвуссун щвезелъун. Амма гьаб нухалда, пассажирал додинго дагьал ругониги, къайидал цIураб гьелда жаниб я махсара-хочIалъул букIинчIо кеп, я вега-вахъиналъе букIинчIо санагIалъи.

Доб рахъалде квалквал гьечIого гирараб автобус, тIадбуссутIа гали бахъа-бахъаралъуб чIезабулеб букIана постазда щиб, нухазда рахъун чIараз тIилил ишан гьабун щиб. Лъалеб букIараб къагIидаха, тIадруссутIа «нарушение» букIунеблъи. Амма тIилал кодор ккураз автобусалъе абизегIанасеб гIакъубаго кьолароан. «КАМАЗ» абураб рагIиги гьоркьобе ккезабун, хъваш-баш гьабулаан, водителасул квер бачунаан ва пинкьахараб гьесул квералъул хIеренлъиялъе рецц-бакъги гьабун, нух битIагийилан гьара-рахьигун нухда тIоритIулаан.

Иргадулаб нухалдаги чIезабидал, тIил кодоб ккурас гьикъулаан доб нужеда цебе бугеб КАМАЗ нужеразулищин абун. Гьесул кверги бачунаго, водителасги жаваб кьолаан гурин абун ва автобус цебехун гирулаан. Берал рихъизегIан балагьаниги, дида цониги нухалда нижеда цебе КАМАЗ бихьичIеб мехалда, яхIго гьабизе кIвечIого цIехана кибгIаги гьеб КАМАЗ бугебин абун. Водитель цин гьунщана, цинги гьимана ва гьеб жидеда бихьараб гIолинги абун, хабарги къокъ гьабун, рулалда нахъа къавукъахъдана. Валлагь, гьаб нухалданиги КАМАЗ бихьичIого чIезе гьечIинги абун, цадахъ вукIарасухъа кутакалда цIер биццатал, «минус три» номералъул цIороберал росана ва, гьелги ран, гудратIе бачIунеб чанихъ гIадин, чанкъан дунги чIана.

ЧIезабуна автобус, гьабуна хъваш-баш, рачана кверал ва малгIун добго КАМАЗалъул бицине лъугьана. Амма тIил кодов ккурас гьаб нухалда КАНЗИЛ хабар гIадахъ босичIо, аниб КАМАЗ гьечIин тIирун чIана. Риццатал цIурдул ругел цIороберал рарав дидаги КАМАЗ кибго бихьичIеблъийищ лъарабали лъаларо, водитель цIакъ кIухIалго къватIиве вахъун ана ва заманго балелде пиридул хехлъиялда кIанцIун вачIун рулалда нахъа чIана. «Дов цIияв вукIун вугоха, досда КАМАЗ кинха бихьилеб?» - илан водителас абидал, цадахъ вукIарав цIороберазул бетIергьанас бетIер хьвагIана цIикIкIунищ кьезе ккарабиланги абун.

Гьеб хIалалда, КАМАЗалги нахъа толаго, бачIунеб нижер автобусалъул водитель свакан вукIарав къагIидаха, дагьав гIолохъанас хисана. КIудияв водителас кьижизе гIамал гьабулеб бихьидал батила, гьитIинас цIехана иргадулаб посталда чан КАМАЗ кьезе кколебилан. Ункъоялдаса цIикIкIине тогейилан гьесие насихIатги гьабун, къваридабго картIинибе унеб гIункIкI гIадин, цо сидениялде гъоркье кIкIуржун кIудиявги ана. Гьедин унаго-рачIунаго, чанго бакIалдаги лъалхъана, КАМАЗазул бицана ва, щибго квалквал ккечIого, нижги радакь гIужалда МахIачхъалаялде щвана.

***М. ХIАБИБОВ***

# ГIабдулвагьабги Ирисбиги

**Советияб властаълъ политбандитлъун рикIкIунев вукIарав Къебедил Дадал чIужу Таибат йикIана ГIабдулвагьабил яц. Дада чIван хадуб, рукъ бухIун хутIарал Таибатгун лъимал гьес жиндаго аскIоре рачун рукIана. Амма хъачагъасул хъизам хьихьунинги абун, ГIабдулвагьаб Сибиралде витIана, лъабго сонги кьун. Гьев ккола Беломорканал бухъулезда гьоркьове. Бихьизабураб заман лъугIидал, рокъове тIадвуссана ва хIалтIана колхозалда ветеринарияв санитарлъун, завфермалъун, бригадирлъун.**

**ГIабдулвагьабил вац МухIамад (ГIамадалав) вукIана Буйнакскиялда хасал курсалги лъугIизарун, гIакатохтурлъун цIаларав чи. Гьес малъун ветсанитарасул хIалтIи гьабун бажарун буго ГIабдулвагьабихъаги. Дидаги ракIалда вуго мунагьал чураяв ГIамадалав, Алмахъалде щвезе аралъув цо-цо годекIанив вихьулаан гьев. РетIа-къан, берцинаб ретIел ретIун вукIунаан гьев...**

## ГIурусалъ хвасар гьавуна

Жанив тIамураб заманги лъугIун Сибиралдаса нахъвуссун вачIарав ГIабдулвагьабица жиндирго чIужуялда бицун буго, доба ракъиялъулги, квине щолареб букIараб кванилги хIакъалъулъ. Гьениб аскIоб росулъ йикIарай цо гIурусалъулгун лъай-хъвайги ккун, гьелъ цо-цо мехалъ бачIунеб букIун буго гьесие белъараб картошка, ханал. Гьедин хванилан ккаралъуса ворчIизавун вуго гьей гIурусалъ ГIабдулвагьаб. Капурай йикIаниги щиб, гьединай лъикIай чIужу алжаналъуе инчIого кин йикIунейилан абун буго ГIабдулвагьабица.

Гьесул гьалмагъ вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул инвалид Ирисби. Дунялалъул гIемерал захIмалъаби рихьарал чагIи рукIана гьел.

Цо-цо махсарабиги камулел рукIун гьечIо ГIабдулвагьабилги Ирисбилги цоцазе гьарулел.

## Звеноводас ракъун течIо

Советияб заманалъул 60-абилел сонал рукIине ккола, цо нухалъ ГIабдулвагьаб, звеновод хIисабалда, витIула 11 вецарухъангун цадахъ хъутаналде. 80 километралдасаги рикIкIад бугеб хъутаналде ине кколел рукIун руго лъелго. Хъутаналдаги хIалтIун, метер рокъоре ине кколеб мех букIуна. Къаси мехалъе гурони кванние гIураб ханжу букIун гьечIо гьезул. Радал кваначIого, рокъореги рахъун руго. Хасавюрталде щвездал, цо столоваялда аскIосан унаго, ракъунги сваканги ругел рецарухъабазул кванил берцинаб махIалъ тIадеги ракъи цIикIкIинабула. Капекцин кодоб гьечIев ГIабдулвагьабица, рилълъая жанирейиланги абун, столоваялде рачуна рецарухъаби. 11 кепкиде букIун буго чурпадал суркIа. Киналго цадахъ столазда нахъа гIодор чIезеги гьарун, гьезие чурпагун чед босана ГIабдулвагьабица. Квен босулеб мехалъ ГIабдулвагьабида бихьун буго цевехун вугев ресалда вугев гIадинав цо чияс кванараб кванихъ тIогьги бухIараб щуго гъурущ кассаялде кьолеб. Рецарухъабаз кванараб кванихъ кьезе гIарац гьечIев ГIабдулвагьаб кассаялде цеве уна ва жинца кьураб гIарцул сдача кьейилан чIола. Гьениб ккола къец ва столоваялъулаз милиция ахIула. Милициялъулаз цIех-рех гьабулаго, ГIабдулвагьабица абула жинца кассалде тIогь бухIараб щуго гъурущ кьун букIанин, гьез нахъе гIарац кьолеб гьечIин абун. Кассаялъуб бугеб гIарцул халгьабидал, хIакъикъаталдаги гьениб батула тIогь бухIараб щуго гъурщил кагъат. Ва милициялъулаз ГIабдулвагьабил рахъккола. Сдачаялъе кьураб гIарцуде жеги тIадеги квенги босун, лъикIго кваназарула ГIабдулвагьабица цадахъ рукIарал рецарухъаби.

## Гьалбал къабул гьарулаан

ГIабдулвагьабги Ирисбиги гьудулзаби рукIун, цогидазда ричIчIизе захIматал махсараби гьарулел чагIи рукIун руго.

Доб букIана машинаби гьечIеб, хIамузда гьир лъун магIарухъа эхе-эхеде гIадамал хьвадулеб, батIи-батIиял магIарул росабалъа гьалбал тIаде щолеб мех. Росулъ гIемерисезул рукIана рачIунун рукIунел гьалбал.

Цо нухалъ магIарухъа пихъ бичизе чагIи рачIун руго росулъе. Гьалбал тIаде росулел гIадамал цIехолел тIаде рачIарал рукIаго, ГIабдулвагьабица бихьизабула гьезда Ирисбил рукъ, гьеб жиндир бакI бугинги абун ва абула доя ятулин нужеда рукъалъул бетIергьанчIужу Басират, ракъарал гьел нужерго хIамулги доб хуриб бугеб харил гъоноде риччан, нужгоги жанире лъугьун хIухьбахъиялда рукIайин, дунги гIемер кватIиларин тIаде щвезеян. Ирисбица ритIанин жалиланги абун, хурире хIамулги риччан, жанире лъугьуна гьалбал. Цо заманалдасан вачIарав Ирисбица цIех-рех гьабун хадуб, жал ритIарав чи батIияв вукIинги лъан, цIакъ нечон лъугьун руго гьалбал…

Гьелдаго релълъараб жо гьабун буго Ирисбица ГIабдулвагьабиеги, магIарухъа рачIарал гьесухъеги ритIун...

Хадусеб къоялъ Ирисбигун дандчIвайдал, гьес гьалбал жинхъе ритIиялда щаклъарав ГIабдулвагьабица цоялда тIад цоги лъун, гьорозабун бицун буго, сон рачIарал гьалбадерица гIемерал сайгъатал кьун цIакъ нечезарунин жалилан. Гьеб уйилан ккарав Ирисбица абун буго, гьеб лъарабани жинхъего рачине рукIанин абун.

## Магъалочи вухана

Районалъул налог бакIарулев чи вачIун вуго росулъе, жиндирго хъулухъалъ. ГодекIанир рукIарал Ирисбиги ГIабдулвагьабги лъугьун руго «рагъизе», тIаде вачIарав чи аскIове щолаго. АскIове щварав налогал ракIарулев, гьел ратIа гьаризеян лъугьун вуго. Цоцазде хьвагIулел зарал «лъачIого» гьоркьове лъугьарасда щолел рукIун руго. Гьесда лъикIго щве-щвезабун хадуб гурони ратIа гьаризе кIун гьечIо гьел.

## Хоб бухъиялъе роцен гьаби

ГIабдулвагьаб унтараб мехалъ, гьалмагъасде щвезе вачIарав Ирисбица, босун тIилгун ворцун вуго бусада вегарав гьев. Дуца гьабулеб щибилан цIехедал, Ирисбица абун буго хоб бухъизе хIажатаб халалъи борцунев вугилан абун.

## Квешаб бакIалде ккун ватиларо

ГIабдулвагьаб Аллагьасул къадаралде щун, гьев хабалалъ вукъун, зияраталда рукIуна гIага-божарал. Гьалмагъасул хабада аскIов пашманго чIун вугев Ирисбица абула, бигьаяб, лъикIаб бакIалде ккун ватулин ГIабдулвагьабилан абун. Гьеб рагIарав дибирас абула, дуда щибин лъалебилан абун. Чанги захIматал бакIаздаса тIадвуссун вачIарав чи вукIанин ГIабдулвагьаб, захIматаб бакI букIарабани, гьев гъова чIезе вукIинчIин жаваб кьола Ирисбица.

***СалихI САЛИХIОВ***

# ШагIирасул творчество – халкъалде гьабулеб кIалъай

**Нилъер талихI ккола ва нилъ кутакалда чIухIизеги бегьула магIарул миллаталъул халкъалда гьоркьов Расул ХIамзатов гIадинав инсан вахъиналдаса. Гьесул асарал цIалулезда бихьунги батила, къанагIатги хутIун гьечIо гьесул бер тIаде щвечIеб, цIодораб берзукьа борчIараб цониги лъугьа-бахьин. Бищунго мустахIикъаб бакI ккола Расулил асараз Дагъистаналъул адабияталда гуребги, тIолгодунялалъулго адабияталдаги. Гьединлъидал батизеги ккола гьесул асаразде критиказ гIезегIан кIвар буссинабулебги.**

Амма гьез, аслияб къагIидаялда, цIех-рех гьабун буго Расулил 80-абилел соназде щвезегIан кватIире рахъарал асаразул. Гьелдаса хадур хъваразул хIакъалъулъ гьабураб цIех-рех дагьаб гурони гьечIо, хасго дагь гурони кIвар буссинабун гьечIо шагIирасул философияб лирикаялде.

Дагьабго бугониги гьелъул хIакъалъулъ бицен гьабун буго Антопольскиясул «У очага поэзии», Н. Юсуповалъул «О современной аварской лирике», С. ХIайбулаевасул «РекIел гьудулзаби», «Наследие и открытия» абурал цо-цо ва цогидалги авторазул тIахьаздаги. Амма рокьул, тIабигIияб лирикаялъул асаразул хIакъалъулъ гIадин халгьабун бицараб бакI гьечIин абила философияб лирикаялъул хIакъалъулъ.

Расул ХIамзатовасул творчествоялъул цIех-рех гьабурал гIадамал гIезегIан руго. Масала, гьесул хIакъалъулъ «Путешествие в поэзию» абураб тIоцебесеб тIехь хъвана 1960 соналда, литературияб институталда цIалулеб мехалъ гьудуллъи ккарав Владимир Огневас. 1964 соналъ гьесго хъвана «Расул Гамзатов» абураб цIаралда цоги тIехь.

Гьединго гIемерал макъалаби хъвана Расулил хIакъалъулъ критик Камил Султановас, филологиял гIелмабазул доктор Сиражудин ХIайбулаевас, тIехь хъвана Вадим Дементьевас. Гьесул хIакъалъулъ рагIи абуна машгьурал рагIул устарзаби А. Фадеевас, М. Светловас, Н. Тихоновас, Я. Смеляковас, К. Чуковскияс, С. Маршакица, Ч. Айтматовас, С. Капутикяница, С. Наровчатовас, Э. Геворгица, М. Дудиница, Е. Евтушенкоца, Я. Козловскияс, А. Твардовскияс, М. Исаковскияс, Д. Кугультиновас, К. Кулиевас ва жеги гIемерал хъвадарухъабаз.

Масала, машгьурав хъвадарухъан Ч. Айтматовас хъван буго: *«Поэтал дагьал гуро ругел, гьезул гIемерисезда ккола жал унго-унгоял поэтал ругинги. Амма адабияталда жаниб Расул ХIамзатовасул гIадаб цIар, гьесул гIадаб гьунар – гьеб къанагIатаб лъугьа-бахьин ккола... Венераялъул канлъи гIадин, Расулги кидаго цо хIалалда чIола. Гьединлъидалин гьесие тIабигIаталъ къураб гьунарги гьедин гьарзаябгун гIатIидабги бугеб»,* - ан.

Нилъеда лъала араб гIасруялъул 80-абилел соназул ахиралда нилъер халкъалъул гIумруялъулъ кIудиял хиса-басиял ккараллъи. Абизе бегьула тIубанго хисанин дунялилан. Доб цебе букIараб гIумруялъул цо гьитIинабниги хутIел хутIанадай гьанжесеб гIумруялъулъ? ХутIун батила гIицIго гьелъул хIакъалъулъ (пикру) биценал ва ракIалдещвеял. Дида ракIалде ккола метер кин ккезе бугебали лъалареб, цохIо тIаде бачIараб къоялъул гурони нилъ бетIергьаби гьечIел гьаб гогьаб дунялалда ругел дунго гIадал цIалдолезе цIакъ лъазе бокьун батилин хъвадарухъабазул, поэтазул, гIалимзабазул жакъаселдеги метериселдеги бугеб бербалагьи, пикру.

«Нилъеда лъала, кинаб рахъалъ восаниги, кинал тайпабазул асарал росаниги, Расул вукIана кидаго халкъалъул ургъалида вугев инсан. Гьесул асарал цIалидал, нилъеда бихьула халкъалъулги гьесул асаразулги щулияб бухьен букIин.



Расулица хъвана: *«Поэзиялъул хаслъи – гьеб ккола поэзиялъулги халкъалъулги цоцазда гьоркьоб бухьен букIин. Поэзиялъулъ загьир гьабизе ккола халкъалъул гIумруялда унгоунгоги лъугьине бегьулел ишал. Поэт кидаго вукIине ккола халкъгун, гьелъул гIумругун цадахъ, ва рес ккани, хIатта гьелдаса цевецин ине ккола цIодорал бераздалъун сундухъго валагьулаго ва лъугьине бегьулелъул пикрабиги гьарулаго»,* - ян.

КигIан ритIаралха ругел Расулил хIакъалъулъ С. Маршакица абурал рагIаби: *«МугIрузул вас. ГьитIинаб миллаталда гьоркьоса жив вахъарав. Гьесда кIвана жиндирго асараздалъун халкъазда гьоркьор ругел гIорхъабиги рикь-рикьизарун, гIицIго жиндирго халкъалда гьоркьов гуревги, хIатта цогидал миллатазул халкъазда гьоркьовцин машгьуравлъун вахъине»,* - ян.

Жанрияб рахъалъ Расулил 80-абилел соназ хъварал асаразе къимат кьезе расги бигьа букIинаро. Гьеб рахъалъ гьесул поэзия кутакалда гIатIидаб, бечедаб, жинца гIемерал масъалаби гьорлъе рачараб буго: инсанасул гIасруялъулго къварилъаби, рохелал, аваданлъи, инсан ракьалде щай вачIарав, кинаб лъалкI тезе кколеб гьес ракьалда ва гьел гурелги гIемер суалал рорхун ратула нилъеда гьесул поэзиялъулъ.

ТIубанго Расулил творчество – гьеб ккола ВатIаналдехун, жиндирго халкъалдехун, гIагараб мацIалдехун бугеб гIищкъуялъ вухIулев, ракълие, ритIухълъиялъе гIоло къеркьолев, рахIатхварав, хIалхьи гьечIев поэтасул халкъалдехун бугеб кIалъай.

Р. ХIамзатов – гьев ккола цIакъ камилаб, щвалде щвараб, гIужилаб каламалъул рагIул устар. Бугодай гьесул къалмица лъалкI течIеб адабияталъул жанр?

Жиндирго хIалтIудехун бугеб рокьиги кочIодехун бугеб гIищкъугун хIасратги щивав хъвадарухъанасулъ такрарлъи гьечIеб, жиндиего хасиятаб букIуна. МугIрул лъарал ралъдахъе гIедегIула, гIедегIула гьорлъ журазе ва журан хадур захIмат букIуна гьел цоцадаса ратIарахъизе. Амма поэзиялъулъ гьедин букIунаро, поэзиялъулъ щивав поэтасул букIуна жиндиего хасиятаб рахъ, жиндиего къураб гьаракь. Гьединлъидал дида ккола щибго захIмалъуларин, хIатта поэзиялдехун щибго рокьи гьечIезецин Расулил асарал ратIа рахъизе.

Щибаб заманаялъ, щибаб гIасруялъ нилъее тIатуна цIи-цIиял хъвадарухъабазул цIарал, нилъее нахъе хутIула гьезул хвел гьечIел асарал. Цоял хутIула халкъазул ракIазулъ кIочон толареллъун, цоязул цIаралин абуни, къанагIатго щола ракIалде. Кинавлъуна халкъазул ракIазулъ Расул хутIарав, вукIиневдай гьев гIун бачIунеб гIелалъе, жакъасеб гIелалъего гIадин, хIурматиявлъун, къиматавлъун. Узухъда, хутIила. Гьелда щибго щаклъи гьечIо.

Расулица нахъа тараб творческияб нухалъухъги, гьес нилъее гIуцIараб адабияб ирсалъухъги гьесул асаразулъ гIумруялдехун бугеб бербалагьиялъухъги балагьун, нилъеда рихьула кинал гIумруялъул кIвар бугел суалал гьес рорхаралали.

Поэтазе къимат кьолаго, гIурусазул машгьурав критик В. Г. Белинскияс хъвана: «Бищунго дунялалда лъугьунебщиналъе ракI унтун ургъулел щал?

- Поэтал.

- Рокьизе кколел шавкъалда рокьизе лъалел щал?

- Поэтал.

- Рихине ккарал рихине лъалел щал?

- Поэтал».

ХIакъикъаталдаги лъидаха поэтазухъа гIадин гьеб бажарулеб? Щив поэтасда кIолеб дунялалда лъугьунелдасан хьолбохъан ине, гьеб бихьулареб ххвел гьабун чIезе. КIоларо гьезда кIалъачIого чIезе улкаялъе захIматал къоязги.

80-абилел соназда хъварал Расулил лирикиял асарал лъазари кIвар бугеблъун ккола. Щайгурелъул гьел лъазариялдалъун нилъеда бихьула кигIан бечедаб бугебали гьесул рухIияб рахъ, кинаб цIилъи адабияталда гьорлъе Расулил асараздалъун бачIун бугебали.

«ГIемермиллаталъулаб советияб адабият цебетIеялъе гьабураб Расулил хIалтIи – гьеб ккола Дагъистаналъул адабияталъул критикаялъул кIудияб бергьенлъи», - ян хъвана С. Мухтаровас.

Гьединлъидал (цохIо шагIир гуревги) Расул ХIамзатов ккана Дагъистаналъул адабият цебетIезабизе квербакъулев критиклъун ва гIуцIарухъанлъун.

### «Киниги гъанситоги» ва гIаммаб баян

Араб гIасруялъул 80-абилел ва гьелда цересел соназ хъварал асаразул жанрияб рахъ босани, абила гьезда гьоркьоб гIемер кIудияб батIалъи гьечIин. Амма 80-абилел соназул асаразулъ гьечIо Расулил прозаялдалъун хъварал асарал. Гьел соназ хъварал асаразулъ руго: рокьулги, тIабигIиябги, философиябги, граждааниябги лирикиял асарал. Руго гьединго хIалтIизарун поэзиялъулъ батIи-батIиял жанриял тайпабиги. Жанрияб бечелъиги, гьезул тайпабазул гьарзалъиги бихьизабизе кьочIое босизе бегьула «Киниги гъанситоги» тIехьалъул гIуцIи. Гьеб тIехьалъул гIуцIи гIезегIанго бечедаб буго, руго гIезегIан батIи-батIиял бутIабиги: «Улка», «Канлъиги, хIасратги, хIисабги», «КочIол рукъалъул ункъо цили», «Киниги гъанситоги», «Авар алиф», «Дир гьалмагъзабазе кочIол сайгъатал», «МагIарулаз абула», «Гьалмагъ, божа дида» абурал.

Щибха кколеб гьеб тIохьол аслияб магIна? Хисардулеб замангги хисулареб хIасратги – гьединаб букIана 1990 соналъ Дагъистаналъул тIахьазул басмаханаялъ кьватIибе биччараб Расул ХIамзатовасул «Къо бащалъукь щобда Дагъистаналда» абураб тIехьалда рахъарал асаразул аслияб магIна. Гьебго магIна дагьабги гIатIидго, гьаридго бечедго загьир гьаби гуребги, жиндирго цIияб тIехьалда поэтас рорхулел руго XX гIасруялъул ахиралда улкаялда ва дунялалда кколел чIахIиял лъугьабахьиназда хурхарал кIвар бугел суалалги, масъалабиги, гьез рижизарурал пикрабиги ва рекIел асаралги.

*(Хадусеб букIине буго)*

***Манарша ГIУМАРАСХIАБОВА,***
***Шамил район,***
***Могьохъ росу***

## ХАБАР

# Рохьил къолохъан



*(Байбихьи 44-аб. номералда)*

Цо дагьаб добегӀан нижеда гъотӀода гъоркь накӀкӀил багӀачазул гохӀ батана.

Лъица гьал ракӀарарал, щиб мурадалъе гӀоло ракӀарарал? Нижеца гьелда кӀудияб тамашалъи гьабуна. Лъица гьаниб бетӀергьанлъи гьабулебали лъазе бокьана.

- Гвангва батила, - ян хӀукму гьабуна нижеца.

- Гьаб нилъер гъотӀоркӀоялъул хӀалтӀи буго, - ян абуна Николай Ивановичас. – ГъотӀоркӀоялъ хӀутӀ-хъумур гуребги кванала. Гьез пихъ, мугьал, цӀулакьо квананги кеп босула, амма гӀемерисеб гьез накӀкӀилгъотӀол хьон кванала, хасго хасало, хӀутӀ-хъумур батизе захӀматаб мехалъ.

Нижер талихӀ ккана гьелъ гьеб кваналеб къагӀида цо чанго нухалъ бихьизе щвей. ГъотӀоркӀоялъ багӀач тӀун босула, кӀалалъ гьеби ккун, жиндирго къебелъи бугеб гъотӀохъе боржуна. Гьениб гьелъ багӀач гъотӀол макъаралъул кватӀелалда жаниб ялъуни ургъунго гьелъие гӀоло бахъараб картӀиниб ялъуни рицатал ракъварал гӀаркьалабазда гъорлъ къазабула.

Цо багӀачалъулгун хӀалтӀиги лъугӀизабун, гьеб цогидалда хадуб боржун уна. Гьеле гьединаб бакӀалда абула гъотӀоркӀоялъул къебелъиян.

Гьединаб къебелъи батизе цӀакъ бигьаяб буго. Гьелда гъоркь кидаго багӀачазул хъалалъул гохӀ батула.

***И. МОЛЬДЕНГАУЭР***

## БАСНЯ

### Рохьил хӀелекоги церги

Рохьил хӀелеко гъотӀода чӀун букӀанила. Гьенибеги бачӀун, цараца абунила:

- Салам, хӀелеко, дир гьудул, дур гьаракьги рагӀун, дуде щвезе бачӀун буго.



- Баркала лъикӀаб рагӀиялъухъ, - ан жаваб кьуна рохьил хӀелекоялъ.

Цараца, рагӀулареб ххвелги гьабун, абунила:

- Щибилан дуца абулеб бугеб? РагӀулеб гьечӀо. Мун, дир гьудул, гӀурччинаб харде щай рещтӀунареб дунгун тира-сверизе, гара-чӀваризе. ГъотӀодасан абулеб жо дида рагӀулеб гьечӀин.

- Дун харда чӀезе хӀинкъулеб буго. ХӀанчӀазе ракь дандекколаро.

- Мун дикьа хӀинкъунцин гурищ? – ан абунила цараца.

- Дукьа гуро, цогидал жанаваразукьа хӀинкъула дун, - ан жаваб кьунила хӀелкица. – Жанаваралги батӀи-батӀиял рукӀунелъул.

- Огь, пакъир хӀелеко, дир гьудул, цӀияб указ гурищ ракьалда лъазабун бугеб. Кибго рекъел букӀине буго. Гьанже жанаваралъ щибго къварид гьабуларо.

- Гьеб цӀакъ лъикӀ бугоха. Доле гьаби рачӀунел рихьула. Мун, цебе гӀадин, гьанже дозукьа хӀинкъизе ккелароха.

Гьабзазул цӀар бахъигун, цараца, гӀундулги гъуцӀизарун, тӀуризе гӀамал гьабуна.

- Мун кибе? – ян абунила рохьил хӀелекоялъ. – ЦӀияб указ бугелъул, гьаби дуда хъатӀиларо.

- Щиб гьезда божулеб? – ан абунила цараца. – Гьезда жеги указ рагӀичӀого батизе бегьула.

Гьединги абун, цер тӀурун ана.

***Лев ТОЛСТОЙ***

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

Бищунго кӀудияб маххул метеорит батана 1920 соналда Африкаялда бугеб Намибия абураб пачалихъалъул ракьалда. 60 тонна цӀайи бугеб гьелъул халалъи батана 3 метр, гӀеблъиги гьебго. Гьаваялдаса бортун гӀодоб речӀчӀараб гьеб ракьулъе 15 метралъул гъварилъуде ун буго. Цо-цо метеоритал ракьалде щвелалдего гьаваялдаго кьвагьун щущала. Абула гьеб мехалъ метеоритазул цӀад балилан. Нус-нус, аза-азар кесек бортула цого заманалда ракьалде тӀаде.

* * *

Дельфинал ккола китазул цо тайпа. «Дельфин» абураб цӀаралда гъоркь гӀалимзабаз бихьизабула 70 батӀияб тайпа лъелъ рукӀунел рухӀчӀаголъабазул. Бищунго хехаллъун рикӀкӀунел дельфиназ сагӀаталда жаниб 30 километралъ лъим хала. ГъоркьохъеЬ къагӀидаялъ гьез 5-12 км сагӀаталда жаниб тола. Дельфиназ гӀумру гьабула тӀелалккун. ХӀажалъи ккани, гьез цоцазе кумек гьабула. Руго гӀемерал хӀужаби гьанкъулел гӀадамал дельфиназ хвасар гьариялъулги. Гьезул жанисел лугбузул гӀуцӀи гӀемерисеб релълъараб букӀуна инсанасулалда.

## ШАГӀИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

### Бице, эбел, дида

Эбел, бице: щибизе
ТӀанхал тӀогьиллъун ругел?
Лъималаз тӀечӀониги,
ГӀодоре гъунел ругел?
ГъутӀбиги гьетӀизарун,
Гьурал щайзе рахъунел?
ХъахӀилаб зоби къотӀун,
Къункъраби щай рещтӀунел?
Эбел, бице: щибизе
Къо гьитӀинлъулеб бугеб?
ГьанаркӀу магӀардасан
Бакъ тӀерхьун унеб бугеб?
Ролъал лъилъарал хурзал
Гьанже чӀорого руго,
ЧӀахӀиял харил гӀархъал
Авлахъалда тун гьечӀо.
Эбел, бице: гӀаздаца
Дуниял щай бахчараб?
Дун хинлъарав гӀолевищ,
ГӀалах квачалеб мехалъ?

***ХӀасан ХӀАБИБОВ***

## АФОРИЗМАБИ

*Лъимерлъиялъ лъар бахуна, гӀолохъанлъиялъ гӀор бахуна, херлъиялда ралъад бахине кӀоларо.

*Щивав шагӀирасул ирс – халкъалъе дарс буго, халкъалъул ирс – шагӀирасе дарс буго.

*Квешав устарас лъикӀаб тӀагӀел гьабуларо.

## БИЦАНКӀАБИ

1. ГӀалах бакьулъ цохӀо гъветӀ,
ГъотӀода тӀад анцӀила кӀиго гӀаркьел,
Щибаб гӀаркьалида лъебе-лъебер тӀегь,
Щибаб тӀогьодаги кьоло ункъ-ункъ гӀеч,
Щибаб гӀечудаги лъабкъо-лъабкъого пурчӀун.

2. Кьерда чӀарай кӀиго яц:
Берцинай цояй, бечедай цогидай.

3. ГьацӀудаса гьуинаб, тӀатӀудаса кьарияб.

4. Цо бекулеб, цо бекулареб – кӀиго мучари.

## ТӀАДКЪАЙ

**Сурат бельун къачӀай**



***Гьумер хӀадур гьабуна ГӀайшат ХӀАЛАКЪОВАЛЪ.***

ХасмухIамад МУСЛИМОВ

## Халатал хьулал

Щвана хасалихълъи хинаб рии ун,
Хурир-магъилъ руго дир росуцоял.
ТIогьиллъи речIчIана махил гъутIбузда,
Берцинлъи бихьулищ сверухълъиялъул.

Картошка бахъулел, хурдул раччулел,
ЧIараб минут гьечIо гIолохъабазул.
ГьарцIигун мучари, гIинтIигун ташкIо,
Дару бугин бижун жибго ракьалда.

Шагьаразда ругел лъималазеян
Сайгъатал рихьула къойил ритIулел.
Гирулеб машина батун хадуса
Нисо, хIан, нахгун гьан уна эхебе.

ЗахIматалъ куцарал гьал магIарулал
МугIрул цIумаздацин релъльарал руго.
Щибаб заманалда лъагIелаца гьаз
МагIишат гьабула, чIечIого хIалтIун.



Рагьда гIодовги чIун дурнабазухъан
Балагьун вуго дун ГьацIакинове.
ПатахIги, ГIалибег, МахIатIгун цадахъ
Рихьула жигарго дача къачIалел.

Щибаб къойил какде ун-вачIунелъул,
Данде чIвалев вуго гьав Каримуллагь.
Яслиялъул заман лъугIун хадуса
Рихьула ГIабдуллагь, МухIамадхIабиб.

Бечедаб бугоха гьаб хасалихълъи,
Дица щиб битIилеб рагьде васасе?
Картошкадал мешок, мохмохгун гьоцIо, -
Лъил унеб машина Украиналде?

Полевая почта, рагьул окопал,
Цоцазда къвалал ран ругел солдатал.
Сухой паекалги тушёнкабиги
ЧIалгIун ратиларищ чIечIого кванан.

МагIарул чурпаги бакъвараб гьанги
Лъицаха белъинеб нижер васазе?
ЦIоросаролъ, гьоло - ххенараб ханждал -
ХинкIал кир рукIинел, ракIалде щведал?

Ина хасалихълъи, бачIина хасел,
Халатал хьулалгун рукIина нижги.
Сверила кIиго сон, херлъила улбул,
КъватIире балагьун васазухъ урхъун!

## Расул ХIамзатовасде

Мунагьал чураяв ХIамзатил Расул,
Бищун хIажалъидал, нижги тун арав.
Совет Союзалъул гвангъараб чирахъ,
Дагъистан чIухIараб бихьинаб хIара!

Дур юбилеялда жакъасеб ВатIан,
Мун кIодо гьавизе данделъун ругин.
ТIугьдузул квацIаби, кодор венокал,
Киналго эхетун ругин хабада.

ШаргIияв цевехъан дада вукIиндал,
Дибир-будунасги къулгъу цIалила.
Рокьулги кьалулги кучIдул ахIизе
ХIадурун ругелха ясалгун васал.

Жиндир заманалда дуца беццараб,
Нилъер улкаялъул гучаб магIишат.
Бахьикъосараца хъамихъул гьабун,
Чубайсил чукъбуца бикьа-къотIараб.

ГIемерал сонаца мун гIодов чIараб
Верховный Советги Президиумги.
Дуца абухъего, щайтIан-тайпаялъ
Цебего биххидал, хаган халкъги тун.

Дур поэмабигун саринал, кучIдул,
Жакъа хIажат ругин рагъухъабазе.
Анкьго гIурусавги цо аваравги
Гьанжеги ругелха чармил танкалда.

Къункърабазул тIелал роржун унелъул,
Ихдал, хасалихъе кидаго гIадин.
ТIелазухъ балагьун васазул улбул
Рихьула пашманго, магIил бералгун.

Дуца тIахьал хъвараб авар мацIалъул
Алфавит хисараб хадусеб гIелалъ.
Мамаян, папаян, пацан, сестраян,
Бабушка, дедушка кушать даваян.

Братуха, старуха - сюда идиян
МагIарул росабалъ лъималазул мацI.
Внуки, внучки пришли, завтра уедут, -
КIудабацагицин хъурулеб буго.

Вахъа тIаде, Расул, тIубачIин гьанже,
Дур насихIат бугин цIакъго къваригIун.
БегIераб, гIакъилаб, гIужилаб калам
Абизе чи тIагIун вугин ракьалда!

## Памятникалъул ахIи



ВатIаналъе гIоло рухIкьун хваразе
Росу бакьулъ бараб памятник буго.
Художник ХIажица хIаракат бахьун,
Рагъухъаби руго рахьун чIезарун.

АскIой гIодойги чIун эбелги йиго,
Пашманго балагьун, гьезухъги урхъун.
Цогидаб рахъалда кодоб миккигун,
ГьитIинав вас вуго, дадахъги чIалгIун.

Ниж, рагъда тIагIарал местIерухъезул,
АхIи бугин дуде, росдал бегавул.
Рагъдасаги руссун рокъор хваразул
Гьари бугин гьанже нижер васазде.

Вай, хирияб росдал сахаб жамагIат,
Ресукълъи бачIунищ, гъурщалищ гьечIел?
Цементищ тIагIараб, салийищ лъугIун,
Лажбарал гьарулеб заводищ къараб?

Дирго рахъалдаса тIаде босула,
Нужер цIарал хъвазе цIидасан гьанже.
Мармар-гьецIоялъул ганчIида бикIун,
БахIарчиял васал ракIалде щвезе!

Акакий ЦЕРЕТЕЛИ

## СуликIо

Гьеб хоб балагьулеб букIана дица,
РекIелъе кIудияб пашманлъи лъугьун.
Диего гIазаб къун, гIодулаан дун:
«Кий мун ялагьилей, дир СуликIо!» - ян.

Магъилъ тIегьан буго гьайбатаб роза,
ТIогьол тIанхал руго тIубанго рагьун.
ТIадагьаб гьороца хьвагIезабидал,
Щубил гарал рортун рачIунел руго.

РакIги тIеркIолаго, ана аскIове:
- Мун СуликIойищ? - ан гьикъана гьелда.
Бицун хIалкIолареб берцинлъиялъул
ТIегьалъ, бетIер къулун, уйин абуна.

ГьотIол гIаркьелалда рещтIун, булбулалъ
АхIулел рукIана хIасратал кучIдул.
ХIайранлъун, гIенеккун вугеб мехалда:
- Мун СуликIойищ? - ан гьикъана гьелда.

КочIохъан-хIанчIица дие жаваб къун,
Бакъан хисизабун, ахIулеб буго:
«Дун йиго, дун йиго дур дой СуликIо!»
Гьулчана рекIелъе кIудияб рохел!

Булбулалъул гьаракь къотIараб мехалъ,
Зодоб баккараб цIва бихьана дида.
Гьелдаги гьикъана: «СуликIойищ?» - ан,
Уйилан гьабуна гьелъ дие жаваб.

Цо хинаб гьороца гьабуна накъит,
Гьелъ дида берцинго бицунеб буго:
- Дихъ гIенекке гьанже, дой дур СуликIо,
Ялагьизе лъугьун, гьабуге гIазаб.

Дуда цадахъ йиго дой дур йокьулей,
Рокьи холарелъул, дой чIаго йиго.
Вохун, аваданго аги дур гIумру
ГIакълу къураб гьури кIочонги тоге.

Хоб балагьизе дун инчIо кивего,
Долда хадув гIодун, гIазабги кьечIо.
Лъоб цIвайихъ валагьун, гьабуна пикру,
Гьенир цадахъ ругин гьанже кIиялго.

Булбулалъул кочIол гьаркьихъ гIенеккун,
Дой дида кIалъалей йигилан ккола.
Доб розаялъул махI сунтIизе уна,
Доба нижер дандчIвай букIанин ккола.

ЦIияб дунялалда цIакъ лъикI вуго дун,
ЦIидасан дандчIвана дун йокьулейгун.
ХIеренлъи, берцинлъи, цебего гIадин,
Сайигъат гьабула СуликIоца дий.

Вардагес БАБАЯН

## Чохъ магIу

Берцинаб, беричаб чу букIинчIо гьеб,
Маргьадулъ гIадинаб букIинчIо гIумру.
ГIазулъан, хIаргщулъан гIарадаги цIан,
ХIалица цебехун бахьана гали.
Рагьда солдатазул къисмат борцунел
Нухазда гьалмагълъун лъугьана гьеб чу.
Гьелда бичIчIулаан солдатазул хIал,
ЖужахIалъул гIазаб баччулеб букIин.
ГIарададул гьугъай гIинда багьиялъ,
ГIинкълъун букIана гьеб, нижеда релълъун.
Рагьда солдатазул къисмат борцунел
Нухазда гьалмагълъун лъугьана гьеб чу.
Рагъул гьудуласе хилиплъичIо гьеб,
Волгаялда гуллил цIад хIехьана гьелъ.
Амма цо гьитIинаб гIурул рагIалда
ГIарадагун цадахъ щапана ракьде.
Рагьда солдатазул къисмат борцунеб
Нухда къадаралде щвана нижер чу.
Цекьер къараб хIалалъ хIихIидана гьеб,
Къо-лъикI гьабулаго, чвахана магIу.
МугIрузул тIогьазде гIарада цIарал
РутIбузе, бохдузе лъугьана хIалхьи.
Рагьда солдатазул къисмат борцунеб
Нухда бала гьелъий лъикIаб памятник!

*Таржама гьабуна*
*Рамазан АБУЛМУСЛИМОВАС.*

# КъанагIатал ва къиматал баянал

## Шамилил шигIрияб гьунар букIин лъана

Дир архивалда руго «Шамилил цо-цо рагъазулъ магIарул хвалчабазул паркъи» абураб тIехьалъул магIарул мацIалда кIигониги батIияб таржамаялъул квералъ хъварал текстал.

Гьезул цоялда Гендерил къварилъухъ Шамил шагьидлъичIого ворчIиялъул бицунеб бакIалда батула сивул гордухъа къватIиве кIанцIилелде гьес хвалчен къватIибе бахъанин, рачелги лъелги гIодоб лъунин, гъуждул гуранин, чухъил кунчIби рачлихъе рахъанин ва гьалмагъзабаздехун вуссун гьал рагIаби абунин:

Гьаб бихьулеб гIакъуба къадеквенлъун течIони,
Къурайшиязул сайид кинго разилъиладай?!
Капурзабазда цеве махх-чаранлъун чIечIони,
Аллагьасул гьазияс Кавсар лъим гьекъеладай?!

Гьаб рехсараб байт гуребги, цоги байт батана таржамаялда. АхIулгохIдаса Чачаналде индал: «ГIодоблъиялда ругел чачаназ гьев (Шамил) жидехъего ахIулев вукIана. Амма шоботдерие гьев жидехъго хутIизе бокьун букIана. Макрухиянат бугел чагIи ругин гьеб гIодоблъиялъул гIадамалилан какулел рукIана. Ахирги гIодоблъиялъул чачаназул вакилзабаз Шамилида абуна: «Дуца нижер бихьиназул гьари къабул гьабичIони, гьанже нижер руччаби рачIине руго, мун цадахъ вачун гурони нахъруссинарилан чIезе», - ян.

Жиндихъ гIинтIамулев чиго щвеларилан, хьулкъотIиялда вукIарав имамасул бадиса магIу гирана. Гьадинаб мутIигIлъи кIудияб нигIмат бугилан, Аллагьасе рецц гьабуна. Хадуб гьалмагъзабазе гьал шигIриял рагIаби рикIкIана:

Меседил цIад байги гьаб Кавказалде,
Капурзабаздаса жибги бацIцIалъун!
ЦIадлъун чабах байги хьанчил къавмалде,
Исламалъул байрахъ жеги борхалъун!

ГьанжелъагIан дидагоги дандчIван рукIинчIел гьел кочIол мухъаз хIикмалъизавидал, дица халгьабуна гIурус мацIалда ругел текстазда гьел рехсон ругищали.

ТIоцебе халгьабуна гIемерал мухIканал баяналгун гIалимчи-тарихчи Тимур Айтберовас гIараб мацIалдаса буссинабун, 1990 соналда басмаялда бахъараб Къарахъа МухIамадтIагьирил тIехьалъул тIоцебесеб бутIаялда бугелъухъ. Гьениб батана гьадин хъван (гIурус мацIалдаса магIарулалде дица буссинабуна):

«Шамил хIинкъун вукIана тIохда ругел картIазухъан солдатаз муридазде тIаде цIа рехилилан ва тункIихер къвагьилилан. Гьединлъидал гьес гьезие амру гьабуна гьениса къватIире кIанцIейилан, амма гьел кIанцIичIо. Гьеб мехалъ Шамилица хвалчен лъалиниса къватIибе бахъана, рачелгун цадахъ лъел гIодобе рехана, гъуждул гурана, (чухъил) кунчIби рачлихъ къазаруна ва нуцIихъа къватIиве кIанцIана. НуцIил хеналда тункун чалмагун цадахъ гьесул тIагъур бортана».

Бихьулеб букIахъе, гьеб байталъул бицен гьениб гьечIо.

Гьелъул хIакъалъулъ бицун гьечIо, Хизри Ильясовас хIадур гьабун, гьебго 1990 соналда Дагъучпедгизалъ гIурус мацIалда бахъараб «Лъабго имам» абураб тIехьалдаги. Гьайгьай, гьеб рехсон букIине рес гьечIо, «Лъабго имам» тIехьалдаса Адалло ГIалиевас таржама гьабун «Юпитер» издательствоялъ 1994 соналда къватIибе биччараб «Дагъистаналъул хвалчабазул паркъи» абураб тIехьалдаги. ГьазимухIамадидаго хадув Шамил нуцIихъа къватIиве кIанцIиялъул хIакъалъулъ дагьаб хисизабун хъван буго гьениб:

«Жинда хадур къватIире кIанцIеян абуна Шамилица сиялда жанир хутIарал муридзабазда. Гьанжесаги гьезул къватIире рахъине гьира ккечIо. Гьеб мехалъ Шамил цохIо живго лъугьана хIадурлъизе. Цин чухъаялъул квенчIелалги рачлихъ къазарун, къвалал гурана гьес, цинги къан хъатикь хвалченги ккун, кIанцIун ана къватIиве. Хучдузул чIагояб къедалда тIасан воржун унаго, нахъасан къабун бачIараб хъундагъалъ тIагъурги ана гьесдаса бортизабун».

Ахирги, талихIалъ, тIаде ккана имам Шамилица



рахьдал мацIалда гьабураб цо кочIол хIакъалъулъ мунагьал чураяв ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадица хъван букIаралде.

Гьес хъваралда рекъон, гьеб букIун буго имам ГьазимухIамадица Таргъуялда гьабураб гьазаваталда гIахьаллъизе рес ккечIев гIолохъанав Шамилица, гьенир шагьидлъарал бахIарчиял муридзабазул цIаралги рехсон, гьабураб кечI. «Гьалъул кIудиял гIалимзабаз гьарурал копиялги нахъе руго, - ян хъвалеб буго НурмухIамадил МухIамадица. - Дихъе щвараззул цояб букIана ГIаймакиса кIудияв гIалимчи, 1946 соналда хвarav ГIабдулхаликъов МухIамадица (гьесда Карииматил МухIамадилан абулаан) хъвараб. Цойги копия буго машгьурав кIудияв гIалимчи, дир устар, нижер росулъа МухIамадов Пахрудинил хатIалъ хъвараб (Пахрудин хвана 1971 соналда). Лъабабилеб буго СалтIаса кIудияв гIалимчи, дир заманалда вукIарав, 1948 соналда хварав ГIамадал ГIалихIажиясул квералъ хъвараб. Гьеб кечIалъ нугIлъи гьабула магIарул мацIалда кечI гьабизе Шамилил махщел букIиналъе».

«Балагьани батулин» абураб кици ритIухълъун, имамас къалмикье босун букIараб гьеб кечI-марсият Генуса МухIамаднаби Ибрагьимовасул «АхIулгохIда ахираб хоб» абураб тIехьалда батана.

Гьеб марсияталъе гьадинаб баян буго МухIамаднаби Ибрагьимовасул тIехьалда:

«Пикру ккана живго цадахъ гьечIеб заманалда гьазизабаз гьарурал рагъазул ва МуртазагIалиги гьалмагъзабиги шагьидлъиялъул МалахIусенида бицинабизе. ГIайшатицаги Жавгьаратицаги квен хIадуриналде МалахIусеницаги Юсупицаги мухIканго бицана кинабго лъугьа-бахъараб. Шамил цIакъ рекIекълъун вукIана живго имамгун цадахъ Агъачхъалаялде ун вукIинчIевлъиялдаса. Гьеница унаго, гьев ГьазимухIамадихъе ваккана ва имамасулгун гьоркьоблъи битIизабуна.

Таргъуялда ккараб лъугьа-бахъиналъул асаралда гьоркь вукIарав Шамилица хадуб гьабуна гьадинаб марсиятги:

ГIенекке, гIадамал, хабар бицинин
Хвалчадул балада би бетаразул.
Халгьабун бихьея, бицен гьабизин
Аллагьасул нухда рухI бичаразул.
Алжаналъул рохел жидей бицарал,
ХIабибасул хьибил жидеца ккурал
АсхIабзаби гIадал гьазизабазул –
ГьазимухIамадил гьалмагъзабазул.
Бахчараб дин-ислам загьир гьабизе
ГьазимухIамадий кврбакъун чIарал,
Капурав, пасикъав къине гьавизе
Къан хъатикь хунжрулгун сардал рорчIарал,
Иман, ислам босун, росабалъе ун,
Лъаларелщиназда лъазе гьабурал,
ГIазизаб гIумру тун, лазатаб квен тун,
Рачарал лъудби тун, эбел-эмен тун,
Бичасул дин босун сапар бухьарал,
Иманалъул бутIа кIудияб щварал.
КIудиял гьунарал квердасан лъльварав,
Кивехун аниги, мурад тIубарав,
Капурал гъуризе жив хIакъав гьалбацI
ГIалисултан тарав гьоб Таргъуялда.
ГIакълуги камилав, иман тIубарав,
Камилал пишаби черхалъ гьарурав,
Капурал гъуриялъ гъуждул свакарав,
ШаргIалъулги хIуби, хIакъав багьадур
ХIусенги вихьарав гьова Азайнув.
ШаргI гьабуларесе ГIалил Зульфукъар,
Диналъул рахъалъе бахъараб хвалчен,
ТIагъутил боялда бадиб къараб заз,
ТIекъаб бицарасе хIакъаб аздагьо,
ХIинкъиго лъалареб чарамалъул ракI,
Тавбашалда тарав МуртазагIали.
ЛъикIаб гьариялъе гIезего гIечIев,
Аллагьасул нухда черх жинца къурав,
ШаргIалъул умурал чорхолъ росарав,
БуцIалабго гIамал жиндир рекъарав,
Гьумер битIун вагъун гьаза тIубарав,
ХIожоги таравин гьоб Таргъуялда.
Дин бокьуларесе Аллагьасул нарт,
ШаргI бичIчIуларесе чарамалъул къартI,
Жив гIадав бахIарчи цIакъ къанагIатав
Алдамиласулав Исисуялда.
Диналъул рахъалъе свакайго гьечIев,
Бечед рехсеялъе сасинго гьечIев,
Жив гIадав эбелалъ лъимер гьабичIев,
Капурзабаздаса мугъ байго гьечIев
ГIабасги вегарав гьоб Таргъуялда.
ШаригIат цIунарав, тIарикъат ккурав,
Аллагьасе тIагIат бацIцIад гьабурав,
Атлибуналъул моцIролъ вагъарав
Зульфукъарги тарав пуланал гохIалъ.
РагIиги гьуинав, гIамал берцинав,
ГIодоса тIадего шаригIат ккурав,
ТIехьалда батухъе гьаза гьабурав
ГIаштиласул ГIали гьова рохьазда.
ГамачIалъегIанги хIинкъиго гьечIев,
ХIинкъараб бакIалда жив маххул хIуби,
РухI цIалеб мехалъги гьорлъе жуварав
Дов Инусил Гьази гьоб талаялда.
ЖамагIаталъулъе камиго гьечIев,
Капур чиясдаса беркъайго гьечIев,
Бусурбанчиясда щинбахъин гьечIев,
Росдал агьлуялъе чамасдакил гьветI,
ГIусманги вукъарав Бавтугъаялда.
ХIинкъиго лъаларев хIакъав итаркIо,
Чохьол эбелалъе чорхол чIаголъи,
ГIолохъабазулги беразул канлъи,
Сачмаялъ тIутIурав ШагIбанил Ражаб.
Капурлъи бихьидал данде вортулев,
ГIурусазул рагъде цIакъ гьира балев,
Киве вортаниги, мацIалда кколев,
ГIадал Билилавги гьова Азайнив.
Гьардарал, дахIалал эменгун васал
Капурзаби гьурун гьаза гьабурал.
ТIокIалъги дахIалав васасул эмен
Мисри хвалчен бахьун гьорлъе жуварав.
Нуж гIадал бахIарзал ракьалде индал,
Устар хIайран вуго, хIалай чи дагьлъун,
Квешавщинав чорок чIухIун вугилан,
Кумекалъе гIадан дагьлъун вугилан.
Гьал тушбабазулгун нижер рагъ ккедал,
Устар хIарбуялде хIадурлъун чIедал,
ХIамул гIурусазде ниж къачIадидал,
Воре, хIалай рачIа, хIадурал бацIал.
Я гьаб дунялалда нуж хвананиги,
Хобалазда жанир чIаго ругелъул,
Пасикъаб къавмалде къасд нижер ккедал,
Нижей кумек гьабе, ва гьазизаби!
Гьаб турки гьабурав гIасияв пакъир
Нужергун гьалмагълъи кIочон толарев,
Аман, гьазизаби, воре, шапагIат…

*ХIадур гьабуна*
*МухIамадкамил ГЬИМАТОВАС.*

## Понедельник, 20 ноября

**РОССИЯ 1**

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.40 Т/с «Морозова». (16+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 «Арт-клуб» 0+
08:25 Х/ф «Свадьба моего мужа» 16+
10:05 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Город со смыслом» 16+
10:35 Д/ф «Гаджиевцы» 12+
11:00 Х/ф «Во всем виновата Залина» 12+
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:00 Документальный проект «История русской еды» 4 с. 12+
14:50 Передача на цахурском языке 12+
15:30 Т/с «Жена офицера» 5 с.
16:50 Д/с «Легенды кино» 19 с.
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть».
18:45 Передача на табасаранском языке «Мил»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Полный газ» 12+
21:05 «Удивительные горцы» 0+
21:25 «Такой Расул» 0+
21:45 «Это Кавказ» Д/ф «Мифы о Кавказе» 3 с.
22:10 «Служа Родине» 12+
23:00 Время новостей. Махачкала

## Вторник, 21 ноября

**РОССИЯ 1**

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.40 Т/с «Морозова». (16+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 08:30 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Жена офицера» 5 с. 12+
09:40 «Удивительные горцы» 0+
10:00 «Человек и право»
11:10 «Подробности» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 19 с.
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть»
13:45 «Полный газ» 0+
13:55 Д/ф «Наука Шерлока Холмса» 4 с. «Попробуй опознай» 12+
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
15:30 Т/с «Жена офицера» 6 с.
16:50 Д/с «Легенды кино» 20 с. 12+
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть. 13 способов ненавидеть» 20 с. 16+
18:45 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Дагестан без ДТП»
20:35 «Время есть!» 0+
21:10 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
23:00 Время новостей. Махачкала

## Среда, 22 ноября

**РОССИЯ 1**

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.40 Т/с «Морозова». (16+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 08:30 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Жена офицера» 7 с. 12+
09:40 «Колёса» 12+
10:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 20 с.
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть» 20 с. 16+
13:50 «Дагестан без ДТП»
14:10 «Служа Родине» 12+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
15:30 Т/с «Жена офицера» 7 с.
16:50 «Время есть!» 0+
17:25 «Из-за кино» 12+
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть» 21 с. 16+
18:45 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Сделано в Дагестане»
21:30 «Городская среда»
22:00 «Опять футбол» 12+
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Аутодафе» 12+

## Четверг, 23 ноября

**РОССИЯ 1**

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.40 Т/с «Морозова». (16+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 08:30 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Жена офицера» 7 с.
09:40 «Городская среда»
10:10 «Аутодафе» 12+
10:50 «Здоровье» 12+
11:45 «Опять футбол» 12+
12:10 «Сделано в Дагестане»
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть» 21 с. 16+
13:45 «Дагестан туристический» 0+
14:00 Д/ф «Жизнь замечательных идей. Секреты живой клетки» 1 с.
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
15:30 Т/с «Жена офицера» 8 с.
16:50 «Блин.ком. Некоторые любят погорячее»
17:20 «Время говорить молодым» 12+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть» 22 с. 16+
18:45 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
19:55 «За скобками» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 «Культурный код» 0+
21:00 Д/ф «Позывной «Спартак»
21:55 «Психологическая азбука» 12+

## Пятница, 24 ноября

**РОССИЯ 1**

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Прямой эфир». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.15 «Вести». Местное время.
21.30 «Ну-ка, все вместе!» Финал. (12+).
00.25 «Шоу Большой Страны». (12+).
01.30 Т/с «Тайны следствия». (16+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Жена офицера» 8 с.
09:40 «За скобками» 12+
09:45 «Первая студия» 12+
10:15 «Молодежный дрифт»
10:50 «Блин.ком. Некоторые любят погорячее»
11:20 «Культурный код» 0+
11:40 Д/ф «Позывной «Спартак» 16+
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть» 22 с. 16+
13:45 Проект «По Волге на жигулях» 0+
14:00 Д/ф «Жизнь замечательных идей. Секреты живой клетки» 3 с.
14:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
15:30 «Время говорить молодым» 12+
16:05 «Психологическая азбука» 12+
16:50 Х/ф «Роковое наследство» 1,2 с.с. 12+
18:25 «Арт-клуб» 0+
18:45 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+

## Суббота, 25 ноября

**РОССИЯ 1**

05.00 «Утро России». Суббота.
08.00 «Вести». Местное время.
08.20 Местное время. Суббота.
08.35 «По секрету всему свету».
09.00 «Формула еды». (12+).
09.25 «Пятеро на одного».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «В кругу друзей».
12.50 «Доктор Мясников». (12+).
14.00 «Вести».
14.50 «Юморина». (16+).
17.00 «Вести».
17.50 «Привет, Андрей!» (12+).
20.00 «Вести».
21.00 Х/ф «Жилищный вопрос». (16+).
00.35 Х/ф «Нарисованное счастье». (12+).
04.05 Х/ф «Улыбнись, когда плачут звезды». (16+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 08:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 «Время спорта» 12+
09:20 Х/ф «Роковое наследство» 1,2 с.с. 12+
11:00 «Подробности» 12+
11:35 «Мир Вашему дому»
12:05 «Время есть!» 0+
12:45 Концерт памяти Михаила Круга
14:30 «Первые в мире» 12+
14:50 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:30 Д/ф «Жизнь замечательных идей. Секреты живой клетки» 3 с.
16:05 «Арт-клуб» 0+
16:50 Х/ф «Горская новелла»
18:10 Д/ф «Дагестан»
18:45 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Удивительные горцы» 0+
20:25 «Дагестан туристический» 0+
20:45 «Культурный код» 0+
21:00 «Ульяна спросит» 0+
21:50 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Истории с географией» 16+
22:50 Х/ф «С чистого листа»
00:30 Время новостей Дагестана

## Воскресенье, 26 ноября

**РОССИЯ 1**

06.10 Х/ф «Время собирать». (12+).
08.00 Местное время. Воскресенье.
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09.25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «Большие перемены».
12.50 Х/ф «Без вины виноватая». (12+).
16.55 «Песни от всей души». (12+).
18.00 «Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица».
19.00 «Песни от всей души». (12+).
20.00 «Вести недели».
22.00 «Москва. Кремль. Путин».
22.40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.30 Х/ф «Время собирать». (12+).

**ДАГЕСТАН**

07:00, 08:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Х/ф «С чистого листа»
10:30 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Истории с географией» 16+
10:55 «Время есть!» 0+
11:25 «Ульяна спросит» 0+
12:15 «Дагестан туристический» 0+
12:30 Детские новости 0+
12:45 «Арт-клуб» 0+
13:05 «Культурный код» 0+
13:25 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:35 «Первые в мире» 12+
14:50 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:30 Х/ф «Миллионер» 16+
17:20 Д/ф «Обыкновенное чудо академика Зильбера» 12+
18:10 «Точка зрения» 12+
18:30 Детские новости 0+
18:45 Передача на агульском языке 12+
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Х/ф «Четвертый пассажир» 12+
23:45 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Путешествие в ледниковый период» 16+

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Ихдал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколеблъи нилъеда лъала. Гьединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гьабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метересеб кьоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гьедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**

**"ХIакъикъат" газеталъул багьа буго:**

**Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.**

**ЛъагIалие - 1290,12 гъур.**

## ГІАКЪИЛАБ КАЛАМ

### ГІумруялъул дарсал

**абураб шигІруялдаса**

Воре, чІухІи гІодоб рехе,
ГІадамазул къимат гьабе,
ГІамал гьитІинавлъун вукІа,
Гьалмагъзабазе рухІги кье.

Дулъ гьечІеб рецц гьабунилан
Гьелдаса, воре, вохуге,
Бугеб гІайиб рехсонилан
Вихха-хочунги лъугьунге.

Живго жиндие гІурав чи
ГІадамазе басралъула,
Бохараб гьумер бугесул
Гьалмагъзаби гІемерлъула.

Гьуинаб рагІи бицани,
ГІадамасул ракІ батула,
РакІги кверги гІатІидасул
ГІумру берцинаб букІуна.

КигІан уяб букІаниги,
Мунго дуцаго вецуге,
«Дун», «дие», «дир», «дица» – йийлан,
ЦІекІал рагІаби рицунге.

Халкъалдаса тІадегІанлъи
ТІалаб гьабизе лъугьунге,
Вортани, бохдул унтулеб
Борхалъиялде вахунге.

Бараб ахІулъ яхІ рехуге,
ВиххичІого цо хІал ккун чІа,
ХІамабагьадурлъи гьабун,
Балагьазде данде унге.

Дуда бацизе кІолареб
КІалтІуги рагьуге дуца, –
КІалалъ бичизе кІолареб
ГарацІги бухьунге дуца.

Мун лъаларев чи гурилан
Кутак бихьизе гьабуге,
Бихьилин, рагІилин абун,
ГІадамазе хІинкъи кьоге.

Чияца къанцІцІвилеб хІалалъ
ЦІакьго виччунги вукІунге,
Къокъидго векилеб куцалъ
Квешго вакъванги вукІунге.

ГІадамасул тІадегІанлъи
РагІад гІадаб жойин бугеб, –
Мун вортанагІан лъутулеб,
Мун лъутанагІан бортулеб.

РекІел гьава чІарбида лъе,
Гьагаб гІамал хІатІикь тІаме,
Рецц къварилГІараб напсалда
Босун гъванщилъ бакІаб зар лъе.

Воре, дуца гьалмагъасе
Щибниги зарал гьабуге, –
Зулмуялъ дур гІумруялъул
ГІурхъаби рукІкІинарулеб.

Мазлумасул рекІел унти –
Тушман чІвалеб чІор букІин лъай,
Ятимасул берзул магІу –
Загьру букІин кІочон тоге.

*ЦІадаса ХІАМЗАТ*

## Сканворд



**Рагьарал гьаркьазул хІарпалги лъун, рагІаби лъугьинаре, мухъ бихьизабуралда хадурги ун. Гьел ругел бакІазда хІарпал хъвазе ккола. Масала, тІоцебесеб рагІи - къаламтІар.**

*ГІуцІана Магьди ГІАБДУРАХІМАНОВАС*

**44-абилеб номералда лъураб рагІикьотІалъе жавабал:**

**ГІебеде:** 4. МацІихъан. 6. Зар. 7. Ракь. 9. Хъала. 10. Ахир. 12. Кан. 13. Давуд. 14. Лак. 16. Хазина. 18. Ахихъан. 20. Бал. 22. «Манарша». 23. Адресат. 24. ЦІоб. 26. Тастар. 30. Амалат. 33. Хур. 34. «Оскар». 35. Дон. 36. Дарс. 38. Асар. 40. Пас. 41. Хоб. 42. Синоним.

**ГІодобе:** 1. ГІарада. 2. Гилавка. 3. ЧІарада. 4. Мал. 5. Нах. 6. Зани. 8. Кьили. 9. Хъаз. 11. Рахъ. 12. Карабах. 15. Караван. 17. Норма. 19. Хурум. 20. БацІ. 25. Онколог. 27. Суд. 28. Трап. 29. Россия. 30. Арахис. 31. Адаб. 32. Лор. 37. Рас. 39. Сом.


ХІАКЪИКЪАТ

**БетІерав редактор**
ХІАСАНОВ Темирхан МухІамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухІамадхІабиб МАХІАТІОВ

**Отделал: Информация ва политика**
Редактор:
Ашахан Юсупов
МухІамад Манапов
Рукъият ГІалисултанова

**ГІелмугун лъай кьей**
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
ГІайшат ХІалакъова
ПатІимат МухІамаева

**Адабият ва тарих**
Редактор:
Шамай Хъазанбиева

**РухІияб хазина**
Редактор:
ПатІимат ГьитІинова
ПатІимат СултІанмухІамадова

**Реклама ва подписка**
Редактор:
ГІабаш ГІабашилов

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухІамадкарим ХІамзаев

**ЦІалдолезул кагътал**
Нури Нуриев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018
МахІачхъала,
Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватІибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахІачхъала
Пушкинил къватІ, 6
«ХІАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГІУЦІАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул, бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гІахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**

Газеталъул индекс: 51314
(бащдаб лъагІалие)

Багьа 15 гъурущ

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХІалтІулел чагІи», «БагІарал мугІрул», «МагІарул мискинзаби», «МагІарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагІарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагІараб байрахъ».